



100

KESYON POU AKA



10^{èm} ANE AKA

**100 Kesyon
pou Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)**

Pierre-Michel CHERY

Kòdonatè

Copyright

Depo legal:

ISBN:

Konpilasyon ak rechèch : Pierre Michel Chéry

Konsepsyon grafik ak mizanpaj :

Akademi Kreyòl Ayisyen

Jen 2024

Lis chapit yo

Lis chapit yo.....	4
AVÈTISMAN :.....	5
ENTWODIKSYON	6
SEKSYON 1	12
Kesyon jeneral.....	12
SEKSYON 2	26
Relasyon AKA avèk lòt enstitisyon nan peyi a.....	26
SEKSYON 3	29
Pèsepsyon moun sou lang.....	29
SEKSYON 4	43
Pèsonalite ki make devlopman lang kreyòl la	43
SEKSYON 5	69
Dwa lengwistik ak opòtinite ekonomik	69
SEKSYON 6	89
Deba sou lang kreyòl la	89
Bibliyografi	116
ANÈKS 1	118
Lis akademisyen ki te patisipe nan ranmase enfòmasyon pou pwodui dokiman sa a	118
Benevòl ki te pote kole nan entèvansyon AKA yo nan Pòtoprens ...	118
ANÈKS 2 : Òganigram AKA	122
ANÈKS 3 : Kategori depèdisyon lang nan	114

AVÈTISMAN

Liv sa a pa yon liv teknik. Li plis genyen valè yon temwayaj, ki va pèmèt lektè yo konnen ki kalite kesyon konpatiyòt yo te poze sou lang kreyòl la nan divès rankont popilasyon an te fè avèk Akademisyen yo, soti lane 2016 pou rive 2022. Li rasanble repons dirèk Akademisyen yo te bay nan rankont sa yo. Prensipal objektif liv sa a, se pèmèt lektè yo konnen pou ki sa gen yon Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), ki sa AKA ap regle, ansanm ak sitiyasyon lang kreyòl la nan peyi a.

Liv sa a se yon premye tò. Akademi Kreyòl Ayisyen ap kontinye ranmase kesyon popilasyon an epi pote repons nan lòt tò k ap vini pi devan.

DEDIKAS

Nan memwa Akademisyen Pierre Michel Chéry, ki te konsakre tout lavi li nan batay pou respè dwa lengwistik pèp ayisyen an ak tout lòt dwa li, an jeneral, epi pou pwomosyon ak devlopman lang kreyòl ayisyen an.

ENTWODIKSYON

De mo anvan kozman

Sòti nan ane 2016 pou rive nan ane 2022, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) fè plis pase 133 entèvansyon piblik. Entèvansyon sa yo fèt nan lide pou popilasyon an konnen gen yon enstitisyon Leta ki la pou defann dwa lengwistik majorite popilasyon an. Dwa lengwistik se yon pawòl nouvo ki ap pale nan sosyete a. Ki sa nouvo kategori dwa sa yo ka itil popilasyon an? Kesyon dwa lengwistik la ta gendwa sanble yon pawòl pou bèbèl, paske anpil moun pa santi vyolasyon dwa lengwistik la nan chè yo, tankou lè yon otorite maspinen yon sitwayen anba kout baton. Pifò Ayisyen poko **wè aklè si se yon** enjistis lè se enstitisyon peyi a menm ki ap anpeche pitit peyi a sèvi ak lang li pale a.

Menm si anpil Ayisyen pa “santi” vyolasyon dwa lengwistik yo, konsekans vyolasyon dwa sila yo kite tras yo nan mantal popilasyon an. Konsekans yo vivan nan dezespwa paran ki ap depanse lajan peye lekòl, epi elèv pa ka aprann; elèv ap double klas; elèv pa ka fini lekòl. Konsekans yo vivan nan kantite jenn gason ak jenn fanm, malgre yo pase lekòl, ki pa rive ranmase ase konesans pou yo metrize nouvo zouti teknoloji yo kòm sadwa.

Se tout moun nan sosyete a ki dwe santi yo konsènen nan pwoblèm peyi a. Se tout moun nan sosyete a ki gen enterè respekte dwa lengwistik popilasyon an, paske respè dwa lengwistik yo kreye ouvèti pou tout moun alawonnbadè rete veyatif, pou yo tandè, pou yo konprann, pou yo pa rate mesaj yo voye pou yo. Si tout moun ap pale ak entansyon pou lòt moun konprann sa yo vle di, tout moun ap santi yo gen mo pa yo pou yo mete nan zafè peyi a; yo ap konnen yo gen koutmen pa yo pou yo bay ; yo ap konnen gen lòt moun ki ap tann refleksyon pa yo tou, pou peyi a ka avanse. Men, lè lang sèvi

baryè nan sosyete a, se tout moun ki peye konsekans lan, ni moun ki mete baryè yo, ni moun ki ap souffri paske yo pa ka janbe baryè yo. Se tout peyi a ki foure tèt li nan yon geto, se tout peyi a ki ap travèse move tan.

Se gravite pwoblèm sa a ki fè AKA tabli yon kanpay kominikasyon ak sansibilizasyon nan tout peyi a. Akademisyen yo, anplwaye Akademi an, ak lòt konpatiyòt ki konprann pwoblèm nan, wè nesosite pou yo pran baton peleren yo pou yo mache rankontre popilasyon an, itilize radyo ak televizyon pou yo pale ak li. Anplis, yo òganize konferans deba, kozri ak espozisyon liv.

Nan liv sa a, *100 Kesyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen*, lektè yo va jwenn tout lide AKA te twoke avèk popilasyon an nan divès echanj li te fè yo. AKA vle pou pawòl sa yo ale pi lwen, pou yo touche plis moun. Se sa ki fè AKA ranmase tout kesyon elèv yo, etidyan yo, tout kesyon lòt moun nan popilasyon an te poze yo, li analize yo, li retravay yo ankò anndan Akademi an pou pawòl sa yo ka pi klè.

Kesyon patisipan yo pèmèt AKA wè sa ki pi enterese popilasyon an. Men tou, li pèmèt Akademi an wè koze dwa lengwistik yo poko reprezante yon kesyon enpòtan pou sosyete a. Liv *100 Kesyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen* an ap pèmèt patisipan yo kontinye brase lide pou sosyete a rive nan yon pwen kote tout Ayisyen ka pale youn ak lòt san restriksyon, nan lang manman yo.

Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an ap di tout Akademisyen yo, tout anplwaye AKA yo, tout benevòl yo, tout patisipan yo, ki te reponn prezan sou teren an nan entèvansyon sa yo, MÈSI ANPIL!

Remèsiman espesyal pou komite revizyon an e pou Akademisyen ki te patisipe swa nan chwazi kesyon yo, oswa nan travay sou repons

yo, oswa nan chache dokiman, oswa nan revizyon dokiman final la.
Men lis la, nan lòd alfabetik :

- Serge Bellegarde
- Jean Grégory Calixte
- Pierre Michel Chéry
- Rogéda Dorcé Dorcil
- Rachelle Doucet
- Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)
- Pauris Jean-Baptiste
- Samuel Jean-Baptiste
- Marie Rodny Laurent Estéus
- Féquière Vilsaint

Pierre-Michel Chéry, Kòdonatè Liv *100 Kesyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen*

Travay la bèl, travay la long, pwoblèm yo anpil, men youn jou, bato a va rive !

Orijin

Atik 213 Konstitisyon 1987 la prevwa pou Leta kreye yon akademi pou kore devlopman lang kreyòl la. Se nan lane 2011, soti 26 pou rive 29 oktòb, plis pase ven (20) lane apre adopsyon konstitisyon an, Inivèsite Leta Ayiti te pran inisyativ òganize yon kòlòk entènasyonal nan lide pou aplike atik 213 Konstitisyon an. Kòlòk la te mobilize divès espesyalis nan edikasyon, sosyoloji, antwopoloji, lengwistik, sikoloji, elatriye. Kat (4) jou kòlòk la te dewoule sou tèm “*Akademi Kreyòl Ayisyen : Ki pwoblèm ? Ki avantaj ? Ki defi ? Ki avni ?*” Kòlòk sa a te rive mete tout moun dakò sou wòl, òganizasyon ak fonksyonman Akademi an ta dwe genyen. Yon rezilta enpòtan kòlòk la, se te desizyon pou mete yon komite kanpe pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen. Komite sa a te gen ladann reprezantan divès enstitisyon, prive kou piblik, e li te travay pandan prèske 4 an pou jete baz AKA.

Yon etap enpòtan pou konkretize atik 213 Konstitisyon an, se *Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen* an. Sena Repiblik la te vote li jou 10 desanm 2012 la. Kat mwa apre, Chanm Depite a te vote li tou, nan dat 23 avril 2013. Yon lane apre, nan dat 7 avril 2014, *Lwa kreyasyon Akademi Kreyol Ayisyen* an te pibliye nan jounal ofisyèl Repiblik Ayiti, *Le Moniteur*, nimewo 65.

Apre piblikasyon ofisyèl la, Komite pou tabli AKA a pa te pran tan pou li mete yon lòt estrikti kanpe pou seleksyone premye manm Akademi Kreyòl Ayisyen yo sou pwopozisyon yon latriye enstitisyon ki te toujou ap travay pou yo bay lang natifnatal la jarèt. Se konsa, nan dat 4 desanm 2014, nan yon seremoni ofisyèl ki te rasanble divès pèsonalite politik, literè, entèlèktyèl ak diplomat, Komite pou tabli Akademi an mete ak Inivèsite Leta a, te enstale 33 premye manm Akademi Kreyòl Ayisyen an.

Misyon

Akademi Kreyòl Ayisyen se pi gwo otorite leta ayisyen nan tout sa ki gen pou wè ak lang kreyòl ayisyen an, an Ayiti kou aletranje. Pami misyon *Lwa Kreyasyon* an bay AKA, nan atik 11 ak 12, nou kapab site:

-Travay pou enstitisyon Leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl;

-Ankouraje travay sou devlopman zouti tankou gramè, diksyonè, leksik nan tout domèn;

-Fè envantè epi ankouraje tout moun ki ap travay sou lang kreyòl ak espesyalis nan tout domèn ki ap pwodui nan lang kreyòl la.

Bon lekti!

SEKSYON 1

Kesyon jeneral

K01: Ki sa Akademi Kreyòl Ayisyen ye?

Akademi Kreyòl Ayisyen se yon enstitisyon Leta endepandan Konstitisyon 1987 la kreye pou devlope lang kreyòl la nan peyi a. Lang kreyòl la se lang tout popilasyon an. Men gen yon pousantay, ki pa depase 10% Ayisyen, ki pale franse tou. Nan zafè kominikasyon aloral tankou alekri, nou kapab konstate Leta, Lekòl ak Lajistis peyi a ta plis vle sèvi minorite 10% an, pase pou li ta sèvi tout popilasyon an. Se yon dezekilib moun pa dwe asepte. Se yon dezekilib ak yon gwo enjistis ki pa egziste nan prèske okenn lòt peyi sou latè. Se akòz dezekilib sa a elaboratè Konstitisyon 1987 la yo te wè se yon nesosite pou peyi a gen yon enstitisyon ki ap okipe kesyon devlopman lang kreyòl ayisyen an ak defans dwa lengwistik pèp ayisyen an nan peyi a.

K 02: Depi ki dat Akademi an egziste?

Sou papye, Akademi Kreyòl Ayisyen kreye ofisyèlman depi 7 avril 2014 (referans: *Le Moniteur N° 65*).

Men, entalasyon premye akademisyen yo te fèt 4 desanm 2014. Lè nou gade nan listwa, an 1947, Charles Fernand Pressoir ak Jean Price-Mars te fè yon tantativ pou kreye yon akademi kreyòl. (referans: *Haïti Journal 10 fevriye 1947*, nan Hoffmann, Leon-François, 1990, HAÏTI : Couleurs, croyances, créole, paj 259).

Men kèk dat enpòtan ki vin debouche sou kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen :

- i. 29 mas 1987, vòt konstitisyon 1987 la;
- ii. 26-29 oktòb 2008, *Kòlòk sou lang kreyòl: Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni ?* Rezilta kòlòk la vin debouche sou kreyasyon Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen;
- iii. 10 desanm 2012, vòt Lwa Kreyasyon Akademi Ayisyen nan Sena a;
- iv. 23 avril 2013, vòt Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen nan Chanm Depite yo;
- v. 7 avril 2014, piblikasyon Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) nan jounal *Le Moniteur* (# 65).
- vi. 4 desanm 2014, enstalasyon 33 premye Akademisyen yo.

K 03: Konbyen manm AKA genyen? Èske yo tout se Ayisyen? Kijan AKA òganize?

Akademi Kreyòl Ayisyen derape avèk 33 manm; an prensip, li ka rive 55 manm.

Lalwa fè AKA egzijans pou manm li yo se Ayisyen. Konstitisyon amande a pèmèt doub sitwayènte, doub nasyonalite. Sa vle di, nou kapab jwenn Akademisyen ayisyen ki gen doub nasyonalite.

Òganizasyon AKA

1. Konsèy Akademisyen

Se pi gwo otorite Akademi Kreyòl Ayisyen : se limenm ki dwe bay oryantasyon pou Akademi an fonksyone kòm sadwa. Se tout Akademisyen yo ki fòme Konsèy Akademisyen an. Lè yo reyini ansanm pou yo travay, yo fòme Asanble Akademi an.

Konsèy Akademisyen an gen pou li:

- 1) defini politik jeneral Akademi an ;

- 2) fè eleksyon pou chwazi sèt(7) manm Konsèy Administrasyon yo ;
- 3) konvoke Konsèy Administrasyon an.

2. Konsèy Administrasyon

Se yon ògàn nan Akademi an ki genyen sèt akademisyen ki soti nan eleksyon ki fèt pami manm Konsèy Akademisyen yo. Li bay oryantasyon estratejik, li apwouve plan aksyon Sekretarya Egzekitif la. Li apwouve bidjè Akademi an. Li pran tout kalite mezi pou li asire bon fonksyònman Akademi an. Konsèy Administrasyon an se yon entèmedyè ant Konsèy Akademisyen an epi Sekretarya Egzekitif la. Li renouvle chak de an.

3. Konsèy Konsiltatif

Se yon lòt ògàn nan Akademi an ki genyen de kalite manm :

- 1) espesyalis ayisyen oswa etranje ki ap travay nan diferan domèn ;
- 2) reprezantan divès rejyon nan peyi a osinon moun ki reprezante divès enstitisyon sosyal.

Konsèy Konsiltatif la bay Konsèy Administrasyon an dizon li sou travay komisyon yo, sou oryantasyon Akademi an ak sou fason Akademi an ap mache.

4. Sekretarya Egzekitif

Se ògàn ekzekitif ki asire jesyon akademi an, an pèmanans.

Se yon Sekretè ekzekitif ki dirije Sekretarya egzekitif la.

5. Komisyon

Pou yo byen ranpli misyon enstitisyon an, akademisyen yo fòme plizyè komisyon travay. Men kèk egzanp:

Komisyon Kominikasyon ak Relasyon Piblik,

Komisyon Syantifik,

Komisyon Edikasyon,

Komisyon Etik;

Komisyon Literati ak Kilti

Komisyon lajenès

Komisyon Finans...

Yon Akademisyen gen dwa manm plizyè komisyon alafwa.

Aktivite AKA

Men lis kèk aktivite AKA mennen:

- Estandadizasyon òtograf kreyòl ayisyen an;
- Preparasyon zouti referans (tankou rezolisyon sou òtograf, gid redaksyon, gramè jeneral, diksyonè jeneral, diksyonè jiridik);
- Pwomosyon lang kreyòl la toupatou ;
- Defans ak pwomosyon dwa lengwistik popilasyon an;
- Travay ak lòt enstitisyon Leta yo pou pèmèt pèp ayisyen an jwenn tout sèvis nan Leta an kreyòl.

K04 : Ki sa AKA te pwojte pou li reyalize lè yo te kreye li ?

Se konstitisyon 1987 la ki te wè nesite pou peyi a genyen yon Akademi ki ap okipe zafè lang kreyòl nan peyi a. Men sa Konstitisyon an di nan atik 213 la : " *Yo mete yon Akademi Ayisyen*

pou li fikse lang kreyòl la e pou li fè li kapab devlope anfòm, annòd epi selon prensip lasyans." Sa konstitisyon an te pwojte, se yon enstitisyon ki pou garanti devlopman lang kreyòl la selon prensip lasyans.

Ki aktivite pi enpòtan AKA deja reyalize? Nan mwa jen 2017, AKA pibliye yon premye rezolisyon sou òtograf kreyòl la. Rezolisyon an te chita sou alfabè kreyòl la. Nan mwa out 2023, AKA pibliye yon dezyèm rezolisyon sou òtograf kreyòl la, ki konplete premye rezolisyon an, epi ki fè divès rekòmandasyon sou òtograf lang la.

Lwa ki kreye Akademi an ba li misyon li ak travay pou li fè. Youn nan travay AKA, se ankouraje pwodiksyon ki ap fèt nan lang kreyòl la. AKA deja reyalize yon konkou repòtaj pou jounalis. Li onore plizyè etidyan, ayisyen kou etranje ki fè memwa yo nan lang kreyòl la. Nan kad misyon li pou li ankouraje moun sèvi ak lang kreyòl la nan kominikasyon piblik, AKA ap travay sou kànva fòmasyon pou anplwaye Leta yo. AKA deja reyalize plizyè kòlòk : youn sou dwa lengwistik timoun nan lekòl, yon dezyèm sou lang kreyòl. AKA ap travay pou li reyalize plizyè diksyonè tèminolojik. Li kòmanse avèk leksik tèminoloji jiridik la apati yon seri atelye li te òganize pandan ane 2017-2018 la, avèk chak kategori aktè nan sistèm jiridik la. Nan kad pwomosyon lang kreyòl la, AKA ap miltipliye vizit nan tout peyi a pou li ka rankontre moun nan divès kominote yo epi pou li sansiblize yo sou kesyon lang kreyòl la. AKA pou kont li pa ka ranpli misyon li, si popilasyon an pa mete men avèk li.

K05: Èske Akademi Kreyòl Ayisyen ap travay pou li pote nouvote nan lang kreyòl la?

Lang se yon reyalite vivan ki chita sou transfòmasyon. Pa gen lang ki janm rete san li pa evolye. Travay AKA se fè rechèch sou fenomèn nouvo ki ap antre nan lang nan. Nouvote sa yo gen dwa

parèt sou plizyè fòm: nouvo mo, nouvo fòm pale, nouvo pwononsyasyon, eks. Apre sa, AKA ap pase nan lòt sektè yo : edikasyon, administrasyon, syans, eks... Apre sa, li pral travay sou yon gramè jeneral lang kreyòl ayisyen.

K06 : Èske li pa ta bon pou nou desantralize AKA?

Syèj sosyal Akademi an chita Pòtoprens. Men, AKA ap travay pou li kreye lòt Biwo nan dis (10) departman peyi a selon mwayen li ak bezwen li.

K 07: Ki jan Akademi an jere ekilib li nan mitan 2 lang ofisyèl peyi a?

Akademi Kreyòl Ayisyen fè chwa pou li sèvi ak lang kreyòl la sèlman kòm lang travay, ni nan fonksyonman entèn li, ni nan fonksyonman ekstèn li. Sa pa vle di AKA bloke sou lang kreyòl. AKA deja rive nan sitiyasyon pou li kominike avèk patnè etranje nan dezyèm lang ofisyèl peyi a, paske enstitisyon sa yo pa gen konpetans ki pou pèmèt yo konprann dokiman kreyòl Akademi an voye ba yo. Konsa tou, si Akademi an bezwen fè lòt enstitisyon entènasyonal konnen travay AKA ap fè nan peyi a, AKA ap itilize lang ki pi apwopriye a pou li fè enstitisyon sa yo jwenn enfòmasyon AKA vle fè pase a. Pa egzanp, si sitiyasyon an mande pou AKA ekri sa li bezwen an nan lang mandaren, AKA ap pran dispozisyon pou sa.

K 08: Kòman AKA pral travay pou li sansibilize Leta, pou li sansibilize pwofesè yo ki ap di elèv yo pale kreyòl twòp?

Lasyans (nan domèn lengwistik, didaktik, pedagogjik, siko-pedagogjik) di moun aprann pi byen nan lang manman yo. Sou plan pedagogjik, yo wè lekòl yo bay pi bon rezilta lè yo fè ansèyman nan lang elèv yo pale lakay yo. Sepandan, toujou gen gwo responsab nan

edikasyon peyi a (minis ak direktè nan MENFP, direktè lekòl, pwofesè), ki pa vle rekonèt verite syantifik sa yo ki nan tout literati syantifik nan domèn lengwistik ak syans edikasyon depi nan ane 1950 yo¹.

Akademi Kreyòl Ayisyen deja siyen yon pwotokòl akò avèk Minisè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) sou fason pou yo fè lang kreyòl la antre nan sistèm edikatif la. Men, se yon ti jefò tou piti, ki poko ka bay rezilta. Nanpwen yon responsab nan sistèm edikasyon an ki pa gen enfòmasyon sa yo. Sepandan, chanjman mantalite a difisil lè responsab sa yo ap viv avèk konviksyon lang franse a bay elèv yo plis chans nan lavi a. Responsab yo pa evalye ki pri sosyete a peye pou elèv ki ap kite lekòl, ki ap double klas, epi ki echwe nan bakaloreya: 65% elèv te echwe nan ekzamen bakaloreya pou ane 2017 la!

Travay AKA oblije fè se multipliyè kontak avèk popilasyon an, epi sensibilize responsab yo pou yo chanje pèsepsyon yo genyen sou lang nan peyi a. Ansyen Prezidan Akademi an, Pauris Jean-Baptiste te renmen di:

“Labitid se vis. Lè yon moun devlope move pèsepsyon sou lang li pale a, sa ap pran tan anvan moun nan chanje lide. Men, ti pa ti pa, moun nan ka korije move pèsepsyon li. Sa mande anpil pasyans.”
AKA konnen sa.

¹ UNESCO, *The use of vernacular languages in education, Monographs on Fundamental Education, VIII*, Paris, UNESCO, 1953

K 09: Kreyòl se lang ofisyèl peyi a. Men, depi nan twazyèm segondè, nou pa janm tande yo mansyone kou kreyòl ankò. Ki dispozisyon AKA pral pran ki pou korije sitiyasyon sa a?

Lekòl ayisyen an gen 3 sik fondamantal epi yon sik Nouvo Segondè. Yo anseye lang kreyòl nan tout nivo yo. Se vre pa te gen matyè kreyòl nan pwogram ansyen klas twazyèm segondè a pou rive nan klas filo, men nan pwogram nouvo segondè a, ki anvigè jounen jodi a, genyen matyè lang kreyòl depi nan premye ane pou rive jis nan katriyèm ane segondè. Epi elèv yo genyen pou yo pran egzamen kreyòl nan egzamen ofisyèl fen etid segondè leta òganize nan finisman katriyèm ane a.

K 10: Èske Leta ap patisipe nan travay AKA ap fè a?

Jan nou te deja di li nan youn nan premye kesyon yo, se atik 213 Konstitisyon 1987 la ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen. AKA se yon enstitisyon Leta endepandan. Bidjè Akademi an antre nan bidjè leta ayisyen. Se palman an ki te vote lwa ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an. Se palman an ki vote bidjè Akademi an. Men, palman an pa bay AKA yon bidjè ki ka pèmèt enstitisyon an fè travay pou li fè yo. AKA ap travay pou li ranfòse oswa devlope patenarya avèk tout enstitisyon piblik nan peyi a. Li deja siyen yon pwotokòl akò avèk MENFP, li ta dwe siyen lòt pwotokòl avèk lòt enstitisyon yo. Men, yon pwotokòl akò pa vle di responsab ki nan tèt yon ministè pral dispoze kolabore avèk Akademi Kreyòl Ayisyen. Li va fè sa sèlman si li wè nesite pou lang kreyòl la jwenn plas li dwe genyen nan administrasyon piblik la e toupatou nan peyi a.

K 11: Èske se avèk dokiman AKA prepare yo, li espere fè chanjman sa yo?

AKA pa kapab fè chanjman pou kont li nan kesyon lang yo nan peyi a. AKA genyen pou li prepare nòm yo epi patisipe nan devlopman sèten zouti teknik pou moun ka itilize lang kreyòl la kòrèkteman.

Men, se tout sektè nan lavi nasyonal peyi a ki gen gwo travay pwodiksyon nan men yo. Youn nan misyon AKA se ankouraje pwodiksyon tout kalite materyèl popilasyon an bezwen pou lang kreyòl la ka jwenn plas li merite nan lavi peyi nou. Chak biwo Leta genyen obligasyon pou li mete dokiman piblik li yo ansanm ak dokiman entèn li yo nan de (2) lang ofisyèl peyi a.

K 12: Ki objektif AKA bay tèt li epi ki delè li mete pou li reyalize yo?

AKA gen plizyè misyon:

1) Pledwaye, ki vle di, fè lang kreyòl la jwenn plas li, tout bon, kòm lang ofisyèl nan peyi a, epi pou li jwe wòl li kòm sadwa nan sosyete a. Sa vle di, (pa egzanp) pou tout sèvis nan administrasyon piblik la ale jwenn popilasyon an nan lang kreyòl. Sa vle di, pou elèv ayisyen yo ranmase konesans nan lang yo, nan tout nivo nan eskolarite yo. Sa vle di tou, se pou tout sa Leta ap fè, kit se aloral, kit se alekri, pou li fè yo nan lang kreyòl la kòm lang ofisyèl. AKA ka bay tèt li delè pou li fè aktivite li pwograme, tankou kòlòk, atelye travay sou yon aspè nan lang nan, eksetera.

2) Kreyasyon zouti teknik pou estandadizasyon lang nan (pa egzanp devlopman ak piblikasyon gramè, diksyonè, rezolisyon sou òtograf, gid redaksyon...).

3) Aplikasyon yon politik lengwistik nan edikasyon (pa egzanp evalyasyon materyèl edikatif yo ap itilize nan sistèm edikasyon an, eksetera.) Tout aktivite sa yo ka antre nan yon kalandriye ki koresponn ak bidjè Leta mete disponib pou Akademi an. Men, AKA pa kapab fikse delè, ni bay tèt li yon dat pou di apati tèt dat, men ki chanjman pozitif nou ap konstate nan pèsepsyon sèten kategori moun nan sosyete a genyen sou lang kreyòl. Travay AKA ap fè nan sosyete a dwe pèmèt nou wè yon chanjman pozitif nan zafè lang

kreyòl nan sosyete a. Men, malgre chanjman pozitif sa a, se pou popilasyon an, ki wè avantaj ki gen nan lang kreyòl la, pote kole ; se pou li montre detèminasyon li pou chanjman an, dekwa pou jefò AKA ap fè yo pa pèdi.

K 13 : Ki rezilta AKA ap tann nan kozri sa yo, li ap fè nan lekòl yo pou mwa kreyòl la ?

Gen anpil rezistans nan sosyete a pou avansman lang kreyòl la. Kòm lespri jèn yo pi ouvè sou inovasyon ak chanjman, lè AKA deside pale ak jèn yo, li sèten yon jou, peyi a ap genyen yon jenerasyon jenn gason ak jenn fanm ki p ap rete bloke sou prejije ki genyen nan sosyete a sou lang kreyòl. Chanjman yo va pi fasil, lè pifò moun konprann nesosite pou chanjman yo fèt. Jounen jodi a, presyon prejije yo twò fò pou chanjman yo ta rive fèt san difikilte. Men, se pou AKA rapousib misyon li. Moun sila yo, ki wè nesosite pou chanjman an, dwe mete men avèk AKA. Se konsa nou kapab prepare yon bon denmen pou peyi a.

K 14 : Èske lang ofisyèl peyi a pa ta dwe kreyòl sèlman ?

An nou travay pou nou bay kreyòl la plas li dwe genyen nan tout espas nan lavi nasyonan la anvan nou chwazi fè li tounen sèl lang ofisyèl peyi a. Annatandan, peyi a gen 2 lang ofisyèl nan Konstitisyon 1987 la.

K 15: Èske AKA kòmanse tradui liv syantifik yo an kreyòl?

Travay sa a depase misyon Akademi an. Epi AKA pa t ap gen mwayen pou li ta anbake anba yon travay konsa. AKA ap ankouraje epi sipòte pwofesyonèl ak save ayisyen yo pou yo koumanse pwodui dokiman syantifik nan lang kreyòl la.

K 16: Èske AKA pral envante lòt mo kreyòl osnon li ap pran yo jan yo ye a nan lang franse a?

Demach pou ajoute nouvo mo nan yon lang se yon demach syantifik ki gen pwòp metòd ak dinamik pa li. Gen yon branch nan lengwistik ki rele “tèminoloji” ki okipe koze kreye mo nan yon lang. Travay kreye mo a se djòb tèminològ yo, espesyalis ki etidye tèminoloji. Nenpòt moun pa ka deside pou li ajoute yon mo nan lang kreyòl la. Gen anpil chans pou tantativ la tounen yon echèk. AKA ap ankouraje inivèsite peyi a ouvè espesyalizasyon nan domèn tèminoloji pou peyi a ka gen kalite espesyalis sa yo. Lang kreyòl ayisyen an ap tann konpetans sa yo. Pafwa, sitiyasyon pèp la ap viv oswa yon evènman konn fè pèp la kreye pwòp mo li pou li batize yon reyalyte. Nou jwenn ka sa yo nan mo alamòd tankou goudougoudou, dechouke, dechoukè, dechoukay, zenglendo, abolotcho, bwakale, atèplat, elatriye. Men, mo yo konn vin pa alamòd ankò apre yon tan, egzanp: koyo, makoklen, kenedi... Lè sa a, popilasyon an fè mo a antre nan lang nan avèk sans li bay nouvo mo a. Konn gen mo ki te deja egziste, ki t ap dòmi, pèp la reveye yo ak yon nouvo sans, egzanp “chawa” ki pèdi sans li te genyen nan lane 1980 yo, ki vin gen sans “plezi san limit”.

K 17: Nan domèn jiridik, konpetans yo disponib, ki sa AKA ap fè pou li ta jwenn yo nan men Leta?

Kesyon sa a mande pou sistèm jidisyè a ta pèmèt kèk nan anplwaye li yo deplase al travay pou AKA pandan yon tan. AKA ka pote pwoblèm nan devan OMRH (*Office de Management des Ressources Humaines/ Biwo Jesyon Resous Imèn Leta*) pou li wè ki mekanis ki genyen nan Fonksyon Piblik la ki kapab pèmèt AKA benefisyè konpetans yon kad ki deja anplwaye nan Leta a, san sa pa nwi enterè anplwaye a.

K 18: Èske AKA gen yon plan ki byen defini? Ki wòl jenès la nan plan sa a?

Lwa ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an bay AKA misyon li. AKA ap travay pou li fòmalize sa apati yon dokiman Akademisyen yo elabore ki rele Plan Estratejik AKA. Nan kesyon lang, se Plan Estratejik la ki pral di ki entèvansyon AKA genyen pou li fè pandan plizyè ane. Entèvansyon sa yo pral fèt nan kad politik piblik Leta, nan sa ki gen rapò avèk lang. Sa vle di, AKA pa ka pran inisyativ fè aksyon, lè entèvansyon AKA vle fè a pa antre nan vizyon gouvènman ki sou pouvwa a. Sepandan, sa pa anpeche AKA avanse sou sèten chantye ki obligatwa pou li. Men kèk nan chantye entèvansyon Akademi Kreyòl Ayisyen:

1. *Fè Leta pran dispozisyon pou li respekte dwa lengwistik popilasyon an. Dispozisyon sa yo baze sou lang fonksyonè Leta yo itilize pou yo kominike ak popilasyon an, kit se aloral, kit se alekri.*
2. *Fè fòmasyon nan lang kreyòl la pou anplwaye Leta ki pa te aprann ekri kreyòl lekòl, oswa ki gen lakin nan ekriti lang la.*
3. *Ranfòse prezans lang kreyòl la nan tout nivo aprantisaj nan sistèm edikasyon an, kòm premye lang ansèyman.*
4. *Devlope zouti lengwistik popilasyon an bezwen pou li konpetan nan fason li ap itilize lang.*
5. *Evalye materyèl didaktik ki ap sèvi nan sistèm edikasyon peyi a. Sa vle di, rete atantif pou materyèl yo ka respekte nivo kreyòl estanda a.*
6. *Ranfòse konpetans pwofesè yo pou yo ka anseye an kreyòl.*

7. *Devlope kritè evalyasyon pou pwofesè ki ap fè kou nan lang kreyòl yo.*

Sou kesyon patisipasyon jèn yo, AKA te chwazi travay sou tèms “Jèn yo, an nou pale lang nou tout kote san baboukèt”. Sa vle di, AKA konte sou jèn yo kòm nouvo jenerasyon ki pa viv tout prejije ak brimad ansyen jenerasyon yo te viv yo. Sa vle di, travay pou fè lang kreyòl la avanse nan sosyete a ap pi fasil, lè se yon kòwòt jèn ki ap pote li anndan sosyete a. AKA krewe yon “Komisyon lajenès” ki gen pou li travay ak sektè jèn nan popilasyon an. Komisyon sa a reskonsab pou li fè pwomosyon lang ak kilti kreyòl la espesyalman bò kote jèn yo. Li ankouraje jèn yo pou yo pote kontribisyon yo nan evolisyon ak devlopman lang kreyòl la. Li gen responsablite tou pou li oryante jèn yo nan chwa filyè pwofesyonèl ki pou kore devlopman lang kreyòl la.

K 19: Ki sa Akademi Kreyòl Ayisyen ap genyen pou li fè, lejou pa ta gen baryè pou lang kreyòl ankò nan peyi a?

An nou sipoze prejije kont lang kreyòl la ta bese nan yon nivo, kote li pa ta sèvi baryè nan okenn sikonstans nan lavi moun ki ap viv nan peyi a ankò. Jou peyi a va rive la, sa vle di, AKA te fè travay li nan domèn reprezantasyon ak pèsèpsyon moun sou lang nan peyi a. Men, pèsèpsyon moun nan sosyete a p ap chanje si, nan lapratik, yo pa wè zouti AKA ap pwodui pou devlopman lang kreyòl la, zouti teknik tankou: diksyonè jeneral, diksyonè teknik, gramè, kànva fòmasyon nan lang kreyòl, kànva evalyasyon konpetans nan lang kreyòl, eksetera. Se yo ki pral pèmèt sosyete a kraze baryè prejije lengwistik li yo pi vit. Men, apre sa, AKA pral pwodui nouvo zouti pou yon sosyete ki ap transfòmè, epi ki pral bezwen lòt zouti lengwistik ak tèminolojik ki pou koresponn ak chanjman ki pral fèt nan sosyete a. Epitou, AKA ap kontinye patisipe nan oryantasyon

tout sa ki konsènen lang nan peyi a ; ap toujou gen nesesite pou AKA kontinye fè obsèvasyon epi jwe wòl lidè li nan pwosesis devlopman lang kreyòl la. Nou pa dwe janm bliye sa : Yon lang pa rete ap patinen sou plas. Li toujou ap chanje selon evolisyon sosyete ki ap itilize li a. Si nou pran fòm kreyòl moun te pale nan epòk Desalin ak kreyòl nou pale jodi a, nou ap wè gen anpil chanjman.

SEKSYON 2

Relasyon AKA avèk lòt enstitisyon nan peyi a

K 20 : Ki relasyon AKA genyen avèk FLA ?

FLA se Fakilte Lengwistik Aplike. FLA se enstitisyon fòmasyon ki ap prepare pwofesyonèl peyi a bezwen nan lengwistik ak lòt branch nan syans langaj. AKA se Akademi Kreyòl Ayisyen. Misyon AKA se defann lang kreyòl la epi fè pwomosyon pou lang nan.

AKA genyen pou li fè Leta pran yon seri desizyon politik pou avansman lang kreyòl la. Nan rapò AKA avèk FLA, AKA genyen pou li fè FLA konnen ki kalite konpetans nan syans langaj Akademi an bezwen pou li ta fòme resous sa yo. Konsa, travay FLA pa ka depaman avèk travay AKA. Youn dwe bay lòt jarèt. Se AKA ki ap oryante desizyon politik sou lang kreyòl la. Se FLA ki ta dwe pèmèt AKA jwenn pwofesyonèl ki pou ede AKA fè desizyon politik yo ateri sou plan teknik. AKA ak FLA se de (2) enstitisyon Leta ki dwe travay pou Ayiti.

K 21: Yo esplike nou leson yo an kreyòl, liv yo ekri an franse, nou pral konpoze an franse. Ki sa MENFP ap fè pou li korije sityasyon sa a ?

Kesyon sa a plis konsène Ministè Edikasyon peyi a, men nou ap bay opinyon nou sou li. MENFP ap genyen pou li konstate sa ki ap fèt la pa ka kontinye konsa. Sa vle di, se pou MENFP travay pou ansèyman ki ap fèt an kreyòl nan sal klas yo, fèt nan kondisyon pou aprantisaj la reyisi. Sa vle di, se pou mèt yo gen fòmasyon ki pèmèt yo pale yon kreyòl klè pou elèv ayisyen yo konprann yo. Se pou materyèl elèv yo ap itilize yo reprezante pwolonjman sa mèt yo ak pwofesè yo ap di oswa fè nan sal klas la. Se pou ni Leta, ni reskonsab lekòl yo evalye elèv yo nan lang ki pi adapte a, kidonk lang

anseyman ak aprantisaj la. Kesyon sa yo ijan, MENFP pa ka neglije aspè sa a, ni nan fòmasyon anseyan yo, ni nan fòmasyon elèv ayisyen yo.

K 22: Manm AKA yo toujou di yo pa kont lang franse. Ki pwopozisyon AKA ta fè MENFP pou elèv ayisyen yo ka aprann lang franse a pi byen?

Nan pwen moun ki nan sistèm edikasyon an ki pa konnen sa nou pral di la a. Sepandan, anpil gwo reskonsab edikasyon nan peyi a ap viv nan laperèz pou Ayiti pa pèdi lang franse a. Annou annik repete pwopozisyon divès espesyalis nan domèn nan deja prezante bay MENFP. Men kèk nan pwopozisyon yo:

1. *Devlope filozofi sa a : lang kreyòl la pa yon eskalye pou moun monte ale nan franse. Elèv yo pa vini lekòl la tankou yon panyen vid pou pwofesè vide franse.*
2. *Pran dispozisyon pou lekòl fondamantal yo anseye franse tankou yon lang etranje.*
3. *Kreye yon filyè espesyalize “franse lang etranje “ nan sant fòmasyon mèt yo oswa nan fakilte syans edikasyon yo.*
4. *Kreye kondisyon pou se anseyan ki gen sètifika nan “ ansèyman franse lang etranje “ ki pou ap anseye franse nan lekòl yo.*
5. *Montre elèv yo pale lang franse a anvan yo aprann ekri li. Gen metòd pou ansèyman lang etranje.*
6. *Rechapante pwogram lekòl yo pou elèv yo ka pi abil nan pwodiksyon alekri nan lang franse a.*

7. *Travay pou lekti tounen yon aktivite nòmal pou elèv yo.*
8. *Retire presyon ki oblije elèv yo aprann lòt matyè yo nan lang fransè menm si yo poko pare.*

SEKSYON 3

Pèsepsyon moun sou lang

K 23 : Franse rele lang yo “fransè”, Italyen rele lang yo “italyen”. Pou ki sa nou pa rele lang nou “ayisyen”, pou ki sa se “kreyòl” nou rele li ?

Gen yon gwoup ayisyen ki ap mande pou yo rele lang Ayisyen pale a : “ayisyen” - olye pou yo rele li “kreyòl” oswa “kreyòl ayisyen”. Nou jwenn kèk entèlektyèl ki ale nan menm sans lan tou. Li ta bon pou nou analize ki rezon entèlektyèl sa yo bay, ki fè yo ap mande pou yo chanje non lang Ayisyen pale a. Gen yon atik ki ranmase pifò agiman nou abitye tande ki ap soutni revandikasyon sa a. Atik la sòti anba plim Pierre Jorès Merat nan jounal *Le Nouvelliste*, nan dat 26 fevriye 2013² la. Men kèk agiman otè a devlope nan atik la :

1. *Sa nou bezwen kounye a, se yon batay pou nou fè lang ayisyen an egziste pou kont li, pou li vin sou menm pye "parite" avèk lang tankou ris, fenlandè, fransè³;*
2. *Moun ki ap rele lang nan : kreyòl, se moun ki toujou nan lojik pèvèsyon 18^e syèk la ki te vle fè tout sa ki pa ewopeyen pase pou bagay enferyè ; etikèt kreyòl la se yon etikèt dezonoran⁴*

² Merat Pierre Jorès, *Haïti et le créole : un débat faux et pervers*, <https://lenouvelliste.com/article/113682/haïti-et-le-creole-un-debat-faux-et-pervers>

³ *Ce qu'il faut aujourd'hui c'est tout simplement un combat pour la singularisation de la langue haïtienne autrement dit lui garantir la parité avec le russe, le finlandais ou le français*

⁴ *Ceux qui continuent à taxer la langue haïtienne de créole sont profondément ancrés dans ces logiques perverses du XVIIIe siècle qui*

3. *Makòday ki genyen nan mitan lang yon nasyon ak nasyon an se yon makòday sere, menm si pa gen anpil eta nasyon ki gen chans envante pwòp lang yo.*

An nou eseye reflechi sou agiman sa yo. Èske chanje non lang kreyòl la ap fè li vin gen menm imaj avèk yon lang tankou ris, fenlandè oswa fransè ? Se sèten rele lang nan “ ayisyen ” ap flate ògèy anpil Ayisyen, men, ki enpak sa ap genyen pou popilasyon an, ki ap viv nan mitan yon pakèt enstitisyon, ki pa respekte dwa lengwistik li ? Èske sa ap fè enstitisyon sa yo chanje atitud ? Nou pa kwè sa. Batay lang nan se pa yon batay lang pou lang, se yon batay pou respè dwa lengwistik popilasyon an. Devlopman lang kreyòl la, prestij lang kreyòl la mache men nan men ak respè dwa lengwistik popilasyon an. Se rezon ideyolojik ak laperèz san nesosite, ki bloke devlopman lang kreyòl la nan sosyete a. Chanje non lang nan ka bay sèten gwoup ayisyen ilizyon pa gen pwoblèm lang nan peyi a ankò, poutan prejije yo ak baryè kont lang popilasyon an, lang kreyòl, toujou la, tennfas.

Agiman mo kreyòl la se yon mo dezonoran an, se youn nan agiman patizan "chanjman non" yo itilize anpil kont non “kreyòl” la. Men, mo yo pa egziste nan yon espas anlè anlè, san koneksyon ak reyalite a, epi okenn moun pa gen dwa manyen yo. Mo yo pran tout sans yo nan pratik sosyal yo. Si yon kominote ki ap pratike lang li pa mete okenn sans negatif sou youn oswa plizyè mo, se zafè yon lòt kominote si li pran menm mo sa yo nan yon sans ki diferan, oswa li ba yo yon sans oswa yon valè ki depaman pou yon lòt kominote. Men yon egzanp mo kreyòl ki gen valè pozitif nan yon kominote epi ki negatif nan yon lòt kominote :

infériorisaient tout ce qui n'est pas européen... enlever l'étiquette infâme de créole

- nèg: pozitif pou Ayisyen, negatif pou tout lòt pèp nan Amerik la.

San antre nan twòp detay, nou kapab di, an jeneral, lang kreyòl yo se lang yon kominote moun ki te viv nan yon sistèm kolonyal. Makònay ki egziste nan mitan lang nan ak nasyon an kòmanse depi nan moman yon kominote ap demake tèt li anfas yon lòt kominote. Demakay la fèt apati diferans lengwistik, ki pèmèt yon kominote kòmanse pran konsyans li pa menm ak kominote moun (kolon blan) ki ap pale franse yo. Epi, pou li montre li pa pale menm jan ak kolon an, li asepte non “kreyòl” la pou lang li pale a, lang moun tè a. Sa vle di, non “kreyòl” la makonnen ak demakasyon yon pati moun nan popilasyon koloni an ap devlope anfas kolon yo. Se pa chanje non lang nan ki pote makònay la. Makònay non “kreyòl” la egziste depi nan moman demakasyon an ap fèt la. Pawòl ki di : "*kreyòl pale, kreyòl konprann*" nan, se endikasyon yon seri diferans ki egziste nan mitan de (2) kominote ki pa pral menm kote, ki pa te gen menm desten...

Misyon Akademi Kreyòl Ayisyen se travay pou li respekte dwa lengwistik popilasyon an, dekwa pou lang kreyòl ayisyen an rive jwe wòl li dwe jwe nan kèlkeswa espas la, nan lavi popilasyon ayisyen an.

Se pa AKA ki te decide rele lang nan “Kreyòl”. Chanje non lang nan pa antre nan misyon AKA.

K 24: Èske se paske nou te vle kopye sou “*Académie Française*” ki fè nou te kreye AKA ?

Se pa Akademisyen yo, ni okenn gouvènman ki deside kreye Akademi Kreyòl Ayisyen. Epi, AKA pa gen anyen pou li wè avèk “*Académie Française* “. Se Konstitisyon 1987 la ki mande pou gen yon Akademi ki pou okipe kesyon lang kreyòl la nan peyi a (Atik 213). Gen rezon ki fè otè konstitisyon 1987 la te mete sou papye yon enstitisyon ki pou okipe lang kreyòl la.

Premye rezon : pwa lang kreyòl la nan sosyete a, 100% (san pou san) Ayisyen pale kreyòl. Malgre sa, an 1987, lang kreyòl la pa te yon lang ofisyèl. Malgre Konstitisyon 1987 la mande sa, lang kreyòl la poko gen estati yon lang ofisyèl, paske pifò kominikasyon alekri nan Leta pa fèt nan lang kreyòl.

Dezyèm rezon : pou lang kreyòl la tounen yon lang ofisyèl, tout bon nan lapratik, sa mande pou Leta pran yon seri mezi ki bay sitwayen yo zouti yo bezwen pou yo sèvi ak lang nan kòm lang ofisyèl. Zouti sa yo se estandizasyon òtograf lang nan, se gramè, se diksyonè, epi se akonpayman aktè yo bezwen pou yo sèvi ak lang nan nan kominikasyon alekri.

K 25 : Ki konsèy AKA ta bay yon moun ki vle kòmanse ekri kreyòl ?

Se yon obligasyon pou yon moun, ki vle aprann ekri kreyòl, pou li metrize gramè ak òtograf lang kreyòl la. Yon moun ki vle ekri kreyòl, dwe konnen kilè se kreyòl li ap ekri, kilè se yon lòt lang li ap ekri. Nou di sa, paske tout moun ki pale kreyòl deja gen gramè lang kreyòl la nan tèt yo. Men, si yon moun pa te janm aprann gramè lang kreyòl la, li ka pa konnen kilè li ap boukante regleman ki nan yon lòt lang ak regleman ki nan lang kreyòl la.

Premye konsèy AKA ta bay yon moun ki vle ekri kreyòl se travay pou li metrize regleman lang nan.

Dezyèm konsèy la se lekti. Moun ki pran abitud li anpil liv kreyòl ap aprann fonksyònman lang nan, nan gade kouman lòt moun itilize lang nan alekri.

Twazyèm konsèy la se pwodui tout kalite dokiman nan lang kreyòl la. Tank yon moun ap pwodui nan lang nan, se tank li ap vin maton ladan li. Moun pa bezwen pè kòmanse ekri. Se nan fòje fè, moun vin fòjewon.

K 26 : Ki konsèy nou ka bay yon Ayisyen ki ap evolye nan yon sosyete ki bay lang franse a plis enpòtans pase lang kreyòl la ?

Anpil moun nan sosyete a, sitou lè yo nan lelit peyi a, yo bay lang franse a plis enpòtans pase lang kreyòl la. Se yon reyalyte. Men, reyalyte sa a pa nòmal, paske li vle di Leta a ak sosyete a pa respekte dwa lengwistik majorite moun nan popilasyon an. Lè nou konnen se apenn 10% Ayisyen ki pale epi ki konprann franse, sa vle di yo ap vyole dwa 90% moun nan popilasyon an. Sa a pa nòmal. Chak grenn moun pa ka korije pwoblèm nan pou kont li. Men, sa pa vle di pou chak Ayisyen al chache ranfòse dezekilib la. Solisyon debalansman ki genyen nan mitan 2 lang ofisyèl peyi a, se fè lang kreyòl la jwe wòl lang ofisyèl li tout bon nan peyi a.

K 27: Si yon moun vle entegre AKA, nan ki nivo li kapab antre?

Men divès nivo yon moun ka entegre AKA.

1. Yon moun ka entegre AKA kòm anplwaye enstitisyon an. Men, sa mande pou AKA gen yon pòs ki vid, epi pou moun

nan prezante pi bon pwofil AKA bezwen pou pòs la.

2. Konsèy Konsiltatif la se yon dezyèm nivo kote yon moun ka entegre AKA. Pou yon moun entegre AKA nan nivo sa a, fòk li se yon espesyalis Akademi an ap chache, epi fòk moun sa a dispoze fè benevola nan travay li ap genyen pou li fè pou AKA.

Yon moun ka entegre Konsèy Konsiltatif la si li se manm yon komite rejyonal ki konekte avèk Akademi an. Chak fwa delegasyon Akademi an deplase, li toujou fè jefò pou li monte yon komite rejyonal.

3. Yon lòt nivo yon moun ka entegre AKA, se kòm akademisyen. Pou yon moun vin akademisyen, fòk li ranpli yon seri kondisyon sou nasyonalite (fòk li se Ayisyen), sou laj (fòk li gen omwens 40 an), epi, se pou li pote prèv li se yon moun ki ap fè pwomosyon lang kreyòl la oswa ki ap travay pou pwogrè lang kreyòl la apati pwodiksyon li fè an kreyòl oswa sou lang kreyòl.

K 28 : Ki konsèy AKA ta bay yon moun ki ap devalorize lang kreyòl la?

Lang kreyòl la pa gen nanm, li pa gen kò, li pa gen lespri, li pa gen emosyon. Sa vle di, li pa ka santi anyen mal yo ap di sou li. Si yon moun konprann lè li ap pale lang kreyòl la mal, sa ap touche lang kreyòl la, li nan erè. Lang kreyòl la, tankou nenpòt lòt lang, pa gen pouvwa santi sa yo ap di sou li, ni an byen, ni an mal. Se pa lang kreyòl la ki ap santi jouman yo, se moun ki pale lang kreyòl la ki ap santi yo. Moun ki ap derespekte lang kreyòl la ap pale dirèkteman ak moun ki pale kreyòl yo. Epitou, si se yon Ayisyen, se pwòp tèt pa li, moun nan ap derespekte epi devalorize.

K 29 : Lè yon moun al chèche sèvis nan leta epi li pale kreyòl, pafwa yo pa okipe li. Èske konpòtman sa a akseptab ?

Gen yon mezi Akademi Kreyòl Ayisyen ap mande pou yo pran nan pi wo nivo nan Leta a. Se yon desizyon pou Premye Minis la ta fè yon sikilè pase nan biwo Leta yo pou anplwaye yo pale kreyòl avèk kèlkeswa moun ki vin chache sèvis nan yon biwo Leta oswa nan yon biwo prive. Kesyon meprize moun ki ap pale kreyòl nan biwo Leta oswa nan biwo prive, se yon kesyon ki retounen vin jwenn Akademi Kreyòl Ayisyen chak fwa gen yon delegasyon AKA ki deplase ale rankontre popilasyon an, kit se nan kapital la kit se nan pwovens. Kidonk se yon pwoblèm reyèl ki dwe rezoud.

K 30 : Pou ki rezon gen moun ki meprize lang kreyòl la ?

Se prejije ki fè gen moun ki ap meprize lang kreyòl la. Prejije ki genyen kont lang kreyòl la se manifestasyon mepri sèten moun genyen pou yon kategori moun nan sosyete a. Prejije sa yo la depi sou tan lakoloni. Si nou vle konbat tout kalite vye lide ki ap sikile nan peyi a, se pou nou pran dispozisyon, ak zouti lasyans mete nan men nou, pou nou pa rete bèbè devan moun ki ap bay prejije sa yo valè nan sosyete a. Lang kreyòl la pa ka deside enprime gramè li pou kont li, lang kreyòl la pa ka deside jwenn tout mo syantifik li bezwen yo, lang nan pa ka deside fè diksyonè li pou kont li. Etan popilasyon an ap kreye nouvote nan lang nan, se pou espesyalis ki etidye lang kreyòl la, ekri ni gramè, ni diksyonè, epi se pou yo kreye mo syantifik nan branch yo pou lang yo pale a. Epi, moun ki pale lang nan dwe gen konfyans nan tèt yo pou yo fè lang yo avanse. Se konsa pou nou wete lang nan anba tout kalite kle kou prejije ki ap toufe moun ki pale kreyòl nan sosyete a.

K 31 : Èske se moun nan Nò (Okap) ki pale pi bon kreyòl la ?

Lokitè natif yo, moun ki aprann lang yo natirèlman, kapab gen plizyè fason pou yo pale li. Divès fason sa yo rele varyete. Yon varyete pa gen plis valè pase yon lòt. Varyete yo sòti nan yon rejyon, men, gen lòt faktè, tankou jenerasyon, nivo etid, klas sosyal eks., ki kapab pote varyete nou remake nan lang nan.

Akademi Kreyòl Ayisyen pa antre nan pawòl pi bon kreyòl, pi bèl kreyòl. Lang se yon zouti kominikasyon moun k ap viv nan yon kominote itilize pou yo kominike. Depi nou dakò sou sa, nou ka avanse pou kominike san difikilte nan yon sosyete.

K 32: Ki sa AKA kapab fè pou li valorize lang kreyòl la nan sosyete a?

AKA deja ap fè mobilizasyon pou li chanje pèsèpsyon negatif sèten moun nan sosyete a genyen sou lang kreyòl la. Valorizasyon lang kreyòl la ap sòti nan benefis ki ap vin jwenn popilasyon an lè li gen posiblite pou li itilize lang kreyòl san okenn baryè nan lekòl, nan administrasyon prive kou piblik, nan lajistis, eks. Okenn pèp pa ka devlope, si li kite lang li ak kilti li dèyè. Valorize lang kreyòl la vle di, bay pèp la mwayen, apati bon edikasyon nan lang li, pou se li menm ki pran desten li nan men li, pou li amelyore kondisyon lavi li ak pwòp fòs li.

K 33: Si kreyòl se lang nasyonal an menm tan li se lang ofisyèl, pou ki sa yo pa chante im nasyonal la an kreyòl nan lekòl yo?

Menm si li pa ofisyèl, gen yon vèsyon im nasyonal la an kreyòl. Nou obsève gen lekòl ki fè elèv yo chante de vèsyon yo chak maten. Gen lekòl tou ki fè elèv yo chante yon sèl vèsyon. Li ta itil pou nou chèche konnen ki rekòmandasyon Ministè Edikasyon nasyonal fè sou sa.

Pou listwa, se Remon Moyiz (*Raymond Moïse*) ki te adapte vèsyon franse im nasyonal la an kreyòl. Apre sa, Annsi Dewoz (*Ansy Dérose*) adapte mizik la pou vèsyon kreyòl la.

K 34 : Ki sa ki fè se lang franse a ki prime sou lang kreyòl la ?

Se yon istwa ki long. Depi peyi a te fèt, Leta aplike yon politik lengwistik epi amenajman lengwistik ki bay lang franse a priyorite sou lang kreyòl la.

Se te yon sistèm ideyolojik dominasyon ki baze sou lide moun ki pa blan se ras moun enferyè. Se ideyoloji sa a ki fè yo pa respekte kreyasyon ki pa sanble ak sa Blan an kreye. Apre lendepandans, menm ideyoloji sa a kontinye pwopaje nan sosyete ayisyen an.

Lè yo pran yon timoun depi li tou piti, yo fè li aprann li pa moun, rive yon moman, yo pa bezwen di li, li pa moun; se li menm, pou kont li, ki pral fè lòt moun konnen li pa moun. Si depi sou tan lakoloni, yo te ap fè Nwa yo konprann lang yo pa lang, rive yon moman, pifò Nwa sa yo pral pran nan pyèj la. Men, malgre sa, yon jeneral tankou Desalin te pran pozisyon pou lang kreyòl la. Sou Prezidan Petyon, te gen jeneral Jeren (*Gérin*) ki te mande pou ansèyman fèt an kreyòl nan peyi a. Men, se te pawòl anlè san aksyon konkrè. Nou pral tann jouk nan lane 1930-1940, sou tan Lokipasyon, pou kèk Ayisyen patriyòt, apre Jan Prays Mas (*Jean Price-Mars*), rekoumanse di yo pa gen dwa meprize lang yon pèp nan kondisyon yo ap fè li nan peyi a. Jounen jodi a, AKA ap travay pou li defèt yon travay devalorizasyon moun nwa ki ap fèt nan tèt nou depi nan tan lakoloni.

K 35: AKA ap fè pwomosyon ansèyman an kreyòl. Èske yo ka fè matematik ak lasyans an kreyòl?

Pa gen lang ki gen baryè pou li pale nenpòt koze syantifik. Lang kreyòl la pa gen limit. Limit li, se limit moun ki ap itilize li yo. Si lekòl te aprann nou reflechi nan lang kreyòl, nou pa t ap gen okenn difikilte pou nou di kèlkeswa koze syantifik la nan lang kreyòl. Nan ka pa nou, nou menm Ayisyen kreyolofòn, li obligatwa pou nou aprann disiplin syantifik yo nan lang kreyòl la. Pou ki rezon?

Premye rezon : Se paske moun pa konstwi panse yo nan lang kreyòl la menm jan yo fè li nan lang franse, oswa nan lang angle. Lang kreyòl la fè nou menm Ayisyen kreyolofòn, apiye plis sou yon “ vèb “, oswa “ predika “ kòm kategori mo pou Ayisyen an konstwi panse li. Se pa menm sitiyasyon an nan lang franse a, kote frankofòn natif la apiye sou kategori “ non “ an pou li konstwi panse li. Egzanp : kote lang franse a ap di “ *une coupe de cheveu* “, lang kreyòl la ap di “ *fè tèt, koupe cheve* “.

Dezyèm rezon: Nosyon yo parèt difisil pou nou kapte nan yon lang etranje, sa vle di gen anpil diferans nan fason de (2) lang yo kapte menm reyalye a. Yon lòt egzanp : li ap difisil pou nou tradui yon mo franse tankou “ *effondrement* “ an kreyòl, men si nou pran vèb franse “ *effondrer* “ a, nou ap wè lang kreyòl la gen yon vèb apa pou chak sitiyasyon kote nou chwazi itilize mo “ *effondrer* “ franse a. Egzanp mo kreyòl pou yo di “ *effondrer* “ an kreyòl : “ *tonbe plat atè* “, “ *depafini* “, “ *dekonstonbre* “, “ *degrenngole* “, eks. Nou ka wè se pa nan tout ka “ *effondrer* “ yo, yon egzanp ap ka ranplase yon lòt.

Twazyèm rezon: Pou yon moun metrize matematik, li obligatwa pou li metrize lang li ap aprann matematik la. Rezònman syantifik fèt avèk lojik. Lang kreyòl la gen 4 operatè lojik : “ **AK** “, “ **EPI** “, “ **OSWA** “, “ **OSNON** “ ki pa gen korespondans dirèk

ak operatè lojik “ **ET** “, “ **OU** “, nou jwenn nan lang franse a. Sa vle di, elèv ayisyen an ap gen difikilte nan matematik si lekòl la pa aprann yo konstwi panse lojik yo ak operatè lojik ki nan lang yo.

Men, chak pwofesè pa kapab envante pwòp jagon matematik pa li, oswa pwòp jagon syantifik pa li. AKA dwe travay pou syantifik ayisyen yo konprann nesosite pou yo estandadize diskou syantifik la epi fè li nan tèt ansanm, pou kèlkeswa domèn nan. Sa dwe fèt nan kad yon pwojè nasyonal, ouvè, ki kite plas pou tout moun ki vle pote kole, dekwa pou estandadizasyon an ka pase dous pou tout moun ki nan yon domèn syantifik.

K 36 : Se sèl vodouyizan yo ki pa gen pwoblèm ak lang kreyòl la. Èske AKA pa ta sipoze travay avèk yon gwoup vodouyizan?

Wi, sektè vodou a se youn nan sektè nan lavi nasyonal la ki pa manifeste prejije kont lang kreyòl la. Se nòmal, paske lang kreyòl la plis vodou a se de (2) gwo pilye nan kilti pèp ayisyen an. Men, AKA enterese nan vodou pou plizyè lòt rezon: vodou se yon gwo moso nan eritaj afriken kilti peyi a. Eritaj sa a travèse lang kreyòl la, li fòmate fason Ayisyen konprann lavi a, li ranmase fason Ayisyen wè tèt yo nan inivè a. Vodou a gen pwòp fason pa li pou li kreye pawoli. Tout se fenomèn ki mande pou espesyalis nan kesyon lang yo fè rechèch. Sa mande atansyon Akademisyen yo tou. Vokabilè vodou a gen patikilarite pa li, menm lè se menm mo a nou ap itilize toule jou, egzanp : fason "sèvitè" yo rele manje yo, lè yo ap fè sèvis lwa. Vodou a se rezèv kreyòl estanda a, paske se nan chante vodou yo nou jwenn fòm kreyòl ki pi byen chita yo. Se nivo pèfeksyon nan fòm yo ki pèmèt chante yo, pwovèb yo ak pawòl daki yo travèse tan an pou yo rive jwenn nou jodi a. Vodou a chaje mo, espresyon ak fòm pale, (egzanp pale langaj) ki konekte dirèkteman avèk lang afriken ki antre nan fòmasyon lang kreyòl la. Tank Ayisyen aprann

konnen ki rapò lang kreyòl la genyen avèk vodou, ki rapò vodou genyen ak lang afriken yo, se tank Ayisyen ap metrize dinamik lang kreyòl la pi byen, se tank yo ap konprann tèt yo pi byen tou.

K 37: Èske yo bezwen fè ansèyman an kreyòl pou timoun ki deja konn pale franse lakay yo?

Timoun ki deja konn pale franse lakay yo bezwen aprann kreyòl la, aprann an kreyòl, menm jan ak elèv ki pa konn pale franse lakay yo. Akademi Kreyòl Ayisyen p ap fè pwomosyon lang kreyòl pou lang kreyòl. AKA ap fè pwomosyon pou moun ki pale kreyòl yo nan peyi a pa santi yo gen okenn baryè nan sosyete a. Ayisyen ki ap defann lang franse nan peyi a dwe mande tèt yo, èske se pa tout kalite prejije sa yo sou lang, sou koulè po, sou relijyon, sou kilti ki lakoz youn ap dechire lòt nan peyi a? Ansèyman an kreyòl la fèt pou li pèmèt entegrasyon tout Ayisyen anndan sosyete a. Ansèyman an kreyòl se youn nan eleman ki pou pèmèt transfòmasyon pozitif fèt anndan sosyete a. Si Ayisyen aprann konprann kilti yo ansanm, si yo vle kominike ak lide pou youn konprann lòt tout bon, yo ap wè se lang kreyòl la ki ba yo plis ouvèti. Tou senpman, paske se lang tout moun pale nan sosyete a. Nan zafè ranmase konesans, okenn Ayisyen pa dwe santi lekòl bloke li poutèt li pa rive pale franse.

K 38: Ki rapò moun ki deja konn pale franse kapab genyen ak lang kreyòl la?

Lang kreyòl se pa lang moun ki pale kreyòl sèlman. Lang kreyòl la se lang 100% Ayisyen. Ayisyen sa yo ki pa te aprann kreyòl lekòl oswa ki pa konn ekri kreyòl dwe reyalize se yon gwo twou vid nan fòmasyon yo. Se pou yo rekonèt edikasyon yo te fèt dèyè do kilti yo, se sa ki fè yo pa konnen ni non plant, ni non zwazo ki ap viv nan anviwònman yo. Ayisyen sa yo dwe pwofite moman pwomosyon lang kreyòl la pou yo aprann ekri kreyòl, pwofite moman an pou yo

aprann dekouvri yon pati nan kilti peyi a ki kache nan pwezi, nan woman, nan analiz syantifik ekriyen kreyolofòn yo ap mete deyò sou reyalite peyi a an kreyòl. Se kalite jefò sa yo ki ap pèmèt yo konekte an pwofondè nan sosyete a epi yo ap patisipe pi byen nan kominote kote yo ye a.

K 39 : Franse se lang pwomosyon sosyal nan peyi a. Èske fè pwomosyon lang kreyòl la pa tou kondane Ayisyen ki pale kreyòl sèlman yo pou yo pa janm monte nan sosyete a?

Gen anpil lejann yo ap vann nan sosyete a pou laverite. Anpil nan lide sa yo se eritaj yon sosyete ki soti nan esklavaj, kote moun te konn vann moun kòm esklav. Pitit peyi a dwe desitire tout kalite prejije ak move lide ki ap sèvi baryè pou moun pa avanse nan sosyete a. Akademi Kreyòl Ayisyen ap travay pou tout moun respekte dwa lengwistik majorite popilasyon an. Respè dwa lengwistik la vle pou pèsonn pa soti viktim nan sosyete a akòz lang li pale. AKA pa mande pou yon moun pale kreyòl sèlman. Lè yon moun pale plizyè lang, se yon avantaj li ye pou li. Sepandan, AKA gen obligasyon, nan kad travay li, pou li fè moun sispann minimize Ayisyen nan sosyete a poutèt yo pale kreyòl.

Lejou lang kreyòl la va jwenn vrè plas li nan sosyete a, pwomosyon moun yo anndan peyi a pa pral chita sou prejije ak fo lide. Se konpetans, talan ak jefò yon moun nan kèlkeswa domèn nan ki pral pèmèt li avanse nan sosyete a. Bay moun fòmasyon, devlope talan moun, aprann moun leve defi, se wòl edikasyon nan tout sosyete sou latè.

SEKSYON 4

Pèsonalite ki make devlopman Lang Kreyòl la

Seksyon sa a pral prezante kèk nan premye ekriven oswa espesyalis nan edikasyon ak alfabetizasyon, oswa espesyalis nan lengwistik, ki te travay sou kesyon kreyasyon yon òtograf pou kreyòl ayisyen an. Nan premye tan yo, depi nan lane 1920 yo, edikatè yo te ililize yon sistèm òtograf etimolojik, ki vle di, yon òtograf ki chita sou orijin mo yo. Apati ane 1940 yo, sistèm òtograf fonolojik la vin parèt, sitou pami espesyalis edikasyon popilè ak moun ki ap fè alfabetizasyon. Finalman, depi lane 1979, Leta ayisyen ofisyalize yon sistèm òtograf fonolojik.

K 40: Pou ki rezon se yon sistèm fonolojik Leta chwazi pou òtograf kreyòl ayisyen an?

Chwa òtograf fonolojik Leta ayisyen fè a chita sou prensip chak son gen yon sèl fason pou yo reprezante li alekri. Sa pèmèt yo jwenn yon fòmil ki pi regilye, epi tou ki evite konpleksite ki genyen nan òtograf etimolojik franse a⁵.

Men yon egzanzp ki montre fason Ayisyen te konn ekri kreyòl anvan Leta te adopte yon sistèm òtograf. Egzanp nou pral li la a, se yon modèl “òtograf etimolojik”:

*Gnou mouton tout piti, gnou jou,
T'apé boué d'leau nan la-riviè.
Nan mainm moment, gnou gros bitt loup
Soti nan bois tou, pou li boué.*

Tèks nou sot li pi wo a, se yon ekstrè nou jwenn nan yon fab "*Loup ac mouton*" ki nan yon liv kreyòl Jòj Silven (*Georges Sylvain*) pibliye an 1929⁶. Modèl la montre nou Sylvain ap eseye aplike òtograf mo franse li konnen yo (*mouton, moment, gros, loup, bois*). Men, li bite, lè pou li ekri "dlo" (*d'leau ; franse=de l'eau*), "menm"

⁵ Ce n'est que vers le milieu du vingtième siècle que la conception de l'écriture créole change radicalement, lorsque l'on introduit le principe de l'écriture phonologique. Par opposition à l'écriture étymologique, l'écriture phonologique est fondée sur le principe de la biunivocité : un son = un graphème. En d'autres termes, un même son est toujours représenté par une même lettre (monographe) ou un même groupe de deux lettres (digraphe), et inversement, un graphème renvoie toujours à un seul et même phonème. Ainsi, le phonème [o] est toujours représenté par la lettre < o >, le phonème [õ] est toujours représenté par le digraphe < on >, [u] est toujours noté < ou >.

http://rpn.univ-lorraine.fr/UOH/CREOLE/co/Contenu1_2.html

⁶ <http://creoles.free.fr/Cours/sylvain.htm>

(*mainm ; franse= même*), "yon" (*gnou ; 0 mo franse*). Kalite difikilte sa yo montre nou, menm si pifò mo kreyòl sòti nan fransè, yo pa mo fransè pou sa, paske sistèm lang kreyòl la brase yo nan tout sans, gen nan mo yo li chanje pwononsyasyon yo, pafwa tou, li mare plizyè mo ansanm pou li fè yo fè yon sèl (*de l'eau* ki vin tounen *dlo*), gen lòt mo kreyòl ki gen son yo pa ka ekri an fransè, egzanp : kò **w**, do **w**. Moun ki te vle itilize modèl òtograf franse a pou yo ekri kreyòl la, pa te gen repons pou anpil kesyon. Mete sou sa, òtograf kreyòl la, menm jan ak òtograf franse a, ka gen plizyè fason li ekri yon seri son.


K 41: Ki moun ki te *Ormonde McConnell* (Òmonn Makonèl)?

Ormonde McConnell (Òmonn Makonèl) se te yon pastè pwotestan ilandè ki te pwopoze premye òtograf regilye pou kreyòl ayisyen an, nan lane 1940. *Ormonde H. McConnel* te fèt nan peyi Ilann an 1903, li mouri nan menm peyi a an 1998⁷.

Sistèm òtograf Makonèl la regilye, paske li fè chak son ki gen nan lang kreyòl la koresponn ak yon grafèm. Yon grafèm se yon lèt oswa yon gwoup lèt ki reprezante yon son nan alfabè lang nan.

Men, entèlektyèl ak moun ki nan lelit peyi a te rejte òtograf Makonèl la poutèt li pa te suiv menm prensip ak òtograf franse a, kote yo ka ekri yon sèl son plizyè fason.

⁷ <https://www.irishtimes.com/opinion/rev-h-ormonde-mcconnell-1.153916>, dat konsiltasyon 11 fevriye 2018

K 42: Ki moun ki te *Franck Laubach* (Frank Lobak)?

Franck Charles Laubach (Frank Chal Lobak) se yon misyonè ameriken ki te travay sou òtograf Makonèl la. An 1943, li te fè sèten chanjman nan òtograf Makonèl la. Depi dat sa a, òtograf Lobak la pral tounen òtograf Makonèl-Lobak. Chanjman Lobak te fè yo te chita sou son [ou] “ a Makonèl te ekri “ u “, sou son [ch] a Makonèl te ekri “ sh “, epi sou de

trwa lòt ti chanjman minè.

Lobak fèt 2 septanm 1884 nan vil Brenntonn (Brenton) nan eta Pennsilvani nan peyi Etazini. Li mouri 11 jen 1970. Li te devlope yon metòd pou moun aprann li, ki chita sou prensip “ *youn aprann lòt* “. Metòd la te pèmèt yo alfabetize 60 milyon moun sou latè⁸.

K 43: Ki sa entèlektyèl peyi a ak moun ki nan lelit la te repwoche òtograf Makonèl-Lobak la ?

Anvan *Suzanne Comhaire-Sylvain* (Sizàn Komè-Silven), pifò entèlektyèl ayisyen te konprann lang kreyòl la se yon lang franse defòme. Òtograf Makonèl-Lobak la pral demontre lang kreyòl la pa gen menm sistèm son ak lang franse a. Gen son nan lang franse a moun pa jwenn nan kreyòl, se konsa tou, gen son nan lang kreyòl la moun pa jwenn nan lang franse a. Yon franse gen difikilte pwononse

⁸ Frank Laubach. (7 novanm 2017). In *Wikipedia, The Free Encyclopedia*. Dat konsiltasyon 04:23, 2 janvyè 2018, sou sit : https://en.wikipedia.org/w/index.php?title=Frank_Laubach&oldid=809180271

son [v̥] /oun/ nan mo tankou : “*ounsi*”.

Men kèk nan repwòch entèlekyèl ak moun lelit epòk la te repwoche sistèm òtograf Makonèl-Lobak la :

1. Se de (2) moun ki pale angle ki vini ak òtograf la, Ayiti se yon peyi franse, li pa ka gen òtograf angle;
2. Òtograf la pa gen son bouch pwenti (“eu”, “u”, “eur”) yon moun tandè lakay Ayisyen lavil;
3. Lèt tankou “k”, “w”, “y” se lèt anglè yo ye, yo ap fè Ayisyen pa ka aprann òtograf franse. “*Finalite “konn li” a se te franse. Nan sikonstans sa a, yo pa dwe pa konsidere lang pèp la plis pase yon pon pou moun ale nan franse*”⁹ ;
4. Moun pa dwe sèvi ak “aksan sikonflèks” pou yo reprezante son nazal yo, sa vle di son ki pase nan nen yo¹⁰ ;
5. Moun al lekòl pou yo aprann pale franse. Òtograf kreyòl la dwe sèvi pou moun aprann franse pi vit.
6. Metòd Makonèl-Lobak la ap rann franse a difisil pou Ayisyen aprann.

⁹ "The ultimate goal of "literacy" was therefore French. Under those circumstances, it is understandable that the vernacular should be considered no more as a bridge to french", **sitasyon nan** : Mark Sebba, *Spelling and Society: The Culture and Politics of Orthography around the World*, Cambridge University Press, Mar 29, 2007 , **dat konsiltasyon** : 2 janvyè 2018.

¹⁰ Haitian Creole. (9 janvyè 2016). *Infogalactic: the planetary knowledge core*. **Dat konsiltasyon** 2 Janvyè 2018 , **adrès entènèt**: https://infogalactic.com/w/index.php?title=Haitian_Creole&oldid=515218.

K 44 : Ki moun ki te *Charles Fernand Pressoir* (Chal Fènan Preswa) ?

Preswa se yon entèlektyèl ayisyen ki te pote drapo kont sistèm ekriti kreyòl Makonèl ak Lobak te pwopoze pou moun ekri kreyòl ayisyen an. Li pral alatèt yon komite 15 moun ki pral fè chanjman nan òtograf Makonèl-Lobak la. Finalman, se pwopozisyon li fè yo ki pral pase kòm òtograf ofisyèl an 1961 anba chapo òtograf Preswa-Foblas.

Si Preswa te anfas Makonèl nan lane 1940 yo nan zafè òtograf la, li pral twouve li anfas *Roland Chassagne* (*Wolan Chasay*) kòm entèlektyèl ki te ap defann lang kreyòl nan lane 1953.

“Il est regrettable qu’emporté par ce que les philosophes appellent l’imagination créatrice, le poète Chassagne écrivit:/ Un certain secteur de la gent intellectuelle haïtienne popularise le créole dans l’enseignement, sous prétexte que les masses se révèlent inaptés à la compréhension du français.../ Malgré le Néant des Pontifes, je continuerai à soutenir avec chaleur ce mouvement au service du peuple. C’est pourquoi je passe mes dimanches à la campagne [pour] former Odette et Marie, qui parleront français avant trois mois. ”

“ Se regretan pou yon powèt tankou Chassagne kite imajinasyon li pote li ale, jan filozòf yo di a. Se sa ki fè li ekri pawòl sa yo : / Yon sèten sektè nan milye entèlektyèl ayisyen an ap popilarize kreyòl nan ansèyman, yo pran pretèks mas pèp la montre li pa gen kapasite pou li konprann franse... / Malgre sa yo ap di, se avèk chalè mwen ap kontinye soutni mouvman sa a [kreyòl la] ki nan avantaj pèp la. Se pou sa mwen al pase dimanch mwen yo nan mitan peyizan yo pou mwen ka fòme Odèt ak Mari, ki pral pale franse anvan twa mwa

Men, malgre Preswa te evolye sou pozisyon li, li te toujou¹¹. konprann li ka fè yon peyizaj ayisyen aprann pale franse apre 3 mwa leson an kreyòl.

K 45: Ki moun ki te *Suzanne Comhaire-Sylvain* (Sizàn Komè Silven) ?



Pou jan *Suzanne Comhaire-Sylvain* (Sizàn Komè-Silven) bouskile yon seri tabou nan sosyete epòk li a, epi, pou chwa ideyolojik li te fè yo, se nòminal pou Ayisyen konsidere Sizàn tankou yon fanm apa. Sizàn fèt 6 novanm 1898 nan Pòtoprens, li mouri 20 jen 1975 sou kontinan afriken an, nan peyi Nijerya. Sizàn se pitit Georges Sylvain (Jòj Silven), yon diplomat, yon entèlektyèl, ki te adapte Fab Lafontèn¹² yo an kreyòl

ayisyen nan yon rekèy ki pote non *Cric Crac* (1901).

Tankou yon moun ki ap fonsè pou kont li, Sizàn se premye fi Ayisyen ki desann bakaloreya li (nan peyi Lafrans), nan laj 26 an. Li te pwovoke yon eskandal nan antouraj lelit li te leve a, poutèt li te asepte pran yon pòs sekretè nan yon biwo Leta (Damyen). Li se

¹¹ Nan: Charles Fernand Pressoir, "Du créole au français: Les Néants du Pontife," *Le Nouvelliste* (4 juin 1954), sitasyon ki parèt nan Collier, G., Fleischmann, U., *A Pepper-pot of Cultures: Aspects of Creolization in the Caribbean*, Matatu (Göttingen), 2003, <https://books.google.ht/books?id=1XxYgE6FXcQC>, **dat konsiltasyon:** 2 janvye 2018

¹² Lafontaine (Lafontèn) se yon ekriven franse ki te konn ekri fab, li te viv nan ane 1621-1695.

premye fi Ayisyen antwopològ¹³, li se premye Ayisyen ki soutni yon tèz doktora (1935).

Men, sa ki enpòtan toujou nan eritaj Sizàn nan, se kontribisyon li pote nan deskripsyon lang kreyòl la.

Nan yon liv li bibliye an 1936¹⁴, li demontre chapant lang kreyòl la plis chita sou lang afriken (fon, ewe) pase sou lang franse a.

Li te gen pasyon pou antwopoloji ak etnografi. Li travay sou kont ayisyen yo, sou sèten gwoup sosyal nan peyi a (peyizan Kenskòf, peyizan Mabyal, elèv lekòl, granmoun nan pòtoprens). Li te etidye gwoup sosyal yo sou divès aspè nan lavi yo : maryaj, plasaj, lanmò, jwèt, kondisyon lavi, eksetera¹⁵

Pasyon li pou kilti pwofon peyi a pral mennen li sou kontinan Afriken an, kote li pral rekonèt tout eritaj afriken ki kontinye ap viv lakay peyizan ayisyen yo. Nou ka wè sa nan liv li a ki rele : “ *Les montagnards de la région de Kenscoff (Rép. d’Haïti): une société Kongo au-delà des mers*¹⁶ “.

Se pou Ayisyen sonje se Sizàn Komè Silven ki rekonekte lang kreyòl ayisyen epi kilti popilè ayisyen an ak matris afriken li. Sa vle di, si Aysiyen di “ *tab la* “ pou pi senp, oswa, ” *kouri vini pran l pote li al remèt* “ pou pi konplèks, se paske lang kreyòl ayisyen an kenbe yon seri eleman ki prezan nan lang afriken yo, espesyalman *fon* ak *ewe*.

¹³ http://www.haiticulture.ch/suzanne_comhaire-sylvain.html, **dat konsiltasyon** 18 janvyè 2018

¹⁴ Le Créole haïtien, morphologie et syntaxe. Wetteren et Port-au-Prince

¹⁵ http://www.potomitan.info/vedrine/suzanne_comhaire.php

¹⁶ Abitan nan mòn Kenskòf, yon sosyete kongo lòt bò lanmè (gade bibliyografi a)

Karyè Sizàn Komè Silven pa piti nonplis, apre tèz doktora li, li pral vin asistan direktè rechèch nan Inivèsite Lonn (Londres) pou Malinowski¹⁷. An 1937, li pral patisipe nan kreyasyon *L'École des Lettres*, ki pral tounen Lekòl Nòminal Siperyè (ENS). An 1941, li te akote Jean Price Mars nan Enstiti Etnoloji mouche te fenk fonde

- a. Li menm ak tout mari li pral patisipe nan eksperyans Mabyal¹⁸ la, akote Alfred Métraux. Nan domèn etnografi ak lengwistik, non Suzanne Comhaire-Sylvain asosye avèk plizyè peyi afriken : Etyopi, Senegal, Togo, Nijerya, Afrik Disid, Zayi, eks.

Anplis, Suzanne Comhaire-Sylvain te manm nan plizyè asosyasyon antwopològ entènasyonal. Li resevwa anpil distenksyon pou kontribisyon li pote nan lengwistik ak nan antwopoloji. Men distenksyon li resevwa¹⁹ : *Prix de langue française de l'Académie française de l'Ecole de Lettres, Grande Médaille de l'Alliance française, Médaille de la Société pour l'encouragement au progrès, Membre à vie de la Société haïtienne d'Histoire et de Géographie.*

¹⁷ Bronisław Malinowski (1884-1942), se yon teyorisyen, yon espesyalis nan antwopoloji sosyal, kouran fonksyonalis

¹⁸ Esperyans Mabyal la se yon pwojè devlopman entegre UNESCO te demare an 1947 nan zòn Mabyal ak Lafon nan Sidès, tou pre Jakmèl., *Journal Le Nouvelliste*, <http://lenouvelliste.com/article/180403/unesco-a-commemore-ses-70-ans-de-cooperation-avec-haiti-a-marbial-et-lafond>, dat piblikasyon 12 desanm 2017, **dat konsiltasyon** 18 janvye 2018

¹⁹ http://www.jasminenarcisse.com/memoire/04_victoire/04_suzanne.html, **dat konsiltasyon** 18 janvye 2018

Sizàn pibliye plis pase 200 tit (liv ak atik). Men kèk nan liv li yo :

1. *Le Créole haïtien, morphologie et syntaxe. Wetteren et Port-au-Prince, 1936.*
2. *Les Contes haïtiens, Origine immédiate et extension. Wetteren et Port-au-Prince, 2 vols, 1937.*
3. *Contes du pays d'Haïti. Port-au-Prince, 1938*
4. *Le Roman de Bouki. Port-au-Prince, 1939.*
5. *Food and Leisure among Congo children in Léopoldville. Cape Town, 1950.*
6. *Femmes de Kinshasa, hier et aujourd'hui. Mouton, Paris, 1968.*
7. *Qui mange avec une femme, contes zaïrois et haïtiens. Ceeba, Bandundu, Zaïre, 1973.*
8. *Jetons nos couteaux, contes des garçonnets de Kinshasa avec parallèles haïtiens, Ceeba, Bandundu, Zaïre, 1974.*
9. *Femmes de Lomé, Ceeba, Bandundu, Zaïre, 1982.*
10. *Les montagnards de la région de Kenscoff (Rép. d'Haïti): une société Kongo au-delà des mers, 1984.*

K 46 : Ki moun ki te Pradel Pompilus (Pradèl Ponpilis)?



Sous: Ile-en-Ile

Pwofesè *Pradel Pompilus* (Pradèl Ponpilis) se youn nan lengwis ayisyen yo pi respekte nan peyi a, tankou aletranje. Rèv Pwofesè Pradèl se pou li ta wè tout Ayisyen konn pale franse san yo pa neglije lang kreyòl la. Pwofesè Ponpilis te patisipe nan gwoup travay (IPN) ki te fè dènnye revizyon sou òtograf kreyòl 1979 la.

Youn nan sousi Pwofesè Ponpilis se te pou òtograf la fè diferans ant mo ak pawòl. Pwofesè Ponpilis te vle pou tout mo nan lang kreyòl la ekri yon sèl fason, menm si chak moun ka pwononse yon fason ki diferan. Egzanp : *jèn vs jenn, prela vs pwela*. Sistèm òtograf kreyòl la chita sou yon prensip ki di : **yon son – yon grafèm**²⁰.

Konsa sistèm nan ouvè, li pèmèt moun ekri pawòl olye pou yo ekri mo. Li difisil pou tout mo nan lang kreyòl la te ekri yon sèl fason, rete pou moun ki ap li sa lòt moun ekri adapte tèt yo ak fason moun ki ekri a konn pale.

Pwofesè Pradèl Ponpilis fèt Akayè nan dat 5 out 1914, li mouri Pòtoprens 27 fevriye 2000. Li konplete yon lisans nan dwa an 1936. An 1945, li jwenn yon bous pou li al etidye literati an Frans (Pari, Sòbòn). Li retounen nan peyi a an 1947. Li rebran pòs li kòm

²⁰ Òtograf 1979 la pa te fè diferans ant lèt ak grafèm. Pou nouvo rezolisyon sou òtograf la, yon grafèm se yon gwoup lèt ki reprezante yon son. Gen grafèm ki gen yon lèt, konsa tou gen lòt ki gen plizyè lèt.

pwofesè fransè, laten ak grèk ansyen. An 1955, li retounen an Frans pou li al fè doktora li nan literati. Li ekri tèz doktora li sou “ *La Langue Française en Haïti* “, an 1961.

Pwofesè Pradel Pompilus te fè yon bout tan kòm Sekretè Leta pou edikasyon an 1950, apre pasaj sa a kòm reskonsab politik nan Leta a, li pase tout tan li nan ansèyman, nan lekòl segondè tankou nan invèsite Leta a.

Men kèk liv Pwofesè Pradel Pompilus pibliye :

1. *Pages de littérature haïtienne, Imprimerie Théodore, Port-au-Prince : 1955*
2. *Lexique créole-français, thèse complémentaire, Université de Paris : 1958*
3. *Contribution à l'étude comparée du français et du créole : phonologie et lexicologie; Éditions Caribéennes, Port-au-Prince: Vol. 1 : 1973*
4. *Contribution à l'étude comparée du français et du créole Morphologie et syntaxe Éditions Caribéennes, Port-au-Prince: Vol. 2 : 1976*
5. *Histoire de la littérature haïtienne illustrée par les textes, (en collab. avec Raphaël Berrou), Éditions Caraïbes, Port-au-Prince, Volumes 1 et 2 : 1975 et Volume 3 : 1977*
6. *La langue française en Haïti, Éditions Fardin, Port-au-Prince :1981*
7. *Manuel d'initiation à l'étude du créole, Éditions Impressions magiques, Port-au-Prince: 1983*
8. *Le problème linguistique haïtien, Éditions Fardin, Port-au-Prince : 1985²¹*

²¹ Pradel Pompilus. (31 oktòb 2017). Wikipédia, l'encyclopédie libre. **dat konsiltasyon:** 2 janvyè 2018, **adrès entènèt:**

K 47 : Ki moun ki te *Félix Morisseau-Leroy* (Feliks Moriso-Lewa)?



Félix Morisseau-Leroy (Feliks Moriso-Lewa), se yon powèt, yon ekriven ki te defann lang kreyòl. Pou zanmi li, li se Moriso. Moriso fèt 13 mas 1912 nan vil Grangozye tou pre Jakmèl, nan depatman Sidès. Li mouri 5 septanm 1998 nan vil Miyami, Etazini. Moriso fè karyè kòm pwofesè literati, jounalis, montè pyès teyat. Li te Direktè jeneral nan Ministè Edikasyon Nasyonal. Moriso travay nan domèn literati ak teyat, nan

plizyè peyi sou kontinan afriken an, espesyalman nan peyi Gana ak nan peyi Senegal.

Pou Moriso, lang kreyòl la, ki se sèl lang abitan (peyizan) yo pale, dwe tounen lang tout pèp ayisyen an. Se ak lang kreyòl la pou Ayisyen sèvi si yo vle tounen yon sèl pèp. Li mete kò li nan batay pou li pouse ekriven ak atis ayisyen ekri nan lang kreyòl la. Men yon ekstrè nan yon atik Moriso te ekri sou pozisyon li pran ak eksperyans li fè nan monte pyès teyat an kreyòl : “ *Pou mwen menm, pa gen diskisyon ankò [sou zafè lang kreyòl la]. Epi, mwen envite jèn ekriven yo pou yo lage kò yo nan kreyasyon olye pou yo ap pèdi tan nan fè diskisyon initil avèk pitit Touden yo, pou yo konnen si yo ap*

http://fr.wikipedia.org/w/index.php?title=Pradel_Pompilus&oldid=142145276

chwazi Izaak (Lafrans), osnon si yo ap chwazi Plasid (Ayiti) “²².

Moriso-Lewa te manm Sosyete Koukouy nan Miyami, kote li te kole zèpòl avèk branch literè òganizasyon an.

Youn nan powèm ki fè moun sonje Moriso, se *Mèsi Papa Desalin*. Moriso te tradui *Antigone*²³ an kreyòl sou non *Wa Kreyon*. Men kèk liv Moriso ekri²⁴ :

1. *Plénitudes pwezi, 1940*
2. *Natif-natal, kont sou fòm pwezi, 1948*
3. *Dyakout, pwezi klasik, 1951,*
4. *Wa Kreyon, Antigòn an Kreyòl, adaptasyon pou Ayiti, 1953 [5]*
5. *Haitiad and Oddities, 1991,*
6. *Les Djons d’Haiti Tomas, (pwezi) 1995.*

Gen yon gwo ri prensipal nan Miyami ki pote non Félix Morisseau-Leroy.

²² "À mon avis, la cause est entendue. Et j'invite les jeunes écrivains à consacrer à la création le temps qu'ils perdent en vaines polémiques avec les derniers fils de Toussaint Louverture... "

Sitasyon ki parèt nan yon ekstrè tèks nan: l'espace de la conscience créole, http://web.archive.org/web/20050305020346/elvir.univ-poitiers.fr/article.php3?id_article=607 , **dat konsiltasyon** : 29 desanm 2017.

²³ Antigòn, se yon pyès teyat klasik yon otè grèk ki rele Sophocle (Sofòk) te ekri, 4 syèk anvan Jezikri.

²⁴ https://en.wikipedia.org/wiki/F%C3%A9lix_Morisseau-Leroy, <http://ile-en-ile.org/moriso/lewa/>

K 48 : Ki moun ki te *Joseph C. Bernard* (Jozèf C. Bèna)

Joseph C. Bernard (Jozèf C. Bèna), Minis Bèna, se yon patriyòt ki kite non li nan istwa peyi a kòm Minis Edikasyon. Minis Bèna te nan tèt Ministè Edikasyon Nasyonal, sòti 20 avril 1979 rive 12 jiyè 1982. Plis pase 35 lane apre lanmò li (nan lane 2005), pa gen moun ki nan domèn edikasyon ki ka bliye travay Bèna te vle fè nan edikasyon nan peyi a, kit moun nan

renmen sa li te vle fè, kit moun nan pa renmen sa li te vle fè. Malgre refòm ki pote non li an pa te rive pran pye nan peyi a, pasaj Minis Bèna nan Edikasyon Nasyonal kite tras li nan istwa ledikasyon nan peyi a anba chapo **Refòm Bèna**²⁵.

Minis Bèna fèt nan vil Jeremi, depatman Grandans, nan dat 4 jen 1917, li mouri nan dat 14 mas 2005. Li fè etid siperyè li nan lekòl pratik agrikilti (1939-1941). An 1954, li fè yon espesyalizasyon nan peyi Meksik nan domèn teknik edikasyon.

Minis Bèna okipe plizyè pòs nan administrasyon piblik la, li te asistan direktè pou ansèyman riral, li te direktè jeneral kanpay alfabetizasyon sòti 1958 rive 1961, li te konseye pedagogik, apre sa, li vin asistan direktè nan Enstiti Pedagogik Nasyonal (IPN), epi Minis edikasyon nasyonal sòti 1979 rive 1982. Li te reprezante peyi a nan UNESCO, epi li te travay pou UNESCO tou. Minis Bèna resevwa anpil omaj pou angajman li nan kòz edikasyon nan peyi a tankou aletranje: (1989, *Palmes Académiques*, gouvènman franse ;

²⁵ Kesyon pi ba a ap di nou ki sa ki te genyen nan Refòm Bèna a

1995, plak onè ak merit, gouvènman ayisyen) ; Doktè Honoris Causa, Inyon Inivèsite Prive Ayiti), eks²⁶...

K 49: Ki chanjman Refòm Bèna a te vle pote nan fason yo fè lekòl nan peyi a ?

Moun ki te denigre Refòm Bèna a ak moun ki pa gen enfòmasyon, fè refòm nan pase pou edikasyon nan lang kreyòl. Men, nan tout gwo pan ki te genyen nan refòm nan, se yon sèl ki te gen kesyon lang ansèyman ladan li, epi ak anpil pensèt. Men 5 nan gwo pwèn ki te nan refòm nan :

1. *Pre-aprantisaj ak aktivite evèy anvan timoun yo antre lekòl;*
2. *Langaj (kreyòl/franse) pou kominikasyon oral ak kominikasyon ekri ;*
3. *Matematik;*
4. *Evèy ak etid sou milye a, sa gen ladan li aktivite kreyasyon, travay manyèl, edikasyon moral ak sivik, edikasyon sanitè;*
5. *Edikasyon fizik ak espò. Vin gen yon fasèt devlopman atistik ak teknoloji pi devan²⁷.*

Men, pou nou byen konprann Refòm Bèna a, se pou nou sonje ki sitiasyon timoun ayisyen t ap viv pou yo te jwenn lekòl nan epòk 1960-1970 yo. Dapre *Mowoz* (Morose, 1970), 80 timoun ayisyen sou 100 pa te ka jwenn lekòl pou yo enskri. Se yon paran ki ap chache

²⁶ Jounal Le Nouvelliste, <http://lenouvelliste.com/article/16707/joseph-c-bernard-est-mort>, dat publikasyon: 15 mas 2005, **dat konsiltation** : 1 janvyè 2018

²⁷ idem

plas pou pitit li nan lise ki ka konprann ki sa “ *pa ka jwenn lekòl pou pitit li* ” vle di. Anpil fwa, se mwayen paran yo pa genyen pou yo peye mete pitit yo lekòl, ata lekòl piblik ak prive. Men, anpil fwa tou, se distans kay timoun yo ak lekòl la ki twò lwen.

Akote pa ka jwenn lekòl la, te gen pwoblèm kalite lekòl la tou. Gen etid ki montre, nan zòn rural yo, sou 1000 timoun ki antre lekòl nan premye ane, gen 360 ki kite lekòl apre premye ane a, gen 354 ki double premye ane a (yo ka double 3 fwa ankò anvan yo rive sètifika²⁸), epi gen 286 ki pase pou dezyèm ane. Sou 1000 timoun sa yo, pral gen 16 ki rive nan sètifika san yo pa janm double. Men, nan tout 1000 timoun ki te enskri nan premye ane yo, se sèlman 102 ki ap desann sètifika. Lòt egzanp, sou 87780 elèv ki te enskri nan premye ane an 1960, se 1028 ki ap rive pase bakaloreya an 1973²⁹. Menm si paran elèv yo pral bimen yo anba baton poutèt yo pa pase, tout espesyalis edikasyon yo, nan epòk la, te deja konnen pou ki rezon lekòl peyi a ap gaspiye tout sèvo sa yo³⁰. Youn nan defo ki te toujou genyen nan fason yo ap fè lekòl pou jèn ayisyen nan peyi a se te ansèyman an franse a.

Refòm nan te gen fay ki te ka fè li echwe. Men, se pou zafè lang kreyòl la refòm nan pa janm pase. Nan lareyalite, refòm nan te mande sosyete a pou li bay elèv ayisyen yo chans pou yo aprann pale franse epi ranmase konesans debaz yo an kreyòl pandan 4 premye ane lekòl yo, apre pou yo janbe nan franse nèt apre sizyèm

²⁸ Klas sètifika se ekivalan 6em ane fondamantal nan nouvo sistèm Ministè Edikasyon Nasyonal itilize a.


²⁹ Saint-Germain, M. (1997). Problématique linguistique en Haïti et réforme éducative : quelques constats. *Revue des sciences de l'éducation*, 23(3), 611–642. doi:10.7202/031954ar , dat konsiltasyon : 1 janvyè 2018

³⁰ idem

ane a³¹. Ti pwopozisyon sa a te twòp pou fòs politik ak fòs sosyal ki kontwole edikasyon nan peyi a. Si fòs politik yo ak fòs sosyal ki te ap domine sosyete a te pèmèt refòm nan fèt, li ta pral pwovoke yon pakèt chanjman nan fason elèv ap aprann nan peyi a. Refòm nan ta pral mennen yon pakèt chanjman nan ekonomi peyi a akòz nouvo konpetans ak nouvo bezwen refòm nan ta pral kreye nan sektè edikasyon an pou ekonomi peyi a. Se tankou ta gen yon pèsyon moun nan sosyete a ki deside pito plizyè jenerasyon Ayisyen peri pase pou yo pa ta aprann an franse.

Youn nan fay nan refòm nan, ki te kache, se te fè lang kreyòl la sèvi eskalye pou elèv ayisyen antre nan franse. Sa vle di, refòm nan te wè lang kreyòl tankou yon senp pasaj pou franse; li pa te wè li tankou yon zouti pou Ayisyen ranmase konesans nan tout nivo.

³¹ idem

K 50: Ki moun ki te Pierre Vernet (Pyè Vèné)?

Pierre Vernet (*Pyè Vèné*) se yon lengwis ayisyen. Li fèt Laskawobas 21 mas 1943. Li mouri nan tranbleman tè 12 janvye 2010 la ansanm ak plis pase 200 kolaboratè ak etidyan. Li te travay anpil pou lang kreyòl ayisyen an rive kote li ye jounen jodi a. Se li menm, akote yon lengwis franse yo rele Bentolila, ki te dirije travay sou òtograf 1979 la. Li te travay nan IPN (Enstiti Pedagojik Nasyonal) sou nouvo kourikoulòm 1982 a ak refòm sistèm edikasyon nan peyi a, ki pral pote non *Refòm Bèna*. Se li menm ki kreye *Centre de Linguistique Appliquée de Port-au-Prince (CLAP)* an 1978, nan kad Inivèsite Leta Ayiti a. CLAP pral tounen FLA, Fakiltè Lengwistik Aplike, ofisyèlman an 1989.

Nan epòk *Pierre Vernet* te ap travay sou kreyòl nan peyi a, li pa te kite pèsonn endiferan. Te gen moun ki te gen admirasyon pou li, konsa tou te plen lòt moun pisan nan sosyete a ki te fè li lennmi pou travay li te ap fè yo. Li te toujou ap denonse fason yo anseye nan peyi a, kit se nan sa yo rele gwo lekòl yo, kit se nan sa yo rele lekòl bòlèt yo. Li te renmen repete: “*La langue dit tout*” pou li te denonse rayisans, divizyon ak prejije ki genyen nan sosyete a. Lè li di pawòl sa a, se tankou li te di: “*Lè yon moun ap pale, se tout fon nanm li ki ap pase nan pawòl ki ap sot nan bouch li yo.*”

Li te konnen se nan yon gwo batay ideyolojik li te foure tèt li, lè li te rantre nan koze lang kreyòl la. Men, kòm syantifik, ki te ap mete konpetans li disponib pou transfòmasyon sosyete a, li te konn repete yon lòt pawòl, “*pi gwo zam ideyolojik la se lasyans*”. Se konsa, li te konn ankouraje etidyan FLA yo aprann devlope agiman ki chita sou

lasyans, pou yo fè travay yo. Pierre Vernet te kwè yo ka fè elèv ayisyen aprann pale franse kòrèkteman, si yo itilize bon metòd ki pèmèt moun aprann lang etranje yo.

Touswit apre *Pierre Vernet* fin desann bakaloreya an 1964, li te koumanse travay kòm pwofesè lang (franse, anglè, laten)³² nan Pòtoprens. An 1966, li pati kite peyi a, yo jwenn li ki ap aprann ouvriye ayisyen li nan Nouyòk. Etan li Nouyòk, li travèse nan peyi Lafrans (1970), kote li al kontinye etidye. Li konplete yon lisans nan sikoloji ak lengwistik an 1973, li fè yon metriz nan lengwistik ak syans edikasyon an 1976. Li jwenn yon kontra nan IPN (Enstiti Pedagojik Nasyonal) pou li vin travay sou refòm sistèm edikasyon peyi a. Se nan kontèks sa a li vin travay sou òtograf 1979 la. Lè li retounen nan peyi a, li travay nan ENS (Lekòl Nòminal Siperyè), Fakilte Agwonomi; li te multipliyè seminè fòmasyon pou pwofesè ki t ap anseye fransè yo. Etan sa, li t ap kolabore avèk yon kantite enstitisyon ak inivèsite aletranje : AUPELF (*Association des Universités Partiellement ou Entièrement de Langue Française*), AUF (*Agence Universitaire de la Francophonie*), *Université des Antilles et de la Guyane* (UAG), *Inivèsite Paris V*, eks. Pierre Vernet travay sou plizyè branch nan lengwistik ak syans langaj. Li kite travay li fè nan domèn sa yo : sentaks, fonoloji, mòfosentaks, amenajman lengwistik, didaktik lang, sosyolengwistik, eks. An 2005, Pierre Vernet te resevwa yon dekorasyon nan men Abdou Diouf, Sekretè Jeneral OIF (*Organisation Internationale de la Francophonie*)³³ pou kontribisyon li nan didaktik franse pou kreyolofòn.

³² Voix Plurielles, Notice bio-bibliographique de Pierre Vernet, <https://brock.scholarsportal.info/journals/voixplurielles/article/view/662/655>, dat konsiltasyon 17 janvyè 2017


³³ Òganizasyon Entènasyonal Frankofoni

Men kèk nan prensipal piblikasyon *Pierre Vernet* yo:

1. *Analyse Syntaxique du Créole Haïtien : Prédicat, Prédicatifs et nonprédicatifs. Université de Paris V, mémoire de premier cycle en syntaxe créole, (1973).*
2. *Alphabétisation en Haïti : aspect linguistique. Geric 4, Centre Universitaire Antilles-Guyane, Editions Caribéennes, (1979).*
3. *Techniques d'écriture du créole haïtien, Port-au-Prince, Le Natal, (1980a).*
4. *Le créole haïtien face à son introduction en salle de classe : le champ sémantique du corps humain. Etudes créoles 3/2: 45-55, (1980b).*
5. *L'écriture du créole et ses réalités de fonctionnement. Cahiers du Centre de Linguistique appliquée 3 : 1-19, (1981).*
6. *Langues, éducation et société en Haïti. Université de Paris V, thèse de Doctorat de 3e cycle (2 tomes), 661 p. (1984a).*
7. *La réforme éducative en Haïti. Philosophie, objectifs, stratégies et contenus. Études créoles 7/1-2. (1984b).*
8. *Avèk B.C. Freeman, Diksyonè òtograf kreyòl ayisyen. Port-au-Prince, Sant Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta Ayiti, (1988).*
9. *Dictionnaire préliminaire des Fréquences de la langue créole haïtienne (avec B.C. Freeman) Port-au-Prince, Sant Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta Ayiti, (1989a).*
10. *Hommage au Dr Pradel Pompilus. Port-au-Prince, Sant Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta Ayiti, (1989b).*

11. *L'enseignement du français en milieu créolophone haïtien. Quelques aspects sociolinguistiques et méthodologiques. Espace créole 7: 98-149, (1990a).*
12. *Problématique de la recherche terminologique en Haïti. Terminologies nouvelles (Cahiers du Rifal), 3. (1990b).*

K 51: Ki moun ki te Yves Dejan (Iv Dejan)?



Iv Dejan se yon lengwis, li fèt Pòtoprens 16 me 1927. Li mouri 31 mas 2018. Pwofesè Iv Dejan te fè sasèdòs li kòm pè nan legliz katolik, sòti ane 1952 rive ane 1969. Li te etidye filozofi ak teyoloji. Li fè yon doktora nan lengwistik nan Inivèsite *Indiana* an 1977, apre plizyè etid li te fè nan peyi Etazini ak Kanada. Apre 16 lane egzil,

pwofesè Dejan retounen an Ayiti an 1986. An 1987, li fonde *Sant Twa Ti Flè*, yon lekòl ki anseye sèlman an kreyòl, nan lokalite Fòwayal, yon seksyon riral nan komin Tigwav. Depi lè sa a, li konsakre yon bon pati nan lavi li ap anseye lengwistik nan Lekòl Nòminal Siperyè ak nan Fakilte Lengwistik Aplike (Inivèsite Leta Ayiti), san bliye anpil konferans li bay nan divès enstitisyon toupatou nan mond lan.

Pwofesè Dejan se yon pèsonalite ki make pasaj li nan devlopman lang kreyòl nan peyi a. Nou ka jwenn tras li kite yo nan pozisyon piblik li pran. Iv Dejan se youn nan premye lengwis ki te asepte otograf 1979 la, malgre rezèv li te genyen. Li kite tras li tou nan lide li genyen ki fè chemen yo nan sosyete a, pa egzanzp: "Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba", "li p ap batay pou lang kreyòl, li ap batay pou moun ki pale kreyòl". Li make plizyè jenerasyon etidyan

nan inivèsite aletranje, tankou nan peyi a. Gen anpil kolaboratè, nan enstitisyon li te dirije yo, tankou Sekreteri Leta pou Alfabetizasyon ak Biwo Lang Kreyòl, ki rekonèt enfliyans Iv Dejan nan aktivite pwofesyonèl yo nan domèn lengwistik. Rezilta senplifikasyon òtograf lang kreyòl la ki sòti nan eliminasyon apostwòf ak tirè se rezilta enfliyans pwofesè Iv Dejan nan devlopman lang kreyòl la.

An 1994, li patisipe nan kreyasyon Sekreteri Leta Alfabetizasyon ak Biwo Lang Kreyòl, epi an 2012, li te vin manm komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen. Iv Dejan se yon gwo defansè lang ak kilti kreyòl, se youn nan moun ki mete non li an kreyòl epi ki pibliye anpil zèv nan lang kreyòl. Iv Dejan resevwa plizyè plak onè ak merit epi genyen plizyè enstitisyon ki onore li. Nan lane 1997, Sekreteri Leta Alfabetizasyon te fè soti yon konpilasyon atik ki genyen kòm tit “Ochan pou Iv”, nan okazyon 70^e anivèsè nesans li. An 2015, Inivèsite Leta Ayiti te òganize yon kòlòk entènasyonal sou tèm: “*Kreyòl, edikasyon ak lang ansèyman an Ayiti*” pou rann pwofesè Iv Dejan omaj pou kalite travay li nan domèn edikasyon an Ayiti. An 2017, nan okazyon 90^e anivèsè li, *Akademi Kreyòl Ayisyen* te onore pwofesè Dejan pou kontribisyon li nan vansman lang kreyòl la.

Iv Dejan ekri anpil liv epi li pibliye plizyè atik sou kesyon lang ak edikasyon an Ayiti. Malerezman li genyen plizyè liv ki pa janm pibliye. Men tit kèk liv ak atik li ekri :

1. *Dilemme en Haïti : français en péril ou péril français ? (1975);*
2. *Comment écrire le créole d’Haïti ([1977], 1980) ;*
3. *Ann aprann òtograf kreyòl la (1986);*
4. *Notre créole à nous (1993);*

5. *Alfabetizasyon ak konsyans kritik, Keksyon ak repons epi Alfabetizasyon san manti, manti san alfabetizasyon (1995);*
6. *Alphabétisation: Mythes et réalités (1997);*
7. *The Native Language as a Medium of Instruction. An Issue Revisited (1999);*
8. *Créole, école, rationalité (2001) ;*
9. *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba ([2006], 2013).*

K 52: Ki moun ki te Émile Célestin-Mégie (Emil Selestén Meji)?



Émile-Célestin Mégie (Emil Selestén Meji) fèt Marigo³⁴, nan dat 18 oktòb 1922, li mouri 5 jiyè 2018.

Selestén Meji, ki ekri tou sou non plim *Togiram* (*to-gi-ram*= *Marigot* alanvè), santre pifò woman li yo sou reyalyite vodou a, ak tout kontradiksyon ki gen nan vodou a. *Togiram* se manm Mouvman literè Sosyete Koukouy. Li kolabore nan plizyè jounal anndan peyi a: *Le Petit Samedi Soir*, *Le Nouveau Monde*, *Le Nouvelliste*. Etan *Togiram* t ap ekri woman ak pwezi, li te yon militan ki t ap defann kilti popilè a ak lang kreyòl la. *Togiram* se youn nan ekriyen lang kreyòl ki pa deparye lang kreyòl la ak kilti popilè a. Jounal *Le Nouvelliste* 16 oktòb 2014 la rapòte, akote 34 liv li ekri yo, li pibliye plis pase 700 atik nan *Le Petit Samedi Soir*.

Sa ki fè *Togiram* enpòtan pou kilti popilè a anndan batay lang kreyòl la menm, se pozisyon li pran pou son yo rele "ou" [..]ki pase nan nen, oswa "ou" nazal la, jwenn plas li nan alfabè lang kreyòl la kòm sadwa. Son [ou] nazal sa a nou jwenn li nan mo tankou oungan, ounfò, oungenikon, ountò, eks. Se yon son ki sòti nan lang fon, yon lang nan kontinan afriken an. Li goumen pou yo pa konfonn li, ni ranplase li ak yon lòt son, ki ta tou pre. Si pou alfabè kreyòl la pa ta rekonèt egzistans son sa a, se tankou alfabè lang pèp la ta voye jete nan raje yon pati nan reyalyite lavi pèp la, yon pati nan istwa pèp la, yon pati nan kilti peyi a. Se ta asepte yon diskriminasyon anplis nan

³⁴ Marigo se yon komin nan depatman Sidès, distans 24 kilomèt vil Jakmèl

sosyete a anba dra lasyans. Lèt aspè ki enpòtan nan eritaj Togiram nan, se maryaj li fè lang kreyòl la fè ak lavi toule jou pèp ayisyen an. Nan jounal *Gindòl* li te kreye epi dirije (1971-1978), nou jwenn atik ki pale san konplèks sou tout kalite sijè nan lavi popilasyon an: seremoni lwa, dans lwa, seremoni boule zen, vwayaj nan move wout, riske lavi nan chache tretman. *Togiram* ka ede Ayisyen jwenn ki jan pou yo kanpe nan kilti peyi a, nan lang peyi a, nan literati peyi a.

Men kèk pami liv *Togiram* pibliye yo.

1. *Ale-Vini Mirak (nouvèl)* 1946
2. *Feuilles d'ortie (poésie)* 1953
3. *Kite m pale (pwezi)* 1960
4. *Byen viv (teyat)* 1967
5. *Senserite nan lanmou (teyat)* 1968
6. *Lanmou lasigwav (istwa kout)* 1968
7. *Lettre à une poétesse (poésie)* 1970
8. *Bouquets de glanures (poésie)* 1974
9. *Lanmou pa gen baryè (Tòm I) woman*, 1975
10. *Lanmou pa gen baryè (Tòm II) woman*, 1977
11. *Lanmou pa gen baryè (Tòm III) woman*, 1981
12. *Kèzini (woman)* 1985
13. *Agasya (woman)* 2003

NB: Pou onore memwa *Togiram*, Akademi Kreyòl Ayisyen an kreye yon pri literè ki rele **Pri woman Emile Celestin Mègie**.

SEKSYON 5

Dwa lengwistik ak opòtinite ekonomik

Dwa lengwistik se dwa chak moun genyen pou sèvi ak lang li epi pou li jwenn sèvis nan lang li nan tout aktivite lavi li.

Youn nan misyon AKA se defann dwa lengwistik popilasyon ayisyen an. Pa ka gen defann dwa lengwistik si popilasyon an pa konnen li gen yon seri dwa lengwistik ki gen rapò dirèk ak lang kreyòl li pale a. Si popilasyon an konnen ki dwa lengwistik li genyen, lè sa a, li ap ka reklame yo.

K 53: Pou ki rezon AKA te chwazi tèm “Jèn, an nou pale kreyòl tout kote, san baboukèt” pou mwa oktòb 2017 la?

Chak ane, AKA toujou chwazi atire atansyon popilasyon an sou kèk pratik kouran nan sosyete a sou itilizasyon lang kreyòl la. Gen de gwo selebrasyon chak ane ki gen rapò ak kesyon lang Kreyòl:

Jounen Entènasyonal Lang Matènèl (21 fevriye)

epi Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl (28 oktòb)

Depi enstalasyon premye Akademisyen yo nan ane 2014, premye objektif Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) bay tèt li pou senk (5) premye ane li yo, se pou li sansibilize popilasyon an sou dwa li genyen pou li sèvi ak lang li, lang kreyòl ayisyen an, toupatou nan sosyete a. Youn nan misyon Akademi Kreyòl Ayisyen an se: **“Defans ak pwomosyon lang kreyòl ak dwa lengwistik tout Ayisyen.”**

Nan kad misyon sa a, AKA toujou pwofite okazyon selebrasyon sa yo pou li fè yon mwa aktivite. Li toujou chwazi yon tèm pou sa epi li òganize yon seri aktivite ki dewoule pandan yon mwa anba tèm li chwazi a. Akademi an itilize plizyè tèm ki pou kadre aktivite li yo pandan selebrasyon jounen Lang matènèl (21 fevriye) ak jounen Lang ak Kilti kreyòl (28 oktòb).

Pou ane 2017 la, AKA te chwazi pou li mete jèn yo nan kè pwoblematik defans ak pwomosyon lang kreyòl la. Li chwazi tèm sa a : *Jèn yo, an nou sèvi ak lang nou tout kote san baboukèt !*

Nan tablo anba a, nou pwofite fè yon rap`el sou diferan tèm AKA chwazi deja pou selebrasyon gwo evènman sou lang kreyòl la.

Men lis tèm Akademi Kreyòl Ayisyen itilize soti 2015 rive 2023

21 <i>Fevriye</i>	21 fevriye: <i>Tèm Jounen Entènasyonal Lang matènèl</i>		28 oktòb <i>Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl</i>
2015		2015	<i>An nou travay pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou !</i>
2016	<i>Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang !</i>	2016	<i>Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl; Medam, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou !</i>
2017	<i>Lang nou se motè devlopman nou. An nou pote kole pou nou pwodui nan lang nou !</i>	2017	<i>Jèn yo, an nou sèvi ak lang nou tout kote san baboukèt !</i>
2018	<i>Lang manman nan edikasyon: wi. Aprann se konprann !</i>	2018	<i>Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo !</i>
2019	<i>An nou travay pou kreyòl vin lang ofisyèl peyi a tout bon !</i>	2019	<i>An nou pratike lang kreyòl nou toupatou : nan pale, nan lekti ak ekriti !</i>
2020	<i>Respekte Lang Manman timoun yo, se respekte dwa yo!</i>	2020	<i>Lang kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou !</i>
2021	<i>Lang manman se zouti devlopman lespri timoun</i>	2021	<i>Lang kreyòl tout kote san fòskote !</i>
2022	<i>Kreyòl, Lang matènèl se chemen kilti ak idantite nou !</i>	2022	<i>Lang kreyòl nan lasyans: wi, n ap vanse!</i>

2023	<i>Lang manman nou se idantite nou.</i>	2023	<i>Lang kreyòl, yon zouti pou devlopman dirab</i>
2024	<i>Lang manman an, lang kreyòl nan lajistis</i>	2024	

Ane	Mwa lang matènèl	Mwa lang ak kilti kreyòl
2015		<i>An nou travay pou tout sèvis vin jwenn nou nan lang nou !</i>
2016	<i>Lang nou se nou, pa gen sitwayen san lang !</i>	<i>Mwa oktòb, mwa lang ak kilti kreyòl; Medam, an nou pote kole pou nou vanse ak lang nou</i>
2017	<i>Lang nou se motè devlopman nou. An nou pote kole pou nou pwodui nan lang nou !</i>	<i>Jèn yo, an nou sèvi ak lang nou tout kote san baboukèt !</i>
2018	<i>Lang manman nan edikasyon: wi. Aprann se konprann !</i>	<i>Tankou tout lang, kreyòl gen règ li, an nou respekte yo !</i>
2019	<i>An nou travay pou kreyòl vin lang ofisyèl peyi a tout bon !</i>	<i>An nou pratike lang kreyòl nou toupatou : nan pale, nan lekti ak ekriti !</i>
2020	<i>Respekte Lang Manman timoun yo, se respekte dwa yo!</i>	<i>Lang kreyòl la se gadyen eritaj kiltirèl nou !</i>
2021	<i>Lang manman se zouti devlopman lespri timoun</i>	<i>Lang kreyòl tout kote san fòskote !</i>
2022	<i>Kreyòl, Lang matènèl se chemen kilti ak idantite nou !</i>	<i>Lang kreyòl nan lasyans: wi, n ap vanse!</i>
2023	<i>Lang manman nou se idantite nou.</i>	<i>Lang kreyòl, yon zouti pou devlopman dirab</i>

2024	<i>Lang manman an, lang kreyòl nan lajistis</i>	
------	---	--

K 54 : Pou ki sa, nan oktòb 2017 AKA te chwazi yon tèm ki konsène jèn yo?

Rezon an estratejik : jèn yo pi sansib pou lang kreyòl la. Jèn yo reprezante moun ki ap desinen ki fòm pou sosyete demen an pran. Prejije ki egziste kont lang kreyòl ki nan sosyete a touche jèn yo mwens pase granmoun yo. Sa rive paske jèn yo ap tandè lòt pawòl sou lang kreyòl la, yo gen plis posiblite pou yo chwazi ant plizyè pawòl moun ap di sou lang kreyòl la. Lè jèn yo reflechi, yo ka pran distans yo ak pawòl prejije ki pa chita sou okenn baz. Rezilta : jèn yo gen mwens prejije kont lang kreyòl la. Li ap pi fasil pou lang kreyòl la fè wout li nan sosyete a, jou jèn sa yo pare pou yo pran gouvènay peyi a.

K 55 : Èske yon moun ka chwazi ekri yon dokiman nan varyete rejyonal kreyòl lakay li ?

Wi. Akademi Kreyòl Ayisyen pa wè okenn pwoblèm pou yon Ayisyen ekri yon dokiman nan varyete rejyonal li. Dokiman ekri ki ap sikile nan peyi a ofri rès popilasyon an, ki pa konn varyete a, posiblite pou li pran kontak ak tout lòt fòm pale kreyòl ki egziste anndan peyi a.

Si dokiman an destine pou odyans rejyonal la, pa gen pwoblèm. Sepandan, si oditwa a oswa piblik ki konsène a ap viv toupatou nan peyi a, fò nou konsidere fòmilasyon moun toupatou kapab konprann.

K 56 : Akademi Kreyòl Ayisyen di li ap defann dwa lengwistik popilasyon an. Ki sa ki dwa lengwistik popilasyon an?

Anvan nou pale sou dwa lengwistik, fò nou fè yon ti rete sou sa ki pa nòminal nan peyi a nan zafè lajistis, nan zafè administrasyon, nan zafè edikasyon. Depi lane 1948, Nasyonzini rekonèt dwa pèp yo genyen pou yo patisipe nan lavi piblik peyi kote yo ap viv la. Pou pèp yo ka patisipe nan lavi piblik Leta a, fòk yo ka dialoge ak dirijan ki ap mennen bak peyi yo a. Pa ka gen dialòg, si youn pa ka konprann lòt. Se nan sitiwayon sa a nou twouve nou an Ayiti. Administrasyon Leta a, lajistis, edikasyon ap fèt an franse pou sèlman 10% moun nan popilasyon an ki plizumwen pale lang franse. Lè administrasyon piblik la ap fonksyone an franse sèlman, lè lajistis ap bay nan yon lang pifò popilasyon an pa konprann, se tankou **Leta a pa wè nesite pou li kominike ak Ayisyen ki pale kreyòl sèlman yo.**

An reyalyte, se sa menm ki ap pase nan peyi a. Konsa, Leta sipoze fè sitwayen yo konn dwa yo ak devwa yo pou yo kapab patisipe nan lavi piblik peyi a.

Dwa lengwistik yo, se yon seri konvansyon (prensip osinon deklarasyon) Nasyonzini vote pou li garanti dwa minorite lengwistik yo nan divès popilasyon sou latè. Konvansyon sa yo tabli sou dwa kominote yo genyen pou Leta ba yo sèvis nan lang manman yo, pou lekòl fè edikasyon elèv yo nan lang yo pale nan kominote yo, pou lekòl ak medya rezève plas pou kilti ak tradisyon moun ki nan kominote sa yo. Akote dwa kominote yo, gen dwa pou endividi ki an minorite yo tou. Si nou gade byen, nou ap wè Nasyonzini mande pou Leta bay moun ki an minorite yo sèvis, fè edikasyon yo, ba yo vizibilite nan tout espas medyatik yo. Nan zafè lang nan peyi a, Ayisyen ki pale kreyòl yo pa yon minorite. Men malgre sa, yo pa jwi dwa sa yo Nasyonzini ap reklame pou minorite yo.

K 57: Ki desizyon Leta ta dwe pran kont lekòl ki ap entèdi elèv ayisyen yo pale kreyòl anndan lekòl yo?

MENFP deja mete yon sikilè deyò pou li entèdi lekòl yo pini elèv poutèt yo pale kreyòl nan lekòl yo. Men, se direktè ki vle ki respekte sikilè MENFP a. Ayiti ratifye pifò konvansyon entènasyonal sou dwa timoun ak dwa lengwistik. Konvansyon sa yo prèske pa genyen okenn fòs, paske peyi a pa gen yon politik lengwistik ki byen defini ni lwa akonpayman ak amenajman ki pou fè konvansyon sa yo tounen yon reyalite jiridik nan peyi a.

MENFP, kòm enstitisyon ki ap kannalize sistèm edikasyon peyi a, gen yon pakèt mwayen presyon nan men li. Jounen jodi a, menm jan MENFP gen mwayen pou li anpeche elèv al desann bakaloreya lè yo janbe klas san yo pa te pase, konsa tou, li ka jwenn mwayen pou li fè direktè lekòl yo respekte direktiv ministè a sou kesyon lang kreyòl la.

Palman an dwe vote lwa pou li bay yon enstitisyon otorite ak mwayen pou li entèvni nan kesyon vyolasyon dwa lengwistik yo, kit se nan ka grenn sitwayen, kit se pou tout kolektivite a.

K 58: Kouman sitiyasyon lang kreyòl ayisyen an ye nan nivo entènasyonal?

An jeneral, Nasyonzini gen yon seri rezolisyon li pran pou pwoteje dwa lengwistik yon kominote. Ki fè, pifò peyi yo konnen pou yo bay yon seri kominote posiblite legal pou yo jwi dwa lengwistik yo kòm kominote. Rechèch sosyolengwistik montre tout sosyete gen pwoblèm ideyolojik lengwistik, kit yo pale yon lang, kit yo pale plizyè lang; men gen estrateji pou rezoud pwoblèm yo. Si nou pran kèk eta nan peyi Etazini, kote ki gen anpil imigran, lè otorite politik yo konstate gen yon kominote lengwistik ki bezwen sèvis nan lang li, yo pran dispozisyon pou moun nan kominote sa a jwenn sèvis nan lang yo pale a. Anmenmtan, yo ap pran lòt dispozisyon pou fasilite moun sa yo entegre yo pi vit nan kominote nasyonal la.

Sa pou nou sonje, depi kominote ayisyen an fò, depi li peze nan sosyete kote li twouve li a, Leta ap pran dispozisyon pou li garanti manm yo kèk nan dwa lengwistik Nasyonzini reklame yo.

Gen plizyè inivèsite tou nan peyi Etazini kote yo anseye kreyòl. Gen lòt inivèsite kote se pwofesè ayisyen yo menm ki pran inisyativ kreye pwogram ansèyman lang kreyòl la.

K 59 : Ki sans dat 28 oktòb la pou pèp ki pale kreyòl yo ?

Nan lane 1981, *Comité International des Études Créoles*³⁵ (CIEC) te òganize yon kòlòk nan peyi Sent Lisi. Nan okazyon an, yon gwoup lengwis, ki sòti nan peyi ki pale kreyòl yo, te reyaji lè yo te konstate se sitou lengwis ewopeyen ak lengwis ameriken ki te kontwole CIEC a. Lengwis natif sa yo pral leve vwa yo pou yo fè tout patisipan yo konprann, se pa enterè syantifik sèlman ki motive yo nan etidye lang kreyòl yo. Lang kreyòl yo se lang matènèl yo, lang kreyòl yo bezwen pou yo ba yo valè yo. Avni pèp nan peyi kote yo sòti yo mare ak avni lang kreyòl la (Schnepel, 2004)³⁶. Se konsa, gwoup lengwis natif sa yo pral vini avèk lide pou yo kreye yon asosyasyon ki pral pran non *BanNan* mwa me 1983, kreyolis *Bannzil Kreyòl* yo pral rankontre ankò nan Lafayette, Lalwizyàn, peyi Etazini nan yon katriyèm kòlòk. Se nan sikonstans sa a yo pral deside chwazi dat 28 oktòb la kòm jounen entènasyonal pou lang kreyòl yo. An 1983, dat 28 oktòb la te koresponn ak dat Ladominik

³⁵ *Komite Entènasyonal pou Etid Kreyòl*, yon komite entènasyonal, yo te kreye an 1976, nan vil Nis, peyi Lafrans, etan yo t ap òganize premye konferans entènasyonal sou etid kreyòl

³⁶ Ellen M. Schnepel, *In Search of a National Identity: Creole and Politics in Guadeloupe*, Buske Verlag, 2004

te fete fèt lendepandans li.

Men non kèk lengwis ki te patisipe nan chwazi dat pou yo selebre lang kreyòl yo: *Christian Barat* (Krisyan Bara) pou zile Lareyinyon (Oseyan Endyen), *Jean Bernabé* (Jan Bènabe), *Félix Prudent Lambert* (Feliks Pridan Lanbè) pou Matinik, *Vinesh Hookoomsing* (Vinèch Houkoomsing) pou Zile Moris (Oseyan Endyen), *Danielle D'Offay* (Danyèl Dòfe) pou Zile Sechèl, *Pierre Vernet* (Pyè Vènè) pou Ayiti, eksetera.

K 60 : Ki diferans ki genyen ant Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl, sou yon bò, epi Jounen Entènasyonal Lang Matènèl sou yon lòt bò?

Se lengwis natif nan *Bannzil Kreyòl*³⁷ yo epi manm Komite Entènasyonal Etid Kreyòl la ki te pran inisyativ chwazi jounen 28 oktòb la kòm Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl an 1983.

Se Nasyonzini ki te deside konsakre dat 21 fevriye kòm Jounen Entènasyonal Lang Matènèl.

K 61: Depi ki ane Ayiti ap selebre dat 28 oktòb la ?

Se nan mwa me 1983, Bannzil Kreyòl te chwazi dat 28 oktòb la pou li selebre lang kreyòl la. Nan epòk sa a, Ayiti t ap viv anba diktati Divalye yo. Pa te gen afè selebre lang kreyòl. Kominote Ayisyen ki aletranje, espesyalman nan Monreyal, te konn selebre jounen 28 oktòb la. Se asosyasyon tankou **Sosyete Koukouy, KEPKAA** (Komite Entènasyonal pou Pwomosyon Kreyòl ak Alfabetizasyon),

³⁷ An 1981, yon gwoup entelektyèl te reyini nan peyi Sentlisi epi yo deside kreye yon asosiyasyon ki rele Bannzil Kreyòl.

Sant N A Rive, Maison D’Haïti ki te gen Adeline Chancy³⁸ nan tèt li, ki te premye louvri dosye jounen lang kreyòl la nan Monreyal.

Jouk rive nan lane 1993, Ayiti pa te konn selebre jounen 28 oktòb la. Se Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS) ki koumanse fete lang kreyòl la an premye nan peyi a. Apati ane 1993, SAKS pral marye jounen 28 oktòb lang kreyòl la ak dat li fete anivèsè li, pou li selebre jounen lang kreyòl nan peyi a. Apre sa, nan dat 5 oktòb 2002, Pierre-Roland Bain, kòdonatè KEPKAA, vin pran inisyativ dekrete mwa oktòb, mwa lang kreyòl nan Monreyal. Deklarasyon sa a te fèt nan Inivèsite Monreyal (*Université de Montréal*) nan Monreyal, Kebèk Kanada.

K 62 : Pou ki sa pa gen liv lekòl sou literati kreyòl ?

Nou pa ka konnen si pa genyen toutotan nou pa chache. Men, sa ki sèten, nou p ap jwenn anpil, paske mache liv kreyòl la poko tounen yon endistri ki ka pèmèt biznismann fè anpil lajan. Gen peyi kote se Leta ki gen reskonsablite prepare liv ki pou sèvi nan sistèm edikasyon. Otè ayisyen yo ap ekri liv pote bay editè pou yo pibliye. Men, si editè yo oswa otè yo pa satisfè nan sa biznis la rapòte yo, yo p ap ankouraje fè liv kreyòl. Nou di sa pou nou fè konnen si se te yon enstitisyon Leta ki t ap prepare liv pou sistèm edikasyon an, lekòl yo ta rive jwenn liv Leta prepare pou sistèm nan.

³⁸ ki vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen

K 63 : Nan ki lane koze literati kreyòl la kòmanse parèt nan peyi a ?

De premye liv Ayisyen ekri an kreyòl, ki rive jwenn nou, se Cric ? Cric ! (1901), yon adaptasyon fab *Lafontaine* yo, Jòj Silven (Georges Sylvain) ekri an kreyòl ; epi nan ane 1933, Milo Rigaud te pibliye yon rekèy powèm ki rele Tasso. Sepandan, se apati 1953, vàn pwodiksyon liv pwezi kreyòl epi teyat kreyòl pral louvri avèk zèv Feliks Moriso-Lewa yo. Apre sa, rive nan ane 1965, Sosyete Koukouy³⁵, premye asosyasyon literè kreyòl ki egziste nan literati Ayiti a, pral enterese nan devlopman literati kreyòl ayisyen an.

Nan dat 6 avril 1969, rejim Divalye a te jete twa (3) manm fondatè asosyasyon an nan prizon Fò Dimanch. Twa manm sa yo se te : Doktè *Ernst Mirville* (Pyè Banbou), *Henri Claude Daniel* (Jan Tanbou) epi *Jean Marie W. Denis* (Jan Mapou). Henri Claude Daniel (Jan Tanbou) mouri nan Fò Dimanch. Sosyete Koukouy te pral reparèt nan peyi etranje (Etazini, Kanada)³⁹

Apre disparisyon Òganizasyon Mouvman Kreyòl, se branch literè a, Sosyete Koukouy, ki te rive reboujonnen nan peyi etranje, *Kanada*, *Nouyòk*, *Miyami*, *Konektikèt*, *Tanpa*, *Arabini* epi rechouke nan *Santo*, anndan Ayiti. Se gras ak travay rechèch manm Sosyete Koukouy yo, nou vin genyen fòm pwezi tankou : Wongòl, Zwing, Pwent, Imajis, Pwezigram, elatriye. Sepandan, se travay solid Sosyete Koukouy *Miyami* an nan teyat, ki konvenk otorite Ded Konnti (*Dade County*) yo, nan Eta *Florid*, rekonèt jounen 20 novanm nan kòm jounen Sosyete Koukouy, depi nan ane 1994.

³⁹ Sosyete Koukouy toujou egziste, li gen yon revyi literè kreyòl ki parèt sou non: Pawòl Kreyòl : Revyi literè Sosyete Koukouy

K 64: Lè yon Ayisyen pati aletranje, ki sa kreyòl la ap itil li ?

Tout sa yon moun te aprann nan peyi li ap itil li, depi li pa te aprann yo nan jako repèt... Lekòl la fèt pou li aprann moun leve defi. Ayisyen ki ap planifye pou li pati kite peyi a dwe konprann, si li konnen lang li byen, sa ap ede li metrize yon lòt lang pi byen. ” Baton ki nan men ou, se avèk li ou pare kou. ”

Gen Ayisyen ki ap viv Etazini, yo travay kòm tradiktè. Biwo kote yo ap travay yo ap ba yo tèks angle pou yo mete an kreyòl. Gen lòt Ayisyen ki al etidye pou yo vin entèprèt nan lopital oswa nan tribinal. Travay entèprèt la, se sèvi kòm entèmedyè nan mitan de (2) moun, ki pa pale menm lang, pou yo ka kominike youn ak lòt, kapab se nan kreyòl, kapab se nan angle yo bezwen kominike.

K 65: Ki jan yon lang ka kontribye nan devlopman yon peyi?

Lè nou di devlopman, premye sa pou nou wè se devlopman moun. Devlopman yon moun vle di bay moun sa a posiblite pou li epanwi anndan sosyete kote l ap viv la, bay moun sa a opòtinite pou li avanse, bay moun sa a posiblite pou li metrize anviwònman li. Si nou pran devlopman nan sans sa a, nou ap wè pa ka gen epanwisman anndan yon sosyete kote prèske tout popilasyon an oblije aprann nan yon lang etranje. Pa ka gen epanwisman lè lajistis ak administrasyon piblik ap fèt nan yon lang popilasyon an pa konprann ale wè pou li ta metrize.

Bay moun opòtinite vle di pèmèt yo ranmase maksimòm konesans pou yo ka defann tèt yo nan lavi a. Pa gen posiblite pou maksimòm moun ranmase konesans yo bezwen pou yo metrize anviwònman yo nan peyi a, paske lekòl ayisyen an pa entegre kilti pèp la nan plan devlopman peyi a. Konbyen lekòl ki aprann elèv rekonèt plant ki genyen nan peyi a ? Konbyen lekòl ki aprann elèv rekonèt zwazo ki gen nan peyi a ? Lekòl la mete tout kalite konesans moun genyen

nan peyi a sou kote. Lekòl la mete lang peyi a sou kote, li mete mès moun peyi a sou kote. Lekòl la pa pèmèt Ayisyen dekouvri tèt yo.

Lekòl la ta dwe yon espas kote moun al aprann apwofondi konesans yo jwenn nan eritaj yo. Menm lejann ki nan kilti pèp la se sous epanwisman yo ye, si lekòl la te ka pèmèt Ayisyen reflechi sou kilti peyi a, petèt elèv yo ta dekouvri limit ak feblès sèten pratik nan kilti nou.

K 66: Si yo fè lekòl nan lang kreyòl nan peyi a, èske sa ap tou rezoud pwoblèm sistèm edikasyon an?

Fè anseyman nan lang kreyòl p ap rive rezoud pwoblèm defisyans sistèm edikasyon ayisyen an pou kont li. Plen lòt pwoblèm nan sistèm edikasyon an ki bezwen solisyon. Zafè yon kategori lekòl pou chak kategori moun ki nan sosyete a se yon gwo pwoblèm. Gen yon kategori lekòl ki la pou edikasyon moun ki rich, gen sa ki la pou moun ki gen ti mwayen, epi gen yon dènye kategori lekòl pou malere dènye klas. Nou kapab konprann yon elèv ki pase 30 èdtan lekòl nan yon semèn gen plis chans pou li ranmase plis konesans pase yon elèv ki pase 20 èdtan lekòl sèlman nan yon semèn. Elèv ki nan lekòl ki gen pwofesè byen prepare, bon materyèl didaktik ak zouti aprantisay tankou laboratwa chimi, laboratwa fizik, laboratwa enfòmatrik, koneksyon entènèt, bibliyotèk, eks, gen plis chans pou yo aprann pi byen pase elèv ki pa jwenn fasilite sa yo. Lekòl kote elèv yo gen ankadreman ap toujou bay pi bon rezilta pase lekòl kote ankadreman an neglije. Yon elèv ki nan yon klas ki gen 40 elèv gen plis opòtinite pou li aprann pase yon lòt elèv nan yon klas ki gen 60 elèv.

Si MENFP pa gen mwayen pou li fè direktè lekòl ak pwofesè respekte desizyon li pran, se tankou se yon sistèm ki ap mache an debandad. Men, lang kreyòl la se premye zouti, se pi gwo zouti didaktik elèv yo genyen. Elèv Ayisyen yo pa antre lekòl tankou yon sakpay vid. Sèvi avèk lang kreyòl nan edikasyon vle di pèmèt chak elèv ayisyen itilize konesans li deja genyen nan lang li, sou anviwònman li, sou sosyete a pou li devlope lòt konesans.

K 67: Gen moun ki di Ayisyen deja konn pale kreyòl. Yo pa bezwen pèdi tan al aprann li lekòl ankò. Ki pozisyon AKA sou pawòl sa a?

Si moun ki ap di pawòl sa yo te gen rezon, pa t ap gen gramè nan okenn lang pou ede moun metrize lang matènèl yo pi byen, kit se fransè, kit se panyòl, kit se angle...

Pozisyon AKA klè: tout Ayisyen dwe aprann li ak ekri lang kreyòl la, epi respekte règ òtograf ak gramè lang nan.

Nan peyi kote yo ap fè edikasyon nan lang matènèl, Leta enskri aprantisaj lang nan nan tout nivo sistèm edikasyon an.

K 68: Èske materyèl an kreyòl kapab vann aletranje?

Anvan pou nou konsidere vann pwodui kiltirèl an kreyòl yo (mizik, literati, sinema) nan lòt peyi, nou dwe fè efò pou nou metrize mahe lokal la. Anmenmtan, gen plizyè sektè ki ofri posiblite pou yo vann pwodui kiltirèl aletranje (pa egzanp, ansèyman lang kreyòl, materyèl komunikasyon an kreyòl, materyèl didaktik *eks.*)

K 69: Èske aprantisaj lang kreyòl kapab genyen yon enpak sou devlopman Ayiti ?

Pwoblèm devlopman yon peyi asosye ak fason yo fè edikasyon elèv ak etidyan nan peyi a. Kòm lekòl Ayiti kite lang peyi a sou kote, li kite kilti peyi a sou kote, li kite anviwònman peyi a sou kote, li kite pwoblèm Ayisyen ap viv sou kote, sa vin tounen yon blokaj pou devlopman peyi a.

Si Leta fè edikasyon nan lang kreyòl, ap gen plis moun ki gen konesans pou yo patisipe nan devlopman peyi a.

Premye resous yon peyi genyen se moun ki ladan li.

Se pitit peyi a, ak konesans yo genyen sou peyi yo, ak teknik yo metrize pou yo byen esplwate richès peyi a, ki pou kreye lòt richès. Se **KALITE AJISMAN SA YO** ki pral fè yon peyi **DEVLOPE** oswa rete **SOUDEVLOPE**. Nan ka Ayiti a, yon peyi ki gen anpil mòn, nou ka konstate anviwònman peyi a depafini akòz dega ki fèt nan mòn peyi a, depi sou tan lakaloni, pase sou lokipasyon⁴⁰ epi rive jounen jodi a, kote moun ap koupe pyebwa pou yo fè chabon.

Kèlkeswa jan nou manyen pwoblèm anviwònman nan peyi a, nou wè nou annafè ak moun ki pa metrize konsekans zak yo ap poze sou anviwònman peyi a. Se abitan yo ki pou ta premye moun ki pou ap defann anviwònman peyi a, paske se espas sa a ki pèmèt yo viv. Men, yo pa genyen ni enfòmasyon, ni fòmasyon, ni teknik ki pou ta pèmèt yo pwoteje anviwònman an pou yo ka viv ladan li pi byen, pi lontan.

K 70: Pou ki sa Akademi an ap fè ekspozisyon liv?

Akademi Kreyòl Ayisyen ap mache fè ekspozisyon liv nan lekòl pou plizyè rezon:

- 1) AKA vle pou tout Ayisyen konnen liv kreyòl ki egziste;
- 2) ekspozisyon liv kreyòl se yon fason pou AKA fè popilasyon an konnen otè liv yo ;
- 3) ekspozisyon liv kreyòl bay AKA yon okazyon pou li fè pwomosyon pou liv kreyòl yo ;

⁴⁰ An 1941, gouvènman ayisyen separe konsesyon bay konpayi etranje pou yo koupe pyebwa, fè planch, voye vann aletranje. SHADA ratibwaze jaden abitan pou li ka jwenn tè pou yo plante eveya.

4) ekspozisyon liv kreyòl yo ap fè elèv ayisyen yo devlope yon familyarite avèk liv kreyòl ;

5) ekspozisyon liv kreyòl se yon envitasyon pou elèv yo pran abitud li liv kreyòl sosyete a ba yo nan pwòp lang pa yo;

6) Finalman, ekspozisyon liv lekòl an kreyòl wete pawòl nan bouch moun ki ap di pa gen liv lekòl an kreyòl. Se yon ankourajman otè yo ak editè yo ap tann pou yo fè plis liv epi anmenmtan, pi bon liv. Se yon okazyon pou Akademi an bay lang nan plis valè nan popilasyon an.

K 71: Èske elèv lise kapab konsilte liv sa yo nan bibliyotèk Akademi an?

AKA poko ka ofri yon sèvis bibliyotèk piblik pou moun ki vle vin konsilte materyèl kreyòl. Men, nan kad misyon pwomosyon lang kreyòl la, Akademi an ap ankouraje tout elèv lekòl nan peyi a, kit se lekòl piblik, kit se lekòl prive, elèv lise tankou elèv kolèj, vin vizite bibliyotèk li genyen an. Li enpòtan pou elèv yo konnen ki sa ki disponib nan lang kreyòl la.

AKA ap travay pou li devlope patenarya avèk Direksyon Nasyonal Liv (DNL) pou tout bibliyotèk ki gen nan peyi a ka jwenn liv an kreyòl ak liv sou lang kreyòl pou moun ki vle konsilte yo.

K 72: Pou ki sa Akademi an pa vann liv li ekspoze yo?

Akademi Kreyòl Ayisyen pa ka vann liv li ekspoze yo, paske anpil fwa se youn (1) oswa de (2) kopi sèlman Akademi an genyen. Men, gen Akademisyen ki konn pwofite okazyon ekspozisyon liv kreyòl pou yo pote liv pou yo vann oswa fè kado.

K 73: Konbyen otè ayisyen ki ekri an kreyòl ?

Li difisil pou AKA konnen konbyen otè ki ekri an kreyòl. Men, lwa ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an, nan atik 11 la (alineya a, i, j), bay enstitisyon an responsablite pou li fè envantè pwodiksyon ki ap fèt nan lang kreyòl la, epi, pou li ankouraje tout kalite pwodiksyon ki ap fèt nan lang kreyòl oswa sou lang kreyòl la, an kreyòl.

K 74: Èske Akademi an konnen kantite liv kreyòl ki pibliye chak ane?

Pou kounye a, AKA pa ka konnen. Men, sa ap vini, paske lwa ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an, nan atik 11 la (alineya a, i, j), bay enstitisyon an responsablite pou li jwe wòl obsèvatwa lang kreyòl la. Sa vle di, chak ane, AKA dwe chache konnen konbyen bibliyotèk piblik ki gen nan peyi a, konbyen liv kreyòl ki gen nan chak, konbyen editè liv kreyòl ki genyen, konbyen tit yo pibliye, yon ane apre yon lòt, konbyen otè kreyòl ki genyen, konbyen tit yo pibliye nan chak domèn, ki volim pwodiksyon kreyòl la reprezante parapòta pwodiksyon nan lòt lang yo. Sa mande mwayen ak òganizasyon (rezon) pou AKA jwe wòl obsèvatè sa a byen.

K 75: Pou ki rezon AKA pa òganize konkou pou ekri nan lang kreyòl la ?

Rekonpanse otè ki ap pwodui nan lang kreyòl la se yon pwojè ki nan kouti depi lè Akademi an koumanse travay. Men, AKA te toujou gen lòt ijans ki pi presan, ki fè li pa te kapab òganize konkou pou otè ki ap pwodui an kreyòl yo. Depi Akademi an pare, l ap voye anons nan medya yo pou li envite otè yo vin depoze zèv yo pwodui nan kategori AKA sible pou konkou a.

Pa egzanp, nan kòmansman ane 2024 la, AKA lanse yon premye konkou literè, pou pwodiksyon woman kreyòl. Konkou sa a rele Pri

Woman Emile Célestin Mégie (*Togiram*), yon fason pou li onore memwa otè kreyolis sa a ki te pibliye yon latriye zèv konsekan nan lang kreyòl. Pou plis enfòmasyon, vizite sit Akademi an: www.akademikreyòl.net.

Gen lòt konkou k ap vini...

SEKSYON 6

Deba sou Lang Kreyòl la

K 76 : Ki kote lang kreyòl la sòti ?

Lang kreyòl yo devlope nan yon moman ki te gen gwo boulvèsman nan listwa limanite. Nan epòk la, Ewopeyen yo (Pòtigè, Anglè, Fransè, Espayòl, Olandè) te ap bwote Nèg nwa soti an Afrik vin vann yo kòm esklav nan koloni yo te genyen nan Amerik la. Nan moman sa yo, Pòtigal te deja gen koloni sou kontinan afriken an. Se sa ki fè nou wè sèten peyi afriken, tankou Kapvè (*Cap-Vert*), gen yon fòm lang kreyòl avèk baz pòtigè. Nou deja di nan ki kondisyon epi pou ki rezon Ewopeyen yo te ale chache moun nwa sou kontinan afriken an, mennen yo vin fè esklav nan koloni yo. Sistèm esklavajis la nan nouvo kontinan an pral pote yon pakèt boulvèsman pou limanite. Youn nan boulvèsman sa yo, se te prezans Afriken (Nwa) nan koloni yo. Esklavaj la pral mete Amerendyen natif yo, Ewopeyen (Blan) yo ak Afriken (Nwa) yo nan sitiasyon pou yo kominike. Gen otè ki di tout lang se lang kreyòl, paske tout lang sòti nan fwotman plizyè lang. Men, nou pa ka neglije kontèks vyolans ki te alabaz fòmasyon lang kreyòl yo.

Dapre Azayèl Masye (*Hazaël-Massieux*), mo “créole” la parèt premye fwa an fransè nan diksyonè Richelet, an 1680. Nan epòk sa a, mo “ créole ” la te vle di “Blan ki fèt nan koloni yo”. Apre sa, li pral evolye pou li vle di “tout sa ki fèt nan koloni yo”. Epi finalman, yo pral asosye mo “créole” la ak lang moun ki ap viv nan koloni yo: se “ lang kreyòl ” yo.

Genyen 2 eleman pou nou konsidere nan fòmasyon lang kreyòl yo. Premye a, se “lang sous” la, lang kolon an, se li ki pral bay esklav yo minimòm vokabilè yo bezwen pou yo kominike ak mèt yo;

dezyèm eleman an, se “lang matris” la, sa yo rele an franse lang “*substrat*” a. “Lang matris” la, se lang Afriken yo pote avèk yo nan koloni an, se lang ki nan tèt Afriken ki fenk debake nan koloni an.

Gen plizyè teyori sou fòmasyon lang kreyòl yo⁴¹.

Premye teyori a chita sou *lang sous* la (Chaudenson 2003). Kreyòl la sòti nan “lang sous vokabilè” a (lang premye kolon yo). Men espikasyon an: anvan koloni yo te vin “koloni plantasyon”, yo te “koloni abitasyon”. Dapre otè sa yo, sistèm esklavaj la pa te ko makawon tankou jan li pral vini kèk ane pi ta. Dapre otè sa yo toujou, esklav yo, menm jan ak pitit kolon yo, te konn jwenn pen lenstriksyon nan men pè, ki te fè lekòl yo. Nan epòk sa yo, te gen plizyè dyalèk nan lang franse a. Lang kreyòl la gen tras plizyè dyalèk lang franse a, egzanp: nòman, pika. Agiman an parèt bèl pou yon Ewopeyen, men li pa koresponn ditou ak reyalitye vyolans esklav yo te deja ap viv anvan Wa fransè a te pibliye Kòd Nwa a nan lane 1695. Fòk nou pa bliye, piblikasyon Kòd Nwa a te fèt avèk lide pou yo te amelyore kondisyon esklav yo.

Dezyèm teyori a chita sou lang “pa anba” oswa “lang matris” la (Sylvain, Mufwene, Degraff). Depi an 1936, *Suzanne Comhaire-Sylvain* te deja di lang kreyòl la se yon lang ewe avèk leksik franse⁴².

⁴¹ Alain Khim, Daniel Véronique, Qu'est-ce qu'une langue créole ?, http://htl.linguist.univ-paris-iderot.fr/media/laboratoire/kihm_veronique_1.pdf, **dat konsiltasyon** 15 janvyè 2018

⁴²Men ki jan Alain Kihm ak Daniel Véronique prezante kontribisyon Suzane Comhaire-Sylvain nan konsèp "substrat" nou tradui ak espresyon : "pa anba" a :

L'essentiel vient du substrat

Ce terme désigne les langues maternelles des créolophones avant qu'ils le deviennent : langues du phylum Niger-Congo, de familles

Men ki jan Sylvain esplike chanjman ki pral bay lang kreyòl la: lè Afriken yo, ki pral vin kreyolofòn yo, tandè franse, yo kenbe son an ak sa ki mache avèk li a (referans), men yo pral ranplase tout trè, ki gen rapò avèk chapant oswa varyasyon nan mo yo, avèk patikilarite yo jwenn nan pwòp lang afriken yo pale a. Lè yo konpare chapant lang kreyòl la ak chapant lang fongbe (afriken), yo jwenn vèb yo (predika) swiv prèske menm konstriksyon yo nan 2 chapant yo. Egzanp ki pi senp pou nou tout konprann prezans “lang matris” la nan lang kreyòl la, se atik defini lang franse a (le, la, les...), ki chita devan non yo an Fransè, men ki pral vini chita apre non yo, nan lang kreyòl la. Egzanp “la table” pral tounen “tab la”, “le soulier” pral tounen “soulye a”.

Nou ka jwenn sèten trè nan kreyòl ayisyen an ki egziste nan lòt lang kreyòl yo. Pa egzanp, gen resanblans ant kreyòl ayisyen ak kreyòl nan oseyan Endyen yo.

Gen yon lengwis sechelwa ki te fè konprann se paske se menm machann esklav yo ki te bwote menm esklav (ewe) yo, ni nan

kwa et bantou, à Haïti ; de même phylum, mais de familles mandé et atlantique en Sénégal. Sachant que quiconque parle une langue étrangère avec une compétence moins que complète - ce qui est le cas de 99% des personnes ayant appris ladite langue après l'âge de 13 ans - y introduit des traits phonologiques ("l'accent") et morphosyntaxiques de sa langue maternelle, l'idée s'imposait d'elle-même que les propriétés divergentes des créoles pussent avoir une telle origine. C'est une idée assez ancienne. **La formule que la linguiste haïtienne Suzanne Comhaire-Sylvain proposait dans sa thèse de 1936, que le créole haïtien serait du "français avec une grammaire éwé"** est fameuse, même parmi les non-spécialistes.

http://htl.linguist.univ-paris-diderot.fr/media/laboratoire/kihm_veronique_1.pdf

Karayib la, ni nan zile oseyan Endyen yo.

Gen yon twazyèm teyori ki chita sou Gramè Inivèsèl (Bickerton 1998). Teyori sa a chita sou sa nou ta rele “koupe kontak” la. Lang kreyòl la sòti nan koupe kontak. Esklav ki fenk debake nan koloni an, oblije aprann yon nouvo lang san yo pa nan kondisyon pou yo aprann li byen. Teyori sa a lage fòmasyon lang kreyòl la sou do “ timoun piti “ yo, ki oblije envante yon lang, paske yo pa gen kontak “ sere “ avèk manman yo. Konsa, yo oblije envante yon nouvo lang nan mitan timoun parèy yo. Sa posib, paske, daprè teyori jenerativis la, tout moun fèt avèk gramè inivèsèl lang yo nan tèt yo. Men, pou teyori sa a ta egzat, se pou li ta esplike kouman fè timoun yo, ki koupe kontak avèk manman yo, pataje yon seri eleman ki soti nan lang manman yo malgre yo pa gen kontak.

K 77: Ki jan Michel-Ange Hyppolite⁴³ retrace orijin mo “kreyòl” la ak chanjman sans li yo?

Mo *kreyòl* la soti nan yon mo laten *creare* ki vle di kreye. An Pòtigè li tounen *criar* ki vle di fè levasyon timoun. Patisip pase vèb la, nan lang pòtigè toujou, vin bay *criado*, *elve* yon timoun. Aprea, toujou nan lang potigè, li vin gen sans yon domestik ki fèt nan fanmi kote li ap rann sèvis la. Ane yo pase. Yon tèminezon “*oulo*” te ranplase tèminezon “*ado*” a nan mo *criado* a ki fè li vin tounen *crioulo*. Ak modifikasyon sa a, sans mo a te vin chanje. Li te vle di esklav afriken ki fèt nan kontinan Amerik la. Pi devan toujou, mo *crioulo* a vin gen sans konpòtman ak abitud esklav yo nan Nouvo monn lan (kontinan ameriken an). Ane yo kontinye ap pase, menm mo a vin gen sans abitud ak mòd pale afriken kou ewopeyen nan kontinan ameriken an (*J. Holm*: 1988). Pi ta toujou, lang kou franse, panyòl, angle ak olandè vin natiralize mo *crioulo* a ak òtograf pa yo, pou li vin bay sans nou pral li la yo. Premye konsta: sòti nan ane 1980 yo pou nou rive nan ane 1990 yo, sans lengwistik mo *kreyòl* la chanje nan diksyonè tankou *Petit Robert* ak *Larousse*. Nan ane 1950 yo, mo *kreyòl* la te gen sans: dyalèk lang franse. Sepandan, rive nan ane 1960 yo, li rantre nan kategori lang matènèl (*Pradel Pompilus*, 1983). Anfen, sòti nan fen ane 1980 yo, pou rantre nan ane 1990 yo, lang *kreyòl* la vin jwenn plas li kòm lang matènèl moun ki ap viv nan Antiy yo ak nan zòn Oseyan Endyen. Epòk sa a tou, yo ajoute definisyon mo a nan domèn lengwistik.

Gen divès kalite lang *kreyòl*. Lengwis yo klase yo daprè lang ki

⁴³ Michel-Ange Hyppolite se yon Akademisyen ayisyen. Li se pwofesè Byoloji, li gen yon metriz nan Edikasyon, li se ekriven, powèt, epi li se kritik literè.

founi plis mo nan devlopman lang kreyòl yo vle konsidere a. Nan kwaze lide ant divès kalite ekspè nan domèn lang, tout kalite teyori parèt sou orijin lang kreyòl Ayiti a. Genyen twa ladan yo ki trè popilè. Anvan nou etale teyori sa yo, nou dwe raple nou, chak grenn teyori mache ak yon tandans dèyè li, kidonk, yo tout ansanm reprezante yon latriye lide ki gen kèk moso verite ladan yo, men ki pa nesèsman bay tout laverite a san fè peche. Se poutèt sa tou, entansyon nou jodi a, se pa tabli sou okenn nan teyori sa yo, men pito fè nou konnen yo ekziste. Konsa, pyès moun pa kapab ban nou zannanna pou Sizàn osnon kann pou banbou. Daprè sèten lengwis, orijin lang kreyòl nou pale a se yon jagon maren yo kreye sou lanmè, pandan vwayaj maren franse yo, ki pa te pale franse moun *île de France* lan.

Mesye sa yo te pale pika, pwatven, nòman, elatriye. Kòm yo pa te pale menm lang, nan pale ant yo menm, yo te vin kreye yon lòt lang. Pandanstan, bato negriye angle, pòtigè, olandè te konn fè komès ak bato franse yo. Sa te vin lakòz lang franse yo te konn pale a, te vin melanje ak lang maren lòt bato negriye yo. Se lang sa a, daprè lengwis ki apiye teyori sa a, pirat franse yo vin aprann blan esklav ki te rele “angaje” yo, lè yo vin ap viv sou latè fèm. Se menm lang sa a tou kolon yo te vin pale ak esklav yo nan plantasyon yo (*Léon-François Hoffman*, 1995). Pawòl sa a gen yon ti pwent verite ladan, paske nou jwenn mo nòman, pika, eksetera, nan kreyòl Ayiti a: makwo, non yon pwason nan lang nòman (*maquereau*) ak wouze (*rosée*) nan lang nòman an toujou.

Gen yon lòt kategori lengwis ki deklare kreyòl la se yon lang afriken ki abiye ak vokabilè franse. La a ankò gen kèk verite, paske nan konpare lang kreyòl ayisyen an ak lang ewe yo, yon etnolengwis, tankou *Serge Fuertes* remake anpil similarite ant sentaks kreyòl ayisyen an ak sentaks lang ewe yo. Yon ekzanp pami yon dal lòt, se fason lang kreyòl la fòme pliryèl li, kote nou wè pliryèl la kreye ak

yon mo ki ekri sou bò dwat mo ki dwe opliryèl la. Sa sòti nan lang afriken yo (Bilten Koukouy, 1992).

Gen lòt lengwis ankò ki pa tandè ki pa wè, yo di daprè obsèvasyon pa yo, lang kreyòl la se yon lang ki fèt nan plantasyon yo menm, akoz fason divès gwoup esklav yo, ki pa te pale menm lang, te oblije viv ant yo menm ansanm ak Endyen yo. Anfèt vestij kilti endyen nou jwenn nan kreyòl ayisyen an ansanm ak karakteristik kiltirèl divès etni afriken nou jwenn nan vodou a (*Alfred Métreux, 1958*) ta kab bay moun sa yo rezon tou. Konsa, ki kote lang kreyòl nou an soti? Kon di pwofesè *Nathan Ménard*, nan Inivèsite Monreyal: “Nou poko konnen”. (Istwa Pwezi Kreyòl, 2000).

K 78: Pou ki rezon tout lang kreyòl yo pa sanble?

Anpil fwa, diferans ki genyen nan lang kreyòl yo konn fè yon moun ki pale yon kreyòl (nan yon peyi) pa konprann yon moun ki pale kreyòl (nan yon lòt peyi). Gen anpil rezon ki esplike pou ki sa gen plizyè lang kreyòl. Se kondisyon istorik yo ki fè yon lang se yon lang kreyòl nan sans istòryen yo ak lengwis yo defini li a. Yon lang kreyòl se yon lang ki devlope nan kontèks kolonizasyon, soti sèzyèm syèk rive dizuityèm syèk. Peryòd sa a se moman vyolans ak boulvès ki make nesans lang kreyòl yo. Yon bon pati nan vokabilè lang kreyòl yo sòti nan lang peyi kolon yo (Angletè, Lafrans, Lespay, Pòtigal, Lawolann). Lang sous la pral fè chak lang kreyòl gen yon vokabilè apa ki mare ak lang metwopòl la. Epi, lang kreyòl yo, tankou tout lang, pral viv pwòp transfòmasyon pa yo, apati reyalyte sosyal, reyalyte ekonomik, reyalyte jewografik ak reyalyte politik yo chak ap viv. Chak lang kreyòl ap pran yon wout selon jan kominote ki pale li yo viv. Menm jan lang kreyòl yo konn devlope (Ayiti, Sechèl), konsa tou, yo konn disparèt (tankou Trinidad) pou yo kite plas la pou lang metwopòl la.

K 79: Ki pozisyon lengwis Michel Degraff⁴⁴ genyen sou divès teyori ki genyen sou orijin lang kreyòl yo?

Michel Degraff gen yon pozisyon teyorik radikal⁴⁵ anfas lòt teyori ki eseye esplike orijin lang kreyòl yo.

Degraff mande pou lengwis yo antann yo sou kategori sa yo “lang kreyòl”, “kreyolizasyon”, “jenèz kreyòl”. Sou plan lengwistik, Degraff kwè “kreyolizasyon” an se yon mo flou ki ranmase yon seri devlopman sosyal ak istorik, men, ki pa koresponn avèk okenn analiz lengwistik ki byen chita (Degraff, 2009). Lè yo konpare 18 gramè kreyòl Holm rapòte nan “*Comparative Creole syntax*” yo (Holm 2007)⁴⁶: resanblans nan mitan lang kreyòl yo fèb (Degraff, 2009:7).

Pou Degraff, tèz “koupe kontak” Bikerton nan pa kenbe. Tout nouvo lang sòti nan fwotman plizyè lang. Gen 2 fenomèn pou yo konsidere nan obsèvasyon devlopman yon nouvo lang. Genyen I-Lang (*I-Language*) epi genyen E-Lang (*E-Language*). I-Lang nan se lang nan nivo chak grenn moun. Se nan nivo I-Lang yo chanjman yo fèt. E-Lang se manifestasyon nouvo lang k ap fòme a anndan gwoup sosyal yo. DeGraff dakò ak lide Chomsky sou Done Lengwistik Primè “primary linguistic data” (PLD) ki pral sèvi kòm baz pou yon nouvo lang. Se tout lang ki an kontak yo ki patisipe nan kreyasyon

⁴⁴ Michel Degraff se yon manm Akademi Kreyòl Ayisyen. Li gen yon doktora nan lengwistik

⁴⁵ Michel Degraff, *Language and Linguistics Compass* 3/4 (2009): 888–971, 10.1111/j.1749-818x.2009.00135.x Journal Compilation © 2009 Blackwell Publishing Ltd

⁴⁶ Holm & Patrick's (2007), *Comparative Creole Syntax: Parallel Outlines of 18 Creole Grammars*

sa a. Kontrèman ak ipotèz Bikerton nan, granmoun yo gen plis mobilite pase “timoun” yo, kidonk se granmoun yo ki fè nouvo lang yo gaye. Ki wòl timoun yo jwe nan devlopman nouvo lang yo? Yo konsolide chanjman k ap fèt nan lang nan avèk nouvo regleman yo. Se konsa, ni granmoun, ni timoun patisipe nan kreyasyon lang kreyòl yo tankou sa fèt nan tout lòt lang.

K 80: Kouman fè sèten Ayisyen melanje franse ak kreyòl lè yo ap pale oswa lè yo ap ekri?

Pwoblèm sa a se yon pwoblèm lasyans lengwistik abòde ak 2 konsèp: Entèferans epi altènans kodik.

Gen **entèferans** lè yon moun ki ap pale oswa ekri yon lang etranje mete eleman ki nan pwòp lang pa li pou li pale oswa ekri lang etranje a, san li pa toujou konsyan li ap melanje 2 lang yo. Egzanp, lè yon Ayisyen ap pale franse, li mete bout fraz kreyòl ladan li.

Dezyèm konsèp la rele **boukantay kòd**, oswa **altènans kòd**, oswa **altènans kodik**. Konsèp sa yo vle di moun ki ap pale a ap boukante eleman ki nan 2 lang yo. Nan ka Ayisyen ki pase lekòl la, li boukante kreyòl ak franse nan sa li ap di a oswa nan sa li ap ekri a.

K 81: Kijan lekòl enfliyanse Ayisyen yo nan melanje franse ak kreyòl lè yo ap pale oswa lè yo ap ekri?

Se konsekans fason lekòl aprann elèv ayisyen yo lang franse a. Sistèm edikatif Ayiti a chita sou lide tout Ayisyen pale franse, epi elèv yo rive lekòl avèk lang franse a nan tèt yo. Lekòl la pa bay elèv ayisyen yo meyè zouti ki pou pèmèt yo aprann franse. Lekòl la pa bay elèv yo bon zouti pou yon bon komunikasyon oral, ni an kreyòl, ni an franse.

K 82: Ki sa ki fè se vokabilè ak estrikti fraz franse anpil Ayisyen itilize lè yo ap pale kreyòl?

Sou chak 100 mo ki egziste nan lang kreyòl la, gen 80 ki sòti nan lang franse. Men, anpil nan mo kreyòl sa yo pa gen menm sans la lè nou sèvi avèk yo an franse. Egzanp: “ kè plen “, “ kè sou biskèt “, “ kè sote “, eks. Tout mo ki konpoze espresyon sa yo sòti nan lang franse a. Men, okenn frankofòn inileng pa kapab konprann ekspresyon kreyòl sa yo. *Ayisyen yo itilize mo ki soti nan vokabilè lang franse lè yo ap pale kreyòl, men pafwa yo pa menm konnen sans mo sa yo an franse.*

Sepandan, fòk nou rekonèt se pa menm sitiyasyon an pou yon kategori Ayisyen ki fè 10-20 lane ap etidye an franse. Menm si yo pa rive metrize lang franse a, ansèyman an franse a make fason yo ekspri yo, paske yo pa te janm aprann ekspri yo kòrèkteman nan lang kreyòl la nan lekòl. Li pi fasil pou Ayisyen sa yo itilize mo ak estrikti fraz franse pase pou yo itilize mo ak estrikti fraz ki apwopriye nan lang kreyòl la, lè yo ap pale oswa ekri kreyòl. Se sa ki fè mo ak estrikti fraz franse yo pi fasil monte nan tèt yo pase mo ak estrikti fraz kreyòl yo. Konsekans: pawòl la di: kreyòl pale, kreyòl konprann. Men, anpil fwa se: **kreyòl pale, pèsonn pa konprann**⁴⁷. Solisyon: fòk Ayisyen aprann lang yo kòrèkteman lekòl pou yo ka pale lang kreyòl la yon fason pou tout Ayisyen konprann.

⁴⁷ “*Kreyòl pale, pèsonn konprann” se yon fòmil sèten Akademisyen renmen itilize pou yo mande kòlèg yo si yo kwè nenpòt Ayisyen ap konprann sa yo ap di yo. Akoz enfliyans franse a, anpil Ayisyen ki fè gwo klas pa ka pale kreyòl pou moun konprann, tèlman yo melanje kòd plizyè lang: kreyòl, franse, angle.

K 83: Èske se paske kreyòl la gen akò ki fè nou di “literati ayisyèn”?

Lang kreyòl la pa fè akò maskilen-feminen tankou nan lang franse a. Se pou nou asepte espresyon “literati ayisyèn” nan tankou yon fòm anplis pou moun di “literati ayisyen”. Kidonk, sèten moun sèvi ak espresyon “literati ayisyèn” lan, akòz enfliyans lang franse a.

K 84: Si nou ap pale sou gramè kreyòl, èske gen fòm gramatikal maskilen/feminen an kreyòl?

Kategori gramatikal “*genre*” pa egziste nan lang kreyòl la. Sa pa anpeche gen sèten mo kreyòl ki koresponn ak fi, epi gen lòt ki koresponn ak gason. Men, lang kreyòl la pa rasanble mo sa yo anndan yon kategori ki ta sanble “*genre*” tankou sa egziste nan lang franse a. Egzanp : malere, ayisyen (pou gason), malerèz, ayisyèn (pou fi). Pou mo a antre nan yon kategori, fòk gen yon règ jeneral nan lang nan ki montre ki jan kategori a fonksyone. Lè yon moun di “sosyete ayisyèn”, se pou nou pran li tankou yon lòt fason (yon varyant) pou li di “sosyete ayisyen”. Se enfliyans franse, paske pa genyen okenn règ nan lang kreyòl la ki pou esplike chanjman sila a.

K 85: Ki itilite grafèm “h” la nan alfabè kreyòl la ?

Revizyon Akademi Kreyòl Ayisyen an fè sou òtograf la pèmèt yon moun, ki ap ekri, jwenn korespondans pou prèske tout son ki nan lang nan. Gen kote nan sid peyi a, yo di “**he**le”. Nou ka pran egzanp sou “**enhen**”, “**anhan**”. Epi gen moun ki di “**Hench**”. Nou ka wè yon gwo diferans ant lè nou di “en en” ak lè nou di “enhen”. Depi gen diferans ki chanje sans mo yo, sa gen valè pou lengwis yo; kidonk, grafèm “h” la gen itilite li nan alfabè kreyòl la. Anplis, grafèm “h” la, se youn nan konpozan digraf [ch] a.

K 86 : Ki diferans AKA fè ant son [OU] ak son [OUN] ?

Rezolisyon òtograf la fèt pou li pèmèt Ayisyen ekri pifò son ki gen nan lang kreyòl ayisyen an. Son nou rele [oun] an, se son ki nan lang afriken yo te konn pale lakay yo anvan machann esklav te mete yo sou bato pou yo vin bay fòs travay gratis kòm esklav nan Amerik la, espesyalman nan koloni ki te rele Sendomeng nan. Nan fwotman lang ewopeyen yo ak lang afriken yo ki vin ba nou lang kreyòl la, sèten aspè nan lang sa yo (afriken oswa ewopeyen) disparèt nan lang kreyòl la, men, gen lòt tou ki rete. Nou jwenn son [oun] sa a anpil nan vodou. Li sòti nan yon fanmi lang afriken yo rele *fon*. Vodou se yon pati nan patrimwàn kiltirèl peyi a. Egzanp : OUNgan, OUNsi, OUNfò, OUNdjenikon, OUNtò. Nou jwenn li tou nan yon mo tankou mazOUNbèl.

An rezime, “ou” se yon vwayèl oral nou jwenn nan mo tankou chou, kou, sou, alòske “oun” se yon vwayèl nazal nou jwenn nan mo tankou oungan, mazounbèl.

K 87: Èske li obligatwa pou yon moun ekri non li an kreyòl ?

Non, sa pa nesèsè pou yon moun ekri non li an kreyòl. Men sa rezolisyon jen 2017 la di sou kesyon òtograf non pwòp moun, nan dispozisyon # 4 la: “Non moun yo fèt pou yo ekri jan yo ye nan dokiman legal ak dokiman administratif yo. Pou fasilite pwononsyasyon non yo, [se pou] yo ekri yo ant parantèz nan òtograf kreyòl la.”

K88: Ki wòl aksan grav la genyen sou grafèm “ a ”, an kreyòl?

Men sa rezolisyon 2017 la di nan dispozisyon # 7.1: "Aksan grav la gen 2 fonksyon: 1) Li sèvi pou li fè diferans ant 2 grafèm : e ak è ; o ak ò ; 2) Li anpeche yo konfonn grafèm “a” devan “n” ak grafèm “an”. Sa vle di li anpeche nou pwononse ‘an’ [ã] nan plas “a-n” [an] ki reprezante 2 grafèm." Egzanp: "Oto a frape pan mi an, li tou pran pàn".

K 89: Ki sa “ kreyòl ibrid ” la ye ?

Anvan nou antre nan esplikasyon sou "kreyòl ibrid" la, fòk nou antann nou sou yon konsèp: sosyolèk. Yon sosyolèk se makonn patikilarite yon gwoup sosyal montre lè li ap pale. Fòm pale sa a tounen yon “sosyolèk”, paske yo ka idantifye ki gwoup moun ki pale konsa. Nou batize fòm pale sa a "kreyòl ibrid" paske li pèmèt nou ale pi vit pou nou atire atansyon, pou Ayisyen natif natal yo pa depeyize sou yon fenomèn ki ap pase nan lang nan, san yo pa santi sa. Kidonk "kreyòl ibrid" la, se yon fòm pale kreyòl espesyal, ki egziste anndan sosyete a. Patikilarite sa yo fè mòd pale a tounen yon varyete apa nèt nan lang nan.

Nan karakteristik "pale ibrid" la, nou jwenn anpil eleman ki sòti nan lang franse, tankou konstriksyon fraz yo, vokabilè ak pwononsyasyon. Sosyolèk ibrid la pa sanble ak modèl fraz pifò Ayisyen yo itilize; sa bay Ayisyen ki pa metrize lang franse yo difikilte pou yo konprann ki sa egzaktman moun ki ap pratike sosyolèk ibrid la vle di. Difikilte a sòti nan konstriksyon fraz yo ki chita sou chapant lang franse a, olye yo swiv modèl kreyòl la. Egzanp “prezime koupab”, “alyas Titonn”, “ensikoni”. Pou sèten moun nan popilasyon an, nouvèl bay, depi yon moun rele “Prezime”, li toujou koupab; gen yon lòt yo rele “Alyas” epi gen yon dènye yo rele “Ensikoni”. Sa yo se egzanp ki pi kouran, gen lòt

egzanp ki ale pi fon toujou. Men, demonstrasyon egzanp sa yo pa ka antre nan kad DOKIMAN sa a.

K 90: Èske sosyolèk ibrid la pèmèt lang kreyòl la avanse osnon li fè li fè bak ?

Li twò bonè pou nou konnen ki konsekans sosyolèk ibrid la ka genyen sou evolasyon lang kreyòl la. Men, li enpòtan pou nou pale pou tout moun konprann. Otreman, sosyolèk ibrid la ap defòm kreyòl natifnatal la epi mennen nou nan enpas lang franse a mennen sosyete nou an. Yon lòt pwoblèm, se debalansman lang yo nan sosyete a: 10% moun ap pale yon fòm lang rès 90% popilasyon an pa prèske konprann. Anplis, administrasyon piblik peyi a, lajistis nan peyi a ap fonksyone nan yon lang pifò popilasyon an pa konprann. Sa yo se prèv vyolasyon grav dwa lengwistik popilasyon an.

K 91 : “ Altènans kodik ” la parèt nan langaj anpil moun ki pase lekòl. Èske pa gen enkonsistans nan koze sosyolèk ibrid la?

Lè yon moun ap melanje eleman de (2) lang etan li ap pale, lengwis yo rele sa “ altènans kodik ”. Egzanp: yon bout franse, yon bout kreyòl. Se moun ki bileng ki fè altènans kodik. Pa gen pwoblèm altènans kodik lè se de (2) bileng menm nivo, ki konn tou de lang yo, ki ap sòti nan yon lang antre nan yon lòt lang. Altènans kodik la vin yon pwoblèm serye nan kad kominikasyon fòmèl, lè yon bileng ap pale ak yon moun ki konprann yon sèl lang nan de (2) lang moun bileng la ap itilize yo. Nan kad misyon AKA a, boukantay lang yo se yon pwoblèm, paske pèsonn pa ka gen sètitud moun ki pou resevwa mesaj yo byen resevwa yo. Nou ka pran egzanp elèv 6-7 an, ki pa konn pale franse ditou, ki oblije konprann ki sa pwofesè a ap di an fransè. Nou ka pran egzanp mesaj ofisyèl ki ap anonse move tan nan radyo, epi, pifò moun nan popilasyon an pa konprann kalite

prekosyon pou yo pran yo. Nou ka mulipliye kalite sitiyasyon kote mesaj la enpòtan, men moun ki pou kapte li a, oswa pa rive konprann oswa mal konprann sa jounalis la te vle di egzakteman.

K 92 : Èske sosyolèk ibrid la se pa yon etap nan transfòmasyon lang nan?

Wi, se posib. Men, lè nou analize FASON sosyolèk ibrid nou ap pale a chapante, sa fè li plis kadre ak fenomèn dekreyolizasyon an olye pou li ta yon transfòmasyon san konsekans ki ap fèt anndan lang kreyòl la. Lè nou di san konsekans, nou vle di, pa gen menas disparisyon sou tèt lang kreyòl la. Youn nan egzanp nou ka pran se vèb kreyòl ki sèvi ak konpleman objè dirèk, men ki ap mande konpleman objè endirèk nan sosyolèk ibrid la. Egzanp: “*pwofesè a di m reponn kesyon an*” (langay majorite) vs “*pwofesè a di m reponn ak kesyon an*” (sosyolèk ibrid).

K 93: Moun ki konnen lang fransè a pa janm pwononse mo kreyòl yo menm jan ak moun ki pale kreyòl sèlman, pou ki sa?

An jeneral, son tankou “eu”, “u” epi “eur” pa egziste nan lang kreyòl monoleng ayisyen an. Depi nan lane 1940 yo, save ki analize lang kreyòl la te deja konstate si yon Ayisyen pa te ale lekòl bonè, epi, si li pa te evolye nan yon anviwònman tankou lekòl, kote li ap tandè son fèmèn sa yo souvan : “eu”, “u”, “eur”, depi li tou piti, li ka pa janm ka pwononse yo.

Pwofesè Pyè Vènè (*Pierre Vernet*) te fè menm konsta a. Se yon ipotèz Melanie Carnault⁴⁸ konfime nan tèz doktora li a. Lè yo piti,

⁴⁸« Le mimétisme des productions adultes pourrait fournir une explication au développement précoce de la spécialisation articulatoire ... L'existence d'un tel mécanisme suppose que l'enfant, confronté à un

tout timoun ki ap aprann yon lang estoke tout son yo bezwen pou yo pale nan sèvo yo. Apre yon laj, li difisil pou yo kapte lòt son yo pa abitye tandè; son sa yo pa antre nan sevò yo. Se sa ki fèt pou majorite Ayisyen ki pa abitye tandè franse. Men tou, lè timoun ayisyen yo ale lekòl bonè, yo kapab genyen kapasite pou yo ranmase nouvo son fèmèn yo (“eu”, “u”, “eur”) ki nan lang franse a, men ki pa nan lang kreyòl la.

Men, pale anpil sou koze vwayèl "bouch pwenti" nan lang kreyòl ayisyen an se yon pwoblèm ideyolojik, sa vle di li nan nannan lesefrapè ki genyen nan sosyete a sou sa moun bay valè. Tansyon ki genyen nan sosyete ayisyen an rebondi sou teren lang nan jouk nan sa yo pèmèt sèten Ayisyen di, ak nan sa yo pa pèmèt yo. Anpil moun nan sosyete a, nan klas dominan yo sitou, nan mitan entèlektyèl yo, konprann tank yon Ayisyen pale kreyòl nan fason pou li sanble franse, se tank yo ap wè Ayisyen sa a tankou yon moun ki gen lespri. Si gen Ayisyen ki ap denonse moun ki ap pale kreyòl "pwenti", sa vle di, gen moun nan sosyete a ki vle kare pwòp nòm sosyal yo anfas nòm sosyal klas dominan yo. Atitid sa a ta kapab bon pou rezistans kont fenomèn dekreyolizasyon⁴⁹ an, men malerezman, dekreyolizasyon an pa rete nan nivo pwononsyasyon sèlman.

langage environnant, stockerait les représentations des sons de la parole qu'il perçoit et qu'à son tour s'en serve de cible pour la production.

” Mélanie Canault. *L'émergence du contrôle articulatoire au stade du babillage. Une étude acoustique et cinématique*. Linguistique. Université Marc Bloch. Strasbourg II, 2007.

http://www.ddl.cnrs.fr/fulltext/Canault/Canault_2007_These.pdf

⁴⁹ Dekreyolizasyon se fenomèn kote lang kreyòl la ap pèdi sèten trè ki nan nannan kreyòl la, pou li vin pi pre lang sous leksikal la, ki se lang franse a, nan ka kreyòl ayisyen an.

Rachelle Charlier Doucet⁵⁰ avèk Bambi B. Schieffelin⁵¹ analize pèsepsyon Ayisyen sou sèten son kreyòl. Atik la montre tout gwo batay ki genyen ant yon "kreyòl swa" ak yon "kreyòl rèk", epi "bon kreyòl" la, ta chita sou prezans osnon absans sèten son nan lang kreyòl la, ki pral parèt nan fason sèten Ayisyen pwononse sèten mo franse/kreyòl. Youn nan aspè ki enpòtan otè yo souliyen nan atik la, se silans ki genyen nan fason ni kreyòl swa, ni kreyòl rèk pwononse sèten mo franse/kreyòl kote son final la se yon "r" osnon yon "l". Si li posib pou yo reyalize yo an fransè, li enposib pou yo reyalize yo an kreyòl si moun nan pa fè yon efò konsyan. Otè yo bay egzanp mo "possible" ak "libre" an franse, ki tounen "posib" ak "lib" an kreyòl, men, sa pa atire atansyon pèsonn, kit se nan kreyòl swa, kit se nan kreyòl rèk (paj191-192). Konklizyon : nan kesyon lang, klas dominan yo esplwate tout diferans ki ka sèvi enterè ideyolojik yo nan dinamik rapò sosyal yo.

K 94 : Si nou ap chache yon “ fason pale ” ki estanda, èske se pa bloke nou ap bloke moun ki ap pale a ? Èske nou bezwen règ si pale yon lang se yon aktivite ki natirèl ?

Nan demach AKA, li ap chache konnen ki sa ki ka anpeche yon Ayisyen konprann yon lòt Ayisyen lè yo ap pale. Se konsa nou dekouvri gen yon sosyolèk ibrid avèk 2 lang (kreyòl ak franse). Sosyolèk ibrid sa a itilize gramè 2 lang yo (fransè ak kreyòl). Piplis toujou, gen karakteristik ki nan kreyòl ibrid la, nou pa jwenn ni nan kreyòl bazik la, ni nan lang franse a. Gen trè ki pa transparan pou moun ki pale yon sèl lang. AKA mande moun ki ap fè kominikasyon

⁵⁰ Rachelle Charlier Doucet gen yon doktora nan antwopoloji epi li se manm Akademi Kreyòl Ayisyen.

⁵¹ The "Real" Haitian Creole: Ideology, Metalinguistics and Orthographic Choice. *American Ethnologist*, 21, 1 :176-200.

fòmèl, pou yo evite eleman sosyolèk ibrid la, ki ka klè pou sèten moun ki konn varyete a, men ki pa klè pou pifò moun nan popilasyon an. Se poutèt sousti klate sa a AKA genyen, ki fè li mande pou kominikasyon fòmèl yo fèt nan yon langaj tout Ayisyen kapab konprann (pa egzanp lè diferan ministè yo, tankou sante piblik, enteryè, lajistis, epitou òganis tankou pwoteksyon sivil ets., ap prepare anons pou popilasyon an, yo dwe fè li nan yon langaj fòmèl).

Kidonk, gen yon fason pou nou sèvi ak lang nan pou tout Ayisyen konprann. Nou kapab mande moun ki ap pale nan non Leta yo, moun ki ap ekri liv pou elèv lekòl, moun ki ap ekri kominike yo, moun ki ap bay enfòmasyon yo, jounalis yo, moun ki ap fè piblisite yo, ets. pou yo itilize fòm ki pi laj yo, ki respekte gramè lang kreyòl la, pou plis moun ka konprann sa yo vle di oswa ekri.

Nan kominikasyon fòmèl, koze pale klè ak ekri pou moun konprann, konsènen tout kalite pwofesyonèl. Men, lengwis yo gen yon responsablite espesyal, paske travay yo se etidye fonksyonman lang nan. Kòm espesyalis, yo konnen tout menas ki sou tèt devni lang kreyòl la, pa egzanp, lè yo bay elèv ayisyen yo egzamen nan yon varyete lang yo pa konprann, lè radyo ap pase kominike Leta epi sitwayen yo pa ka konprann, lè piblisite yo pa respekte règ gramè kreyòl la.

Se responsablite AKA pou li akonpaye pwofesyonèl ayisyen yo pou yo konnen epi sèvi avèk kreyòl estanda a.

Konsa, AKA ap travay pou li pibliye zouti teknik ki kapab pèmèt pwofesyonèl ki ap itilize lang kreyòl yo jwenn eleman depaman ki fè pawòl yo pa rive soti klè pou de (2) varyete ki nan lang kreyòl ayisyen an.

K 95: Èske kreyòl ka pale pawòl lasyans san li pa prete mo nan lòt lang?

Lasyans ap evolye, devlope, epi amezi li ap evolye, se amezi li ap vini ak nouvo mo, nouvo konsèp.

Sou plan vokabilè, pa gen okenn lang ki te fèt ak tout kalite mo li bezwen pou li rete aktif. Kidonk, menm jan ak tout lang, kreyòl la kapab prete mo nan lòt lang dapre bezwen li genyen pou li esprime realite syantifik yo. Se menm jan an tou, li ka kreye mo ki nesèsè pou li fonksyone dapre bezwen li.

Kesyon sa a pèmèt nou abòde yon pwoblèm ki egziste nan pwodiksyon dokiman an kreyòl. Anpil syantifik ayisyen rekonèt yo gen difikilte pou yo itilize konsèp syantifik yo an kreyòl. Gen pwofesè inivèsite ki avwe yo gen difikilte pou yo konstwipanse yo an kreyòl. Difikilte sa yo sòti, an pati nan lekòl la ki pa te janm bay Ayisyen sa yo chans aprann reflechi an kreyòl, nan pakou fòmasyon yo. Mete sou sa, sou bò pa yo, anpil nan Ayisyen sa yo pa janm eseye fè yon demach metodik pou yo ta chache metrize gramè lang kreyòl la.

K 96: Gen moun, lè yo obsève òtograf mo yo an kreyòl, ki di kreyòl la se yon defòmasyon lang franse a. Èske se vre?

Lang kreyòl la pa yon defòmasyon lang franse a, menm si 80% mo lang kreyòl la sòti nan franse. Anfèt, lang kreyòl la transfòme mo franse sa yo pou rann yo konfòm ak pwòp sistèm grafo-fonetik pa li.

Yon lang se yon zouti ki pèmèt moun kominike.

Yon lang se yon sistèm ki chita sou twa wòch dife:

- i) **yon sistèm son** (fonetik ak fonoloji) - Tout lang pa gen menm batri son, okenn lang pa gen tout son ki posib ki ka sòti nan bouch

yon moun. Sa vle di, nou pa jwenn menm son yo nan tout lang. Nou ka pran egzanp sou vwayèl yo, gen sèlman 3 vwayèl ki parèt nan tout lang, se vwayèl ki bay son sa yo : [a], [i], [u];

ii) **yon sistèm mo** (leksik)

iii) **yon sistèm règ gramè (sentaks)** ki di kouman yo kapab òganize epi asosye diferan eleman yo.

Kidonk, tankou tout lang, kreyòl se yon lang endepandan.

K 97 : Ki estrateji yon moun dwe itilize si li vle kreye mo nèf nan lang kreyòl la ?

Gen kreyasyon espontane epi gen tèminoloji planifye. Kreyasyon espontane, se lè yon mo oswa yon espresyon vin parèt pou reponn nouvo bezwen nan sosyete a, san moun ki ap repete yo pa nesèsman konnen kote yo soti. Egzanp : goudougoudou, èvèjan, laloz... Tèminoloji planifye a se lè yon gwoup espesyalis deside travay sou vokabilè lang la pou kreye tout kalite leksik ki respekte mekanis fòmasyon mo yo nan lang nan. Desizyon tèminoloji planifye a kapab soti nan leta, nan inivèsite, nan mitan espesyalis nan syans lengwistik, nan syans leksikografi, ets. Se yon demach ki sistematik, ki chita sou konesans syantifik.

K 98 : Ki atitid pou nou genyen devan moun ki ap itilize vwayèl awondi yo (pa egzanp “ u ”, tankou nan mo “ duri ”), /eu/, tankou nan mo “bleu ”, “ eur ” tankou nan mo “ beurre ”) lè y ap pale kreyòl?

Lè nou tande yon Ayisyen di “Etazuni”, “Nasyonzuni”, nou konprann se mo franse moun nan ap itilize. Fason yon moun pale kreyòl depann anpil sou anviwònman sosyal moun nan ak nivo edikasyon li. Se sa ki fè gen divès varyete nan yon lang. Kounye a, nou jwenn gen Ayisyen ki ap egzije pou entèlekyèl ki ap pale kreyòl yo konfòme yo ak lis son ki nan premye rezolisyon AKA pibliye sou òtograf kreyòl la, an jen 2017. Gen moun ki di “semèn”, “jèn”, epi gen lòt ki di “jenn, senmenn”. Sa pa janm deranje Ayisyen. Men, si nou sansib pou son fèmèn /eu/, /u/ se paske yo gen yon valè senbolik pou nou, epi sou plan sosyolengwistik itilizasyon son sa yo refleto milye sosyal kote moun lan ap evolye a. Se ak son sa yo, yo kontinye ap fè diskriminasyon nan kesyon lang nan peyi a. Se sou son sa yo moun te konn chita pou yo veye moun ki ap fè “ sirèt ” ak moun ki ap pale franse mawon, epi imilye yo, pase yo nan rizib. Men, menm si lasyans rekonèt son /eu/, /u/ pa egziste nan lang kreyòl la, sa pa

anpeche gen moun ki sèvi avèk yo. Piplis toujou, Ayisyen pral rankontre yo nan lekòl oswa nan vwazinaj yo.

Se pou nou aksepte egzistans varyete ki genyen nan lang nan nan nivo oral, san diskriminasyon, ni nan yon sans ni nan yon lòt. Men, lè nou ap ekri, se pou nou respekte òtograf ofisyèl lang nan.

K 99: Èske lang kreyòl Ayisyen an genyen pou li “dekreyolize” kanmenm?

Pou syans lengwistik la, chanjman nan lang, se yon fenomèn nòmal, paske tout lang ap transfòme. Pa gen okenn rezon pou kreyòl ayisyen an, limenm tou, pa ta sibi transfòmasyon.

Sèten lengwis pale de fenomèn “ depèdisyon “ pou yo esplike transfòmasyon ki fèt nan sentaks yon lang, lè lokitè yo adopte lòt fòm ki pa koresponn ak sentaks lang matènèl yo. Nan ka lang kreyòl yo, gen lengwis ki rele fenomèn sa a “ dekreyolizasyon ”. Pa egzanp, Valdman (1986)⁵² kwè, menm jan ak lòt ekspè yo, tout lang kreyòl ki ap evolye paralèlman ak lang ki sèvi li kòm sous pou anrichi vokabilè li, gen pou yo pase nan faz dekreyolizasyon. Kreyòl ayisyen an genyen pou li suiv menm pwosesis la. Nan ka kreyòl ayisyen an, dekreyolizasyon an se yon fenomèn kote fòm konstriksyon lang nan ap glise pou yo kole plis sou fòm konstriksyon franse yo. Pou Valdman, fenomèn nan kòmanse depi lè lang kreyòl la estabilize.

Daprè obsèvasyon kèk lengwis (P-M Chéry 2023) genyen omwens 5 gran kategori fenomèn “ depèdisyon ” nan sentaks kreyòl kontanporen an, nou ka analize kòm fenomèn “dekreyolizasyon”. Kategori sa yo se : 1) chanjman nan lòd mo yo ; 2) move fòm pasif ; 3) senplifikasyon prepozisyon ; 4) vèb san sijè ; 5) tranzitif endirèk pou tranzitif dirèk.

⁵² Valdman Albert (1986). *Emploi du créole comme langue d'enseignement et décréolisation en Haïti. Language Problems and Language Planning, Volume 10, Issue 2, janv 1986. p 115-139*

Pa egzanp, fraz sa a “**Nou di bonjou ak oditè yo**” pran yon fòm dekreyolize. Li gen twa estrikti ki pa koresponn avèk sentaks kreyòl la. i) Lokitè a itilize yon tranzitif endirèk (*di ... ak*) olye pou li itilize yon tranzitif dirèk (*di oditè yo*) ; ii) gen yon chanjman nan lòd fraz la, kote objè a (*bonjou*) vini anvan benefisyè (oditè) a, sa vle di, lokitè a pa respekte lòd S-V-B-O a ; iii) lokitè a entwodui yon prepozisyon nan yon estrikti kote sentaks la mande zewo prepozisyon (**bonjou ak / bonjou*).

K 100 : Èske gen mwayen pou yo fè tout Ayisyen pale franse ?

Se sa lekòl ap eseye fè depi 1804 nan peyi a. Men, kèlkeswa fason yo pase a, yo pa ka jwenn rezilta. Malgre tout echèk sa yo, gen reskonsab edikasyon nan peyi a ki kwè, depi yo sèvi ak bon metòd la, yo ka fè tout Ayisyen aprann pale franse. Anvan nou konsidere pwoblèm teknik ki fè Ayisyen pa rive pale franse, fòk nou admèt, yo pa ka fòse yon kominote, ki deja gen yon lang, pou li boukante li ak yon lòt lang. Se pa desizyon Leta yo ki ap chanje sitiyasyon an.

Kounye a, an nou konsidere pwoblèm teknik yo: 1) pou lang franse ta devlope nan peyi a tankou lang kreyòl la, fòk ta gen ase moun ki ap pale franse pou kreyolofòn yo gen plis kontak ak lang franse a. Ayisyen ki pati al viv nan peyi Lafrans yo pa gen menm difikilte ak Ayisyen ki rete nan peyi a ki bezwen konn pale franse yo. 2) Gen metòd ansèyman lang ki ta ka pèmèt Ayisyen aprann pale franse depi yo tou piti, men, ankèt montre timoun ki aprann pale franse depi tou piti yo, gen anpil chans pou yo pèdi franse a pi devan. Pou ki rezon yo ka pèdi lang yo fin aprann nan? Pou yon rezon ki byen senp: depi yon moun aprann pale yon lang epi li pa pratike li, l ap pèdi lang nan. Sa vle di, menm si Ayisyen aprann pale franse lekòl, yo gen anpil chans pou yo pèdi franse a si yo pa jwenn posiblite pou yo sèvi avèk li. Anpil Ayisyen konn ekri franse, men, yo pa alèz pou yo pale li.

K 101: Gen mo ki pa genyen menm sans lan toupatou nan peyi a. Èske gen yon kreyòl tout Ayisyen nan peyi a ka konprann?

Gen varyete rejyonal nan peyi a ki fè kreyòl la gen yon diferans tou piti nan chak zòn. Kreyòl yo pale nan Nò peyi a pa toujou chapante menm jan ak kreyòl yo pale nan Sid peyi a: *tèt a w = tèt ou, kannistè = mamit*. Mo yo sèvi nan Sid peyi a konn pa genyen menm sans lan nan rès peyi a: *pantan = sote, pe = ap*. Men, akote varyete rejyonal yo, gen fason chak gwoup sosyal pale kreyòl la. Lè yon Ayisyen ki fè anpil etid ap pale ak kòlèg li, li ka mete mo etranje kòlèg la ka konprann (mo franse, mo angle, osinon mo panyòl). Lè menm Ayisyen sa a ap pale ak yon moun ki pa fè anpil etid, li chapante sa li ap di yo yon fason pou moun li ap pale ak li a kapab konprann.

Lè nou rekonèt tout varyete ak diferans sa yo, nou kapab adapte fason nou pale, pou kèlkeswa Ayisyen an, kèlkeswa kote li ap viv la, kapab konprann.

K 102: Èske gen fòm pale ki rete menm jan an depi dikdantan?

Fòm pale sa yo, ki kenbe malgre chanjman ki ap fèt nan lang nan, nou jwenn yo nan pwovèb yo, nan pawòl daki moun ap repete, nan chante ki travèse jenerasyon yo pou yo vin jwenn nou. Si pawòl sa yo ka travèse tan, si yo ka pwopaje sou tout teritwa a, se paske fondasyon yo chita sou fòm ki pi estab yo, ki pi fon yo nan lang nan. Yo vin nan yon fòm fini ki pa bezwen koreksyon ni anbelisman ankò. Egzanp : “ *parapò diri, ti wòch goute grès* “, “ *lè ti poul cho, malfini ki dèyè l* ”. Gen chante ki travèse tan an tou, “ *Desalin soti nan Nò, li pote wanga Nibo, se pou l touye Janpyè Rigo* “, “ *Nègès Katyè Moren, nègès yo gen talan pou yo danse Kongo* “. Se paske pawòl sa yo byen chita nan lang nan ki fè yo ap toujou rete kòm modèl pou Ayisyen swiv. Se fonksyon powetik lang nan.

Nou ka wè diferans la nan fason sèten Ayisyen ap di menm pawòl sa yo kounye a.

Diplis: Kategori depèdisyon lang nan

Kategori depèdisyon	Deskripsyon ak egzanp
<p>Chanjman nan lòd mo yo i. nan konpleman objè ii. nan vèb an seri, iii. nan vwazinaj advèb iv. nan vwazinaj prepozisyon, v. nan ka benefisyè a vi. Lòt ka jeneral</p>	<p>pozisyon mo yo nan lang kreyòl la rijid paske li pa itilize fleksyon gramatikal nan mo yo. Yon chanjman nan lòd mo yo ka chanje sans yon bout fraz : egzanp : <i>li voye sele chwal la vs li voye chwal la sele.</i></p>
<p>Move pasif i. pasif san ajan, ii. pasif avèk ajan</p>	<p>Move pasif la se yon pwoblèm paske “fòm pasif” la pa regilye an kreyòl. Anpil fwa, se kote lang fransè a ta itilize yon pasif nou jwenn ka sa yo. Egzanp: “<i>Senmak se yon vil fonde pa Lafrans</i>”</p>
<p>Senplifikasyon Prepozisyon</p>	<p>Ka sa a koresponn avèk sa teyorisyen tankou Gürel yo rele “senplifikasyon/rediksyon” prepozisyon an.</p>
<p>Vèb san sijè i. san sijè an jeneral ii. apre epi, iii. apre pou</p>	<p>Akoz lang kreyòl la pa itilize pwosede yo rele “fleksyon” an, vèb kreyòl yo toujou mande sijè, anwetan nan kèk ka byen presi. Sijè vèb la toujou enpòtan pou kreyolofòn ki monoleng yo. Egzanp : <i>Naje pou sòti</i> (Preval) vs <i>naje pou nou sòti</i> (langaj kouran). Lang kreyòl la gen pwoblèm avèk yon fraz kote yo pa wè sijè a nan aksyon an.</p>
<p>Tranzitif endirèk pou Tranzitif dirèk i. tranzitif san objè, ii. tranzitif avèk objè</p>	<p>Anpil vèb fransè tranzitif endirèk an fransè vin tranzitif dirèk an kreyòl. Sèten lokitè chwazi fòm tranzitif endirèk la nan plas tranzitif dirèk la. egzanp : “<i>pwofesè a reponn ak kesyon an</i>”. Sa fèt akoz se lang fransè a ki lang dominan lakay lokitè sa yo, se an fransè yo reflechi.</p>

KONTAK

Si nou gen kesyon ak kòmantè sou liv la, kominike ak Akademi Kreyòl Ayisyen nan adrès sa yo :

Lokal : 20, Avni Lamatinyè (Bwavèna), Pòtoprens, Ayiti

Imel: enfomasyon@akademikreyol.net

Telefòn : (509) 4782 -7377/ 3142-5061

Vizite sit Akademi an pou nou jwenn plis enfòmasyon:

<https://www.akademikreyol.net>

Bibliyografi

- Claude-Narcisse, Jasmine & Narcisse Pierre-Richard, 1997, http://www.haiticulture.ch/suzanne_comhaire-sylvain.html, dat konsilasyon 18 janvyè 2018, www.haiticulture.ch
- Bruno Maurer, 2010, Les langues de scolarisation en Afrique francophone /Enjeux et repères pour l’action/Rapport général, juin 2010, AUF (Agence Universitaire de la Francophonie)
- Canault Mélanie, 2000, L’émérgence du contrôle articulatoire au stade du babillage. Une étude acoustique et cinématique, Université Marc Bloch - Strasbourg II
- Charles Fernand Pressoir, 4 juin 1954, Du créole au français: Les Néants du Pontife, Le Nouvelliste (<https://books.google.ht/books?id=1XxYgE6FXcQC>, dat konsiltasyon : 2 janvyè 2018)
- Collier Gordon, Fleischmann Ulrich, 2003, A Pepper-pot of Cultures: Aspects of Creolization in the Caribbean
- Comhaire Jean, 2002, Hommage à ma femme, <http://ile-en-ile.org/jean-comhaire-hommage-a-ma-femme>, , île-en-île.org
- DeGraff Michel, 2009, Language and Linguistics Compass 3/4 (2009): 888–971, 10.1111/j.1749-818x.2009.00135.xBlackwell Publishing Ltd, Journal Compilation © 2009
- Hyppolite Michel-Ange, 2000, Istwa pwezi kreyòl Ayiti, Koleksyon Koukouy, Educa Vision.
- Infogalactic: the planetary knowledge core contributors, 9 janvyè 2016, Haitian Creole, Infogalactic: the planetary knowledge core, Dat konsiltasyon 2 Janvyè 2018 https://infogalactic.com/w/index.php?title=Haitian_

Creole&oldid=515218., Infogalactic: the planetary knowledge core

- Khim Alain & Véronique Daniel, Qu'est ce qu'une langue créole ?, http://htl.linguist.univ-paris-iderot.fr/_media/laboratoire/kihm_veronique_1.pdf, dat konsiltasyon 15 janvyè 2018
- Le Nouvelliste, 12 desanm 2017, <http://lenouvelliste.com/article/180403/unesco-a-commemore-ses-70-ans-de-cooperation-avec-haiti-a-marbial-et-lafond>, dat piblikasyon dat konsiltasyon 18 janvyè 2018, Le Nouvelliste
- Le Nouvelliste, 15 mas 2005, <http://lenouvelliste.com/article/16707/joseph-c-bernard-est-mort>, dat konsiltasyon : 1 janvyè 2018, , Le Nouvelliste
- Morisseau-Leroy Félix, 1994, l'espace de la conscience créole, http://web.archive.org/web/20050305020346/elvir.univ-poitiers.fr/article.php3?id_article=607, Dat konsiltasyon : 29 desanm 2017., sapriphage - numero 22
- Saint-Germain M. 1997, Problématique linguistique en Haïti et réforme éducative : quelques constats.
- Schieffelin, Bambi & Rachelle Charlier Doucet, 1994, The “ real ” Haitian Creole : Ideology, Metalinguistics and Orthographic Choice. *American Ethnologist*, 21, 1 :176-200.
- Schnepel, Ellen M. 2004, In Search of a National Identity: Creole and Politics in Guadeloupe, Buske Verlag, doi:10.7202/031954ar, dat konsiltasyon: 1 janvyè 2018, *Revue des sciences de l'éducation*, 23(3), 611–642
- Sebba, Mark, 2007, *Spelling and Society: The Culture and Politics of Orthography around the World*. Cambridge University Press

ANÈKS 1

Lis akademisyen ki te patisipe nan ranmase enfòmasyon pou pwodui dokiman sa a

- Adeline Magloire Chancy
- Christophe Philippe Charles
- Claude Pierre (+)
- Gérard Marie Tardieu
- Grégory Calixte
- Guy Gérald Ménard
- Jocelyne Trouillot Lévy
- Marie Rodny Laurent Estéus
- Pauris Jean-Baptiste
- Pierre André Pierre
- Pierre Michel Chéry
- Rogéda Dorcé Dorcil
- Wilner Dorlus

Benevòl ki te pote kole nan entèvansyon AKA yo nan Pòtoprens

- Ethson Otilien
- Elizabeth Jolicoeur
- Erol Josué
- Herby Glaude
- Iléus Papillon
- Jacques Adler Jean Pierre
- Jean Junior Théodore

- Jean René Fils
- Inema Jeudi
- Jonathan Thermidor
- Lidya Bradford
- Lyonel Trouillot
- Madam Dieudonné
- Louis M. Lecoin
- Renauld Govain
- Rose Adèle Joachim

Lis Enstitisyon ki te resevwa Akademi Kreyòl Ayisyen

Medya

- Espas FM
- Kafe Filo (Okap)
- Majik 9
- Planèt Kreyòl
- Radio Explosion (Gonayiv)
- Radio Lumière
- Radio Melodi
- Radio New Star
- Radyo Edikatif
- Radyo Entrepid (Gonayiv)
- Radyo Melodi FM
- Radyo Nasyonal (RNH)

- Radyo Pasyon FM
- Radyo Priyorite
- Radyo San Sousi (Okap)
- Radyo Tele Kiskeya
- Radyo Televizyon Ginen (RTG)
- Radyo Televizyon Karayib (RTVC)
- Radyo Televizyon Siyal FM
- Radyo Televizyon Pasifik
- Radyo Translasyon FM
- Radyo Vizyon 2000
- Radyo Vizyon 2000 (Okap)
- Scoop TV
- Tele Métropole
- Télévision Nationale d’Haïti (TNH)

Lis Enstitisyon piblik ki te ofri lokal pou rankont

- BNE
- Ministè Kilti
- MUPANAH
- Palè Sansousi (Milo)
- Teyat Nasyonal
- Meri Wanament
- EFACAP (Tigwav)

Inivèsite, fakilte ak kanpis ki te apiye demach la

- Fakilte Dwa (Okap)
- IERAH / ISERS
- Kanpous Anri Kristòf (Limonad)
- FLA (Fakilte Lengwistik Aplike)

Lekòl ki te akeyi AKA

- Lekòl Marie Esther (Pòtoprens)
- Lise Filip Gèrye (Okap)
- Lise Jèn Fi (Pòtoprens)
- Lise Petyonvil (Petyonvil)
- Lise Tousen (Pòtoprens)
- Kolèj Marie-Anne (Boudon)

Epi plizyè lòt lekòl (nan zòn Pòtoprens)

ANÈKS 2 : Òganigram AKA



AKADEMI KREYÒL AYISYEN
ÒGANIGRAM



ANÈKS 3: Konsèy administrasyon (depi 2014)

Desanm 2014 – Desanm 2016:

Prezidan	Jean Pauris JEAN BAPTISTE
Vis-Prezidan	Rogéda Dorcé DORCIL
Sekretè Jeneral	Pierre Michel CHÉRY
Konseye	Jocelyne TROUILLOT L. Marie Rodny LAURENT E. Marky JEAN PIERRE Michel A. F. DEGRAFF

Desanm 2016 – Desanm 2018:

Prezidan	Jean Pauris JEAN BAPTISTE
Vis-Prezidan	Marie Rodny LAURENT E.
Sekretè Jeneral	Pierre Michel CHÉRY
Konseye	Pierre André PIERRE Gérard-Marie TARDIEU Michel-Ange Hyppolite Adeline Magloire CHANCY

Desanm 2018 – Desanm 2020:

Prezidan	Pierre André PIERRE
Vis-Prezidan	Michel Frantz GRANDOIT
Sekretè Jeneral	Guy Gérald MENARD
Konseye	Emmanuel Michel Bazile Marie Jocelyne TROUILLOT Michel-Ange Hyppolite Rosilia FRANÇOIS CORNEILLE.

Desanm 2020 – Desanm 2022:

Prezidan	Pierre André PIERRE /Rogéda Dorcé DORCIL
Vis-Prezidan	Michel Frantz GRANDOIT
Sekretè Jeneral	Rogéda Dorcé DORCIL /Jean Grégory CALIXTE
Konseye	Emmanuel Michel BAZILE Rosilia FRANÇOIS C. Samuel JEAN-BAPTISTE André Serge BELLEGARDE

Desanm 2022 – Desanm 2024:

Prezidan	Rogéda Dorcé DORCIL
Vis-Prezidan	Rosilia FRANÇOIS CORNEILLE
Sekretè Jeneral	Jean Grégory CALIXTE
Konseye	Marky JEAN PIERRE Norah A. JEAN FRANÇOIS Samuel JEAN-BAPTISTE André Serge BELLEGARDE

Anèks 4: Lis Akademisyen yo:**Premye kòwòt (desanm 2014):**

- | | | | |
|---|-------------------------|----|---------------------------|
| 1 | Adeline MAGLOIRE CHANCY | 10 | Fritz DESHOMMES |
| 2 | André Serge BELLEGARDE | 11 | Gérard Marie TARDIEU |
| 3 | C. Claude PIERRE | 12 | Gesner JEAN PAUL |
| 4 | Christophe P. CHARLES | 13 | Guy Gérald MENARD |
| 5 | Clotaire SAINT-NATUS | 14 | Jacques Max MANIGAT |
| 6 | Emmanuel C. PLANCHER | 15 | Jean Grégory CALIXTE |
| 7 | Emmanuel Michel BAZILE | 16 | Jean Pauris JEAN BAPTISTE |
| 8 | Féquièrè VILSAINT | 17 | Joseph Sauveur JOSEPH |
| 9 | Frénand LEGER | 18 | Marie Jocelyne TROUILLOT |

- 19 Marie Marcelle B. RACINE
- 20 Marie Rodny E. LAURENT
- 21 Marky JEAN PIERRE
- 22 Max Gesner BEAUVOIR
- 23 Michel A-F. DEGRAFF
- 24 Michel Frantz GRANDOIT
- 25 Michel-Ange HYPPOLITE
- 26 Nicolas ANDRE

- 27 Odette ROY FOMBRUN
- 28 Pierre André PIERRE
- 29 Pierre Michel CHERY
- 30 Rochambeau LAINY
- 31 Rogéda Dorcé DORCIL
- 32 Samuel JEAN BAPTISTE
- 33 Wilner DORLUS

Dezyèm kòwòt (fevriye 2018):

- 1 Dominique BARTHELEMY
- 2 Ernst MIRVILLE
- 3 Paul ANTOINE

- 4 Rachel BEAUVOIR D.
- 5 Rachele CHARLIER DOUCET
- 6 Rosilia FRANÇOIS C.

Twazyèm kòwòt (jen 2022):

- 1 Al Duniel DIMANCHE
- 2 Altagrace PAYEN AUGUSTE
- 3 Chantal HIRSCH NOEL
- 4 Jean Robert PLACIDE
- 5 Lyonel DESMARATTES

- 6 Marie Jeanne L. LOUIS-CHARLES
- 7 Norah A. JEAN FRANÇOIS
- 8 Régine DUROSKA-MURRAY
- 9 Sandra DUVAL
- 10 Yvon LAMOUR

Anèks 5

Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen



Paraissant
du Lundi au Vendredi

JOURNAL OFFICIEL DE LA REPUBLIQUE D'HAÏTI

DIRECTEUR GENERAL
Fritzner Beauzile

169^e Année No. 65

PORT-AU-PRINCE

Lundi 7 Avril 2014

SOMMAIRE

- *Promulgation de la Loi portant Création de l'Académie du Créole Haïtien.*
- *Avis autorisant le fonctionnement des Sociétés Anonymes dénommées:*
 - « 5C CONSTRUCTION S.A. »
 - « PETIGO PHARMA S.A. »
- *Acte constitutif et Statuts y annexés.*

LIBERTÉ

ÉGALITÉ
RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

FRATERNITÉ

AU NOM DE LA RÉPUBLIQUE

Par les présentes,

Le Président de la République ordonne que la Loi portant création de l'Académie du Créole haïtien, votée par le Sénat, le lundi 10 décembre 2012, et par la Chambre des députés, le mardi 23 avril 2013, soit revêtue du sceau de la République, imprimée, publiée et exécutée.

Donné, au Palais National, à Port-au-Prince, le 20 mars 2014; An 211^e de l'Indépendance.

Par le Président:

Michel Joseph MARTELLY

LIBERTÉ

ÉGALITÉ
RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

FRATERNITÉ

CORPS LÉGISLATIF

LOI No.....

LWA POU KREYASYON AKADEMI KREYÒL AYISYEN AN

KONSIDERASYON

Lè nou konsidere atik 5, 24-3, 40, 213 Konstitisyon 1987 amande a;

Lè nou konsidere entwodiksyon Konstitisyon 1987 amande a;

Lè nou konsidere Sikilè 31 janvyè 1980 Ministè Lèvasyon Nasyonal te voye nan tout lèkòl pou montre kijan pou ekri Kreyòl Ayisyen an;

Lè nou konsidere reyalyte lengwistik peyi d'Ayiti kote tout popilasyon an pale kreyòl, konprann kreyòl epi viv tout lavi li an kreyòl;

Lè nou konsidere dwa popilasyon an genyen pou li viv nan lang li san rezèv kit se nan pale kit se nan ekri;

Lè nou konsidere pwoblèm edikasyon nan peyi d'Ayiti se yon baryè pou popilasyon ayisyen an fè devlopman politik, ekonomik, sosyal peyi a;

Lè nou konsidere edikasyon ak alfabetizasyon popilasyon ayisyen an dwe fèt nan lang li;

Lè nou konsidere Leta dwe sèvi ak lang kreyòl la nan plizyè domèn tankou domèn lasyans ak teknoloji;

Lè nou konsidere se responsablite Leta ayisyen pou li asire pwogrè ak devlopman popilasyon ayisyen an nan tout sans;

Lè nou konsidere Leta ayisyen dwe veye pou tout enstitisyon prive kou piblik bay popilasyon ayisyen an sèvis nan lang kreyòl;

Lè nou konsidere Leta ayisyen gen responsablite pou li kreye enstitisyon ki pèmèt lang kreyòl la devlope pou fasilite entegrasyon tout popilasyon ayisyen an;

Lè nou konsidere nesosite pou Leta kreye Akademi Ayisyen an, ba li estati, misyon ak fonksyon li, jan Konstitisyon 1987 la mande li;

Lè nou konsidere Akademi Ayisyen an se yon enstitisyon nasyonal ki gen konpetans pou travay sou lang kreyòl la jan konstitisyon an mande li;

Lè nou konsidere Akademi Ayisyen an dwe garanti dwa lengwistik tout Ayisyen sou sa ki konsène lang kreyòl la;

Lè nou konsidere deklarasyon «Komite Inisyativ pou mete Akademi Ayisyen an kanpe» nan dat 28 oktòb 2010, ki mande kreyasyon Akademi Ayisyen an jan atik 213 Konstitisyon peyi a egzije l;

Lè nou konsidere rezolisyon «Kòlòk Entènasyonal sou Akademi Ayisyen an» nan dat 29 oktòb 2011, kote divès enstitisyon nan peyi a mete yo dakò sou wòl, òganizasyon ak fonksyonman Akademi Ayisyen an;

Lè nou konsidere ke yon Akademi Kreyòl Ayisyen ap fasilite aksè a konesans inivèsèl;

Pou tout rezon sa yo e apre yon seri konsiltasyon avèk plizyè sektè enterese nan zafè sa a, prensipalman «Komite Inisyativ pou mete kanpe Akademi Kreyòl Ayisyen an», nou menm Senatè Jean William JEANTY, Westner POLYCARPE, Jean Maxime ROUMER, Francois Lucas SAINVIL, Simon Dieuseul DESRAS, Jean Baptiste BIEN AIME, Riché ANDRIS, Joseph Joel JOHN, Pierre Franky EXIUS nou pwopoze epi Kò Lejislatif vote lwa sa a:

TITI

DISPOZISYON JENERAL

CHAPIT I: NON AK SYÈJ AKADEMI AN

- Atik 1-** Lwa sa a kreye «Akademi Kreyòl Ayisyen an» jan Konstitisyon 1987 amande a mande l nan atik 213 ak 214-1.
- Atik 2-** Syèj ofisyèl *Akademi Kreyòl Ayisyen an* nan Pòtoprens. Konsèy Akademisyen yo ka decide transfere li nenpòt kote sou teritwa nasyonal la si sa nesèsè.

CHAPIT II

ESTATI AK MISYON AKADEMI AN

- Atik 3-** *Akademi kreyòl Ayisyen an* se yon enstitisyon leta. Li endepandan e li kouvri tout peyi a. Li gen karaktè administratif, kiltirèl ak syantifik.
- Atik 4-** *Akademi Kreyòl Ayisyen an* se yon enstitisyon leta ki gen konpetans pou li travay sou lang kreyòl la jan Konstitisyon 1987 amande a egzije l. Li la pou garanti dwa lengwistik tout Ayisyen sou tout sa ki konsène lang kreyòl la.

<< LEMONITEUR >>

No. 65 - Lundi 7 Avril 2014

Atik 5- *Akademi Kreyòl Ayisyen an se referans pou lang kreyòl la nan peyi d'Ayiti, kit nan pale, kit nan ekri, nan enstitisyon leta kou prive.*

Atik 6- *Akademi Kreyòl Ayisyen an-gen pou li:*

- a) *Pran tout dispozisyon pou tout enstitisyon leta kou prive fonksyone nan lang kreyòl la selon prensip, regleman ak devlopman lang nan;*
- b) *Pran tout dispozisyon pou ankouraje enstitisyon ak moun k ap pwodui nan lang kreyòl la suiv prensip ak regleman lang nan;*
- ch) *Pran tout dispozisyon pou ede popilasyon ayisyen an jwenn tout sèvis li bezwen nan lang kreyòl la;*
- d) *Pran tout dispozisyon pou ede epi ankouraje tout biwo leta - kit se pouvwa egzektif, kit se pouvwa legislatif, kit se pouvwa jidisyè - respekte Konstitisyon an nan zafè lang;*
- e) *Sèvi kòm referans pou lang kreyòl la pou tout sa ki konsène estandadizasyon lang nan kit se nan peyi d'Ayiti kit se nan lòt peyi kote Ayisyen yo tabli;*
- f) *Fè tout sa ki nesèsè pou Ayiti jwe wòl li kòm lidè nan monn kreyolofòn nan.*

Atik 7- *Akademi Kreyòl Ayisyen an granmoun tèt li devan Lajistis, li responsab tèt li nan zafè jesyon, administrasyon ak finans.*

Atik 8- *Leta ayisyen dwe mete tout mwayen finansye ak tout resous nesèsè pou Akademi Kreyòl Ayisyen an fonksyone kòm sadwa.*

Atik 9- *Akademi Kreyòl Ayisyen an gen dwa chèche lajan epi resevwa tout lòt kalite resous li bezwen pou li fonksyone.*

Atik 10- *Akademi Kreyòl Ayisyen an ap jere finans ak resous li yo selon prensip kontablite piblik.*

TIT II

TRAVAY AKADEMIAN

Atik 11- *Akademi Kreyòl Ayisyen an genyen misyon pou li :*

- a) *Fè tout sa ki nesèsè pou ankouraje pwodiksyon nan lang kreyòl ;*

- b) Ankouraje eksperyans pèp la ap fè nan dekouvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon l ap fè an kreyòl, kit se pwodiksyon oral, kit se pwodiksyon ekri;
- ch) Fè tout sa ki nesèsè pou fè kreyòl la gen bonjan reyònmak ak prestij nan je popilasyon ayisyen an ak nan je lòt popilasyon yo ;
- d) Travay epi siveye pou gen relasyon ki byen balanse nan jan enstitisyon yo ap sèvi ak lang yo nan sosyete a;
- e) Travay pou enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl;
- f) Fè pwopozisyon sou fason moun kapab sèvi ak lang kreyòl la nan komunikasyon piblik nan peyi a;
- g) Ankouraje travay sou devlopman zouti tankou gramè, diksyonè, leksik nan tout domèn ;
- h) Ankouraje travay sou pwogram fòmasyon teknik pou tout sektè ki bezwen fòmasyon avanse nan lang kreyòl;
- i) Fè envantè tout moun k ap travay sou lang kreyòl ak espesyalis nan tout domèn k ap pwodui nan lang kreyòl;
- j) Fè envantè pwodiksyon k ap fèt nan lang kreyòl ak pwodiksyon sou lang kreyòl anndan peyi a kou deyò;
- k) Ankouraje epi pwopoze bonjan travay rechèch sou lang kreyòl la;
- l) Travay pou enstitisyon rejonèl yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon popilasyon kreyolofòn yo.

Atik 12- Nan akonplisman misyon li, Akademi Ayisyen an genyen pou li :

- a) Bay rekonesans piblik, rezilta rechèch ak tout travay ki fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ;
- b) Bay rekòmandasyon sou ankèt ak travay ki dwe fèt sou lang kreyòl la tankou envantè, diksyonè, travay sou sentaks, tèminoloji, leksik, fonoloji, regleman sou òtograf lang nan, ak lòt zouti enpòtan pou lang nan ;

- ch) Bay konsiltasyon epi sèvi referans sou sa ki konsène lang kreyòl la;
- d) Bay rekòmandasyon ki nesèsè sou jan pou yo sèvi ak lang kreyòl, epi sou travay ki dwe fèt pou lang kreyòl la kontinye sèvi popilasyon ayisyen an nan dekoukòvèt, nan kreyasyon, nan pwodiksyon oral oswa ekri;
- e) Pran desizyon ki nesèsè sou sa ki konsène misyon *Akademi kreyòl Ayisyen an*.

TIT III

ÒGANIZASYON AKADEMI KREYÒL AYISYEN AN

CHAPIT I

Atik 13- *Akademi kreyòl Ayisyen an* ap fonksyone ak kat (4) ògàn :

- a) Yon Konsèy Akademisyen;
- b) Yon Konsèy Administrasyon;
- ch) Yon Konsèy Konsiltatif;
- d) Yon Sekretarya Egzekitif.

Seksyon 1: Misyon ak travay Konsèy Akademisyen an

Atik 14- Konsèy Akademisyen an se pi gwo otorite Akademi Kreyòl Ayisyen an. Se li ki dwe bay oryantasyon pou Akademi an fonksyone kòm sadwa.

Atik 15- Konsèy Akademisyen an gen pou li:

- a) Defini politik jeneral Akademi an;
- b) Fè eleksyon pou chwazi manm Konsèy Administrasyon yo;
- ch) Pran desizyon kraz konsèy Administrasyon an si sa ta nesèsè apre dizon 2/3 nan Konsèy Akademisyen an;
- d) Konvoke Konsèy Administrasyon an pou mande li rann kont sou travay l ap fè.

Souseksyon 1.1- Fonksyonman Konsèy Akademisyen an

Atik 16- Konsèy Akademisyen an reyini chak ane nan seyans òdinè sou envitasyon Konsèy Administrasyon an, epi nan seyans ekstwòdinè chak fwa sa nesesè.

Atik 17- Konsèy Akademisyen an kapab pran desizyon kòm sadwa lè 2/3 pou piti nan manm li yo prezan nan seyans lan. Si yo pa jwenn kowòm, Konsèy Akademisyen an ap reyini nan yon delè 15 jou fran. Si apre de (2) seyans yo pa rive jwenn kowòm, Konsèy Akademisyen an kapab pran desizyon kèlkeswa kantite manm li ki prezan.

Atik 18- Pou yon desizyon nan Konsèy Akademisyen an pase, fòk majorite manm ki prezan nan seyans lan vote pou li (sa vle di mwatye manm konsèy Akademisyen an plis youn).

Souseksyon 1.2: Kondisyon, kantite, reprezantasyon ak manda Akademisyen an.

Atik 19- «Akademisyen» se yon tit onorifik. Moun ki gen tit «Akademisyen» p ap travay pou lajan, li pa gen salè, jan atik 214 Konstitisyon 1987 amande a mande li.

Atik 20- Pou yon moun vin gen tit Akademisyen, li dwe:

a) Ayisyen, fi kou gason ;

b) Gen 40 lane pou pi piti ;

ch) Ap jwi dwa sivil ak politik li, epi li pa gen pwoblèm ak lajistis ;

d) Moun ki travay, ki fe rechèch nan lang kreyòl la osnon sou lang kreyòl la; ki pwodui an kreyòl osnon sou lang kreyòl bon jan travay ki gen bon jan valè pou avansman ak devlopman lang kreyòl la;

d) Moun sosyete a deja rekonèt zèv li ap fè pwomosyon pou avansman lang kreyòl la.

Atik 21- Kantite Akademisyen yo nan *Akademi Kreyòl Ayisyen* an se 33 pou pi piti. 55 pou pi plis.

Atik 22- Akademisyen yo ap soti toupatou nan peyi a nan tout domèn. Se enstitisyon ki ap travay sou lang kreyòl la k ap pwopoze moun sa yo.

Atik 23- Se enstitisyon ki fòme « Komite Inisyativ pou mete *Akademi Kreyòl Ayisyen* an kanpe » ak enstitisyon ki te aktif nan òganize Kòlòk oktòb 2011 lan, k ap gen pou chwazi premye manm yo nan lis yo va resevwa. Enstitisyon sa yo se:

- Inivèsite Leta d Ayiti;
- Minisè Levasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl;
- Minisè Kilti;
- Fakiltè Lengwistik Aplike (FLA);
- Jounal Bòn Nouvel;
- Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen;
- Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS).

Atik 23-1- Se Konsèy Akademisyen an ki ap genyen pou chwazi lòt manm ki pou rantrè yo.

Atik 24- Akademisyen yo kapab sòti nan nenpòt sèktè, nan nenpòt kotè nan peyi a, depi yo respekte kondisyon ki nan atik 20 an.

Atik 25- Yon moun Akademisyen pou lavi diran, tout Akademisyen se manm Konsèy Akademisyen an. Yon Akademisyen pèdi tit li le li pèdi dwa sivil ak politik li, lè li pa respekte prensip etik Akademi an tabli.

Atik 26- Si yon Akademisyen demisyone, oubyen mouri, oubyen gen gwo pwoblèm sante ki fè li pa ka fonksyone, Konsèy Akademisyen an ap gen pou ranplase l dapre regleman entèn Akademi an.

Atik 27- Konsèy Akademisyen an ap tabli regleman fonksyònman entèn li ak yon Kòd etik li jan lalwa mande li.

Seksyon 2: Misyon, fonksyònman ak travay Konsèy Administrasyon an

Atik 28- Konsèy Administrasyon fòme ak sèt (7) Akademisyen ki sòti nan eleksyon ki fèt anndan Konsèy Akademisyen yo. Manm Konsèy Administrasyon an p ap travay pou lajan men yo va genyen prim pou reyinyon.

Atik 29- Konsèy Administrasyon an sèvi entèmedyè ant Konsèy Akademisyen an ak Sekretarya Egzekitif la.

Atik 30- Konsèy Administrasyon an gen pou li:

- a) Bay oryantasyon estratejik;
- b) Apwouve plan Aksyon Sekretarya Egzekitif la;
- ch) Apwouve bidjè Akademi an selon bezwen chak sèvis;
- d) Sanksyone rapò Sekretarya Egzekitif la;
- e) Bay dizon li sou regleman entèn Akademi an;
- f) Pran tout kalite mezi pou asire bon fonksyonman Akademi an;
- g) Prezante rapò travay li bay Konsèy Akademisyen an.

Atik 31- Konsèy Administrasyon an gen pou li reyini chak twa (3) mwa. Nan dènye reyinyon pou lane a, li ap envite reprezantan twa pouvwa yo (egzekitif, lejislatif, jidisyè) kòm obsèvatè.

Seksyon 3 : Konpozisyon ak wòl Konsèy konsiltatif la

Atik 32- Konsèy Konsiltatif la ap gen de (2) kalite manm : yon ekip espesyalis ayisyen kou etranje ki reprezante divès rejyon, yon ekip moun ki reprezante divès enstitisyon sosyal. Tout se moun ki ap travay pou pwomosyon lang kreyòl nan tout kominote nan peyi a tankou nan peyi etranje.

Atik 33- Wòl Konsèy Konsiltatif la se bay Konsèy Administrasyon an dizon li sou travay ekip teknik la, sou kijan Akademi an ap mache, sou oryantasyon Akademi an.

Atik 34- Se Konsèy Akademisyen an ki chwazi manm Konsèy Konsiltatif la sou baz nivo eksperyans yo nan domèn travay yo ak nan pwodiksyon nan lang kreyòl la.

Seksyon 4: Misyon, konpozisyon ak travay Sekretarya Egzekitif la

Atik 35- Sekretarya Egzekitif la se ògàn egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen an.

Atik 36- Misyon Sekretarya Egzekitif la se asire jesyon estratejik Akademi an an pèmanans.

Atik 37- Sekretarya Egzekitif la gen yon Sekretè egzekitif ki gen divès sèvis teknik sou responsablite li.

Atik 38- Aksyon Sekretarya Egzekitif la angaje Akademi an devan lajistis.

Atik 39- Sekretè Egzekitif la ap reponn devan lajistis pou Akademi an.

Atik 40- Travay Sekretarya Egzekitif la se :

- a) Asire jesyon ak bon fonksyonman Akademi an;
- b) Fè pwopozisyon bay Konsèy Administrasyon an sou jan pou yo sèvi ak bidjè Akademi an selon bezwen chak sèvis;
- ch) Asire nominasyon pèsònèl Akademi an ;
- d) Asire aplikasyon rezolisyon ak desizyon Konsèy Administrasyon an;
- e) Mande Konsèy Administrasyon an pou òganize seyans ekstwodinè si sa nesesè ;
- f) Reprézante Akademi an nan peyi a tankou nan lòt peyi ;
- g) Tabli rapò ak lòt enstitisyon depi sa nesesè ;
- h) Patisipe nan reyinyon Konsèy Administrasyon an, men li p ap gen dwa vote.

Atik 41- Sekretarya Egzekitif la ap monte divès seksyon ak sèvis pou asire fonksyonman Akademi an.

CHAPIT II

ÒGÀN PIBLIKASYON

Atik 42- *Akademi Kreyòl Ayisyen* an kreye yon ògàn piblikasyon ki rele «Bilten Akademi Kreyòl la». «Bilten Akademi Kreyòl la» ap sèvi pou pibliye ansanm dispozisyon, rezolisyon ak desizyon Akademi an pran sou lang kreyòl ayisyen an.

Atik 43- «Bilten Akademi Kreyòl la» ap parèt yon fwa chak ane.

Konsèy Akademisyen an ka deside fè piblikasyon espesyal si sa nesesè.

TIT IV

RELASYON AKADEMI AN AK LÒT ENSTITISYON LETA YO

- Atik 44-** *Akademi Kreyòl Ayisyen an* se yon enstitisyon ki transvèsal, se pou sa li ap gen pou li tabli akò kolaborasyon ak tout ministè ki gen yon wòl pou yo jwe nan travay Akademi an.
- Atik 45-** Desizyon *Akademi Kreyòl Ayisyen an* pran ap pibliye nan jounal Le Monitè, nan Bilten Akademi an epitou Laprimati ap mete yo sou fòm sikilè pou tout administrasyon piblik la.
- Atik 46-** Chak lane, *Akademi Kreyòl Ayisyen an* ap fè yon rankont travay ak chak pouvwa yo separeman: youn ak Palman an, youn ak Pouvwa Jidisyè a epi youn lòt ak Pouvwa Egzekitif la sou travay yo fè pandan lane a, pou pataje satisfaksyon ak pwoblèm yo genyen - youn pa rapò ak lòt - epi pou diskite sou bidjè Akademi an.

TIT V

DISPOZISYON TRANZITWA

- Atik 47-** Akademi Kreyòl Ayisyen an gen pou li veye:
- a) Pou tout fonksyonè leta jwenn fòmasyon nan lang kreyòl, nan yon delè 3 lane;
 - b) Pou tout lwa yo tradui nan lang kreyòl nan yon delè ki pa depase 3 lane;
 - ch) Pou Palman an vote tout lwa yo ni an kreyòl ni an fransè nan yon delè 6 mwa;
 - d) Pou Leta pran angajman pou tout anplwaye li yo ak tout administrasyon li yo kapab fonksyone nan lang kreyòl.


TIT VI

DISPOZISYON FINAL

- Atik 48-** Lwa sa a anile tout Lwa ak Dispozisyon Lwa, tout Dekrè Lwa ak Dispozisyon Dekrè Lwa, tout Dekrè ak Dispozisyon Dekrè ki depaman ak li.

Atik 49- Lwa sa a gen pou pibliye epi pou aplike san pèdi tan sou tout teritwa nasyonal la.


Vote nan Sena Repiblik la, jou ki lendi 10 desanm 2012, nan 209èm ane Endepandans lan.



Simon Dieuseul DESRAS
Prezidan



Steven Irvenson BENOIT
Premye Sekretè




Joseph Joel HAITIN
Dezyèm Sekretè

Vote nan Chanm Depite a, jou ki madi 23 avril 2013, nan 210èm ane Endepandans lan.




Gluck THEOPHILE
Premye Sekretè



Jean Thobert ALEXIS
Prezidan





Ogline PIERRE
Dezyèm Sekretè

Atik 213 Konstitisyon 1987 la prevwa pou Leta kreye yon akademi pou kore devlopman lang kreyòl la. Se nan lane 2008, plis pase ven (20) lane apre adopsyon konstitisyon an, Inivèsite Leta Ayiti te pran inisyativ pou li mete kanpe komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an ki te gen ladan li reprezantan divès enstitisyon, prive kou piblik. Konsa, soti 27 pou rive 29 oktòb 2011, komite a òganize yon kòlòk entènasyonal ki mobilize divès espesyalis nan edikasyon, sosyoloji, antwopoloji, lengwistik, sikoloji, elatriye.

Twa (3) jou kòlòk la te dewoule sou tèm “Akademi Kreyòl Ayisyen: ki pwoblèm ? ki avantaj ? ki defi ? ki avni ?” Kòlòk sa a te rive mete tout moun dakò sou wòl, òganizasyon ak fonksyonman Akademi an ta dwe genyen. 10 desanm 2012, Sena Repiblik la vote lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an. 23 avril 2013 Chanm Depite a vote l tou.

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)

20, Avni Lamartinière (Bwa Vèna) HT6114 Pòtoprens, Ayiti.

Telefòn: (+509) 3333-0815 / 3333-0816 / 3333-0817

Imel: enfòmasyon@akademikreyol.net

Sitwèb: www.akademikreyol.net

